Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

**МухIамад ПАТАХIОВ:**
**«РагIи лъугIаралъуб магIу баккила,**
**ЛъикIлъи камуралъуб квешлъи рещтIина»**



5/2022
сентябрь - октябрь







# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана
1952 соналда
Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**5**

**2022**

**сентябрь - октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургьалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

Гъудуллъиялъул иццал.........................................................................................................3

**МУХIАМАД ПАТАХIОВАС 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**МухIамад ПАТАХIОВ.** Сабру. Ккаралъуб бицараб берцинаб рагIи. ТIутIазда тIадцин ихтияр гьечIев хан. ГIурччинал кагътазул кунчIи чIварабго, чIахIиял чагIицин гIисинлъулел куц….....5

**ШАГIИРАСУЛ ВАТIАН – НЕКIСИЯБ СИВУХЪ**

**КъурбангIали ПАТАХIОВ**. Хунзахъ районалъул Сивухъ росдал тарихалдаса….................12

**ФАЗУ ГIАЛИЕВАЛЪ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**Залму Батирова.** Лъалейги лъаларейги Фазу …..........................................….............………16

**МУХIАМАД ГIАБДУЛГIАЗИЗОВАС 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**МухIамад МухIамадов.** МухIамад ГIабдулгIазизовасул гьунаралъул лахIзатаб даимлъи…36

**УМАРАГЬИ САЛИХIОВАЛЪ 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**Умарагьи СалихIова**. Дун йиго гIадатияй магIарулай……..........................………………..44

**МухIамад МухIамадов**. Умарагьи СалихIовалъул шигIрабазул роржен…..........................… 52

**ДИЕ БОКЬИЛААН, СУСУР КИНИГИН,**
**СВЕРУДАСА КВЕШЛЪИ НАХЪЕ ЧIАРАЗЕ**

**ТIагьират Жаватханова**. Бегуниса сверулеб буго гьанже дуниял…..................................... 58

**НУС-НУС ЧИЯСДА ДАНДЕ ЦО-ЦО МУРИД ВАГЪАНА**

**Шагьри ХIажилова.** Гъазават…………....................................................................................... 61

**МУХIАМАДКАМИЛ ГЬИМАТОВАС 80 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

РекIелъ щурщударал шигIраби…..............................................................................................68


---


*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №5 2022 г.**
*сентябрь - октябрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 10.10. 2022 г.
Тираж 693 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 1290 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## *Редакторасул калам*

### *ГЪУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ ИЦЦАЛ*

***Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Гьале дагь-дагьккун рагIалде бакIарулеб буго 2022 сон. Нилъер киназулго ракIазулъ ва дугIабазулъ руго ВатIан цIунулел васал ва нилъер улкаялъе бергьенлъи гьарулеб буго. «ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, тIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро», – абурал авар адабияталъул классикасул рагIабиги жакъа цIакъго гIагарлъун руго нилъее. Украина неофашизмалдаса эркен гьабулаго, къадаралде щваразе Аллагьас алжан насиб гьабеги, цогидал бергьенлъигун тIадруссаги.***

***Сентябрь-октябрь моцIаздаги рукIана гIезегIан литературиял тадбирал. ЛъагIилухъ тIобитIана Дагъистаналъул халкъияв шагIир, драматург ва прозаик ГIабасил МухIамадица 90 сон тIубаялде гьабураб лъикIаб данделъи. ГIабасил МухIамадил цIар кьуна Хунзахъ росдал къватIалъе. МахIачхъалаялъул къватIалъеги гьесул цIар кьезе хIисабалде босун буго.***

***Сентябралъул ахиралда Ставрополь краялда гIуцIана «Гъудуллъиялъул иццал» абураб Россиялъул регионазда гьоркьосеб фестиваль. Гьелда гIахьаллъарал дора гIумру гьабун ругел дагъистаниязе нилъер «Гъудуллъи» журналалъул экземплярал сайгъат гьаризеги рес щвана.***

***Октябралда Болъихъ росулъ букIана «РекIел ахIи» абураб магIарул хъвадарухъабиги гIахьаллъараб данделъи. АдабиятIалдехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ баркала загьир гьабула Болъихъ районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовасе ва Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиевасе. Аллагьас гьезиеги цоги районазул ва шагьаразул церехъабазеги, щивав магIарул чиясеги тавпикъ кьеги миллиябщиналъул рахъккевзе, авар мацI цIунизе, «Гъудуллъи» журналалъул гьудулзаби цIикIкIинаризе.***

***Исана 60 сон тIубала Дагъистаналъул машгьурав шагIир МухIамад ПатахIов гьавуралдаса. Гьунар тIокIав поэт, хъвадарухъан, публицист, жамгIияв хIаракатчи, гIемерал соназ Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар адабияталъул секциялъе нухмалъи гьабурав, «Гъудуллъи» журналалъул редакторлъун вукIарав, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб ва ХъахIабросулъа МахIмудил жамгIияб шапакъатазул лауреат, жиндир мунагьал чураяв МухIамад ПатахIовасул «ГIакълуялъул дандерижи» абураб тIехьалда данде гьарун руго гьес хъварал гъваридал харбилал асаралги.***

Биценаздасан ва рекалабаздасан данде гьабураб гьеб тIехь лъугьун буго кIудияб даражаялъул адабияталъул мажмугIлъун. КIудиял, гъваридал, пасихIал ва гIужилал пикраби жанире росун руго рекалабаз, кIижугьабаз. Авар адабияталда Инхоса ГIали-хIажиясго кьучI тIамураб гьеб къагIида, жанр жеги цебетIезабун буго ПатахIовас. ЦIияб тIехьалъе мустахIикъаб къимат кьун, цебераглIи хъван буго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас.

Чанги магIарул росдае гIаммаб гIузру загьир гьабулеб буго МухIамад ПатахIовасул цIияб тIехьалда бугеб гьаб кIиго мухъалъ:

Хабалалъ гIадинаб сихIкъотIи буго

Росдал годекIаниб. – БакIлъи щиб алъул?!

МагIарулазул жакъасеб хIалалъул цо кIвар бугеб рахъ бихьизабулеб буго гьеб кIижугьаялъ. Росаби чIороголъиялъул, рихьхиялъул, рехун теялъул унти ккун буго МагIаруллъиялда. Гьеб суал борхун буго шагIирас. Гьединал, пикру гъваридал, рекIелъе рортулел, такрарлъи гьечIел, гIицIго МухIамад ПатахIовасе хасиятаб къагIидаялда хъварал асарал руго «ГIакълъуялъул дандерижи» тIехьалда. МухIамад ПатахIов ракIалде щвезавиялъул тадбирал тIоритIизеги хIисабалде босун буго.

Хирияб Къуръаналъул тIоцебесеб аят рещтIун буго: «ЦIале!» – абун. ЦIализе халкъалъе тавпикъ кьеги, саламатал асарал хъвазе саламатал хъвадарухъабазеги тавпикъ кьеги, гьезул магIна босун, магIнаяб гIумру гьабизе цIалдолезеги къуват кьеги. Рохалил гурони, хабар тIаде бачIине хъван батугеги. Амин.

МухIамад ПАТАХIОВ

## САБРУ

*(ункъо бицен)*

1.

БукIанила мадугьалихъ бугеб кIиго росу. ДагIба-рагIи кьалде сверун, цояб росулъа гIолохъанчияс чIванила цогияб росулъа гIолохъанчи. Рахъанилаха чIварасул гIагарлъиги, гьеб росдал цоги гIолохъабиги ахIуд. Дол цоялги гIенеккун чIелищ, рачIанила гьезулалги. Гьоркьоб дагьаб гурони манзил гьечIого, гьанже гурони гьанже цоцазде инин кколеб хIалалъ хIалуцун букIанила кIиябго къукъа. Циндаго, дов чIаго хутIарав гIолохъанчиги цадахъ вачун, цевегIан вачIанила гьесул эмен ва абунила:

- Дир васасул квердасан хун вуго живго гIадав гIолохъанчи. Гьелдаса вохарав чи, нужерго гIадин, нижерги гьечIо. Дица дирго вас кьолев вуго чIварасул гIагарлъиялъухъе къисас босизе. Гьелдалъун ккара-тарабги кIиябго жамагIаталда кIочон те, Аллагьасул хIукмуялдаги разилъун, цебего гIадин, гьудуллъи-божилъиялда нилъги рукIине руго.

Боржунеб тIотIол сас рагIулеб гIадаб сихIкъотIи лъугьанила сверухълъиялда. Киназдаго ккун букIанила, гьес абуралдаги разилъун, дов чIварав васасул инсуца яги гьесул вацазул цояс гьадав гIолохъанчи чIвалилан. Амма кканила гьезда ракIалда букIинчIеб жо. Инсудаги васасдаги аскIове вачIанила чIварав гIолохъанчиясул эмен. Гьес ракIчIараб, борхатаб гьаракьалдалъун абунила:

- Вагъизе ккун вуго кIиго гIолохъанчи. Гьелъие гIилла щиб букIарабали лъаларо. Лъазабизе нилъги лъугьинаро. Квер цебе ккун, гьав гIолохъанчиясдасан дир вас хун вуго. Гьесдаса гьав васасул щибниги тIокIлъиги дида бихьулеб гьечIо. Рес букIана дос гьав чIвазеги. Дир васасул талихI къун буго, гьав цоясе икъбал ккун буго. Гьанже гьелда гьабизе жо гьечIо. Дун гьасда тIаса лъугьарав вуго, цоцазда тушманлъи лъазабизеги хIажат гьечIо. Бокьиларо дие, гьаб лъугьа-бахъиналъе гIоло нилъер жамагIатазда гьоркьоб кьватIел ккезе. Нилъер кIиябго росу, цебего гIадин, божарал мадугьалзабилъун хутIизе ккола.

КIиявго инсуе баркалаги кьун, гьеб къотIиялда киналгоги разилъанила, кIиябго жамагIаталъ лъикIаб адаб-хIурматалда дов гIолохъанчиги вукъанила.

**2.**

Доб, магIарулал Гуржиялъе чабхъад хьвадулеб заманалда, Унсоколоса вукIун вуго ГIусманил НурмухIамад абулев, сверухълъиялдаго бахIарчилъи-ялъул цIар рагIарав, цIакъ лебалав бодул цевехъан. Гьесул багьадурлъиялъул хIакъалъулъ гIемерал биценал руго халкъалда гьоркьор тIиритIарал.

Цо тохаб бакIалдасан НурмухIамадида рагIула, гьев чабхъаде араб мехалъ, лъади пуланав гIачивехьасулгун бухьеналда йикIуней йигилан. Божилареб

гIадаб жоялда божизе кIвечIониги, кисан гьеб хабар бижарабали мухIканлъи лъазабизе хIукму ккола гьесул. РикIкIадаб сапаралде унев вугилан лъадудаги абун, къоялъ гIешдерил рохьов свера-тирулевги вукIун, къаси сордо бащалъараб гIадаб мехалда щола ГIусманилав рокъове. Рос тIадвуссинарилан ракIчIарай гьей гIаданги, вокьулевги аскIове ахIун, парахат йикIуна. Доб хабар, чIобогояб гьури-муч гуреб, ракIгъанцIизабулеб хIакъикъат букIин баянлъарав НурмухIамадица, кигIанго жанисан воркьулев вугониги, живго кквезе хIаракат бахъула.

Жийго хадуйги йитIун, ахIула лъадул эменги, вацалги, росдал дибирги. Гьезда цебесан жинцаго цIарги тIамун, гьадав гIачивехьасе гьелъул магьари лъеян буюрула дибирасе. Балъгояб рогьоялъухъ рагьараб къисматги щун, гьел кIиялгоги къватIире уна, расги лъугьинчIеб гIадин рокъов ГIусманил НурмухIамадги парахалъула. (Гьеб биценалъул кьучIалда хъвараб «Сабру» абураб гIезегIан кIудияб поэма буго МухIамад ПатахIовасул. - Ред).

**3.**

Жиндир гIелмуялдалъунги гIакълуялдалъунги цIар рагIарав Сугъралъа ГIабдурахIман-хIажиясул вукIана лъабго вас. Лъабабилев, бищун гьитIинав вас МухIамадхIажи Дагъистаналъулункъабилев имам вукIаравлъиги гьесул къисматги киназдаго лъала. КIиявго кIудияв вас - ХIажимухIамадги АхIмадибирги, тIадегIанаб динияб цIалиги гьабун, цояв Турциялда, цояв ЦIоралда рукIуна шаригIат тIибитIизабулел. Гьоркьор дагьалго къоял гурони инчIого, хун руго гьел битIун завалаб ригьалда ругел гIолохъаби. Гьеб захIматаб камиялъул ругьел бараб кагъат бачIуна ГIабдурахIман-хIажиясухъе. Кагъат цIалулелъул, гьесда аскIор рукIуна гIезегIанго мутагIилзабиги. Устарас абула:

- Дир кьер хисанищ, гIолохъаби? - йилан.

- ХисичIо, - ян жаваб кьола гьез.

- Аллагьасе рецц бугоха, - ян абула гьес, гьурмада кIиябго кверги бахъун. - Дун хIинкъун вукIана, кьер хисун батилилан. Дир васал къадаралде щун ругоха, дир лъимал. Иманалда ккун ратаги гьел. Аллагьас кьун рукIана дие гьел, Гьес нахъе рачунги ун руго. Разиго, тIадаб иш гIадин, къабул гьабизе ккола нилъеца гьеб.

Хадуб гьев лъадухъе рокъове жаниве уна ва абула гьелдаги:

- ПатIимат, цо пуланав чияс нилъехъе цIунизе кьун рукIарал хириял жал нахъе кьеян гьев вачIани, кьезе ккелааницщ?

- Ккела, - ян жаваб кьола гьелъ, росасул гьел рагIабазда нахъа балъголъи букIинги бичIчIун.

- Гьединго буго Аллагьас нилъее кьолеб рахIматги. Кьурал гIадин, лъималги бечелъиги нахъе росизеги хIалкIолъи буго Аллагьасул. Нилъ гьелдаса пашманлъизе, яги рихха-хочизе бегьуларо. Нилъер ХIажимухIамадги АхIмадибирги Аллагьас жиндихъего ахIун руго. Гьелда сабру гьабеха дуца. ГIодиги кIваричIо, гIасиял жалги гьаруге.

КватIичIого сугъулдерил жамагIат бакIаранила гьесул азбаралде. Гьездаги ГIабдурахIман-хIажияс абунила:

- ГIалимзаби хвани, эбел-инсуе камуларо, росдае камула. Дир васалги эбел-инсуе камичIо, росдае камуна. Гьанже нуж парахатго рукIа.

## 4.

ХIажимурадил цIар киса-кибего цIакъ машгъурлъараб мех букIун буго гьеб. Лага-черх битIарав, лъикIаб жигар-жаналъул цо гIолохъанчиясда ракIалде ккун буго гьевгун вагъун бергьине ва гьелдалъун, гьесул бугеб машгъурлъи-цIар жиндиего «босизе». Гьеб мурадгун ХIажимурадихъе щведал, гъасда гIодов чIун ватун вуго гIолохъанчиясда гьев.

- ЧIалгIана дида, ХIажимурадго ХIажимурадилан, киназго, кидаго дуе цIаррецц гьаби. Дудаса къураб жо дир щиб бугеб, - ян абун буго гIолохъанчияс гьесда. - Дица бихьизабила кинав нилъер бахIарчияли. Бокьани заруд, бокьани хвалчад вагъизе вахъа дунгун.

- БахIарчилъи борцине ккани, батIаго рагъизе кколаро, гьудулавчи, - ян гIодове виччан жаваб кьунила ХIажимурадица. - РачIа кIиясго гьале гьаб цIадуде цого къагIидаялъ килщал кквезе. ЦIикIкIун мехалъ бухIи хIехьезе кIварав вукIина нилъер бахIарчи.

Гьеб къотIиялда гIолохъанчиги разилъун, ккунила кIиясго цIадуде килщал.

Заманалдасан гIолохъанчияс туркIун нахъе босанила килищ.

- Гьелеха, дир диналъул вац, - ян абунила ХIажимурадица. - Цоги лахIзаталъ дур сабру гIун букIарабани, дица нахъе босизехъин букIана килищ. Гьеле гьеб цо лахIзаталда бараб жо букIуна бахIарчилъи.

## ККАРАЛЪУБ БИЦАРАБ БЕРЦИНАБ РАГIИ

*(кIиго бицен)*

1.

«Ширазалъул берциналъ дун къираллъун гьавуни,
Дица гьелъий кьелаан Самаркандгун Бухара...»

ГIага-шагарго гьединал жугьаби руго анцIила ункъабилеб къарнуялда вукIарав Ширазалдаса Хафизин абулев шагIирасул.

РагIун руго гьел рагIаби дунялго кверде босизе анищалда вукIарав Рекъав Тимурида. ХIаталдаса ун ццидахун вуго гьев. Бокьаралъуса валагьун, гьел жугьаби ургъарав чи жиндихъе вачеян буюрун буго Тимурица. Гьев вачIинелде боркьун, гьелегьинабун цIаги букIун буго. Вачун вачIун вуго Хафиз. АхIдон вугоха гьесде Тимур, гьалщинал биялги тIун, хIалхьезегIан гIадамалги гъурун, дица рахъарал Самаркандги Бухараги цо щияли лъаларей гIаданалъул кIветIалда бугеб тIанкIалъухъ кьелин абизе мун щив чийин. Гьединаб ихтияр лъицайин дуе кьураб. ГьабсагIат гьагъаб цIадавеги рехун, дица дур рахъу гьабилин.

Хафизица, щибго хIал хисичIого, гьимизеги гьимун, жиндаго тIад букIараб тIутIу-хъухъураб ретIелги бихьизабун, рахIму-цIоб лъаларев гьев чиясда абунила:

— Я, бетIерчIахъаяв ханзабазулги хан, гьединав сахаватав вукIинчIевани, дун гьадинав мискинав вукIинаанищ, — илан.

Бицуна, гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ гьадаб къоялъ гьиманила Рекъав Тимур. Гьадинал гIадамал цIунизе кколилан, къали меседилги кьун, кIудияб адаб-хIурматалда нахъе витIанила гьес Хафиз.

## 2.

Бихьарабила макьилъ цо ханасда жиндирго киналго гIусал-цаби рахъун. Гьебги рекIее гIечIого, жиндирго улка-ракьалда ругел киналго макьаби къотIулел чагIи данде гьарунила гьес. Цо-цоккун гьелги ахIун, макьу бицине хIукму кканила ханасул. АхIанила цояв. Биценила макьу.

- Валлагь, цIакъ квешаб макьу бугоха гьеб, дур бетIерчIахъаяв, - илан абунила гьес. - Кинабго цебесеб гIагарлъиги хун, мун цохIо хутIизе вугин абураб магIна бугоха гьелъул.

- КъотIе хIамил бетIер, - абун ахIданила хан.

КIиабилесулги, лъабабилесулги, хадусезулги къисматалги гьединалго кканила.

ВачIанила ахиралдаги цо хутIарав макьаби къотIулев чи ханасухъе вачун. Биценила гьесдаги гьадабго макьу.

- Гьеб цIакъ лъикIаб, мун вохизе ккараб макьу буго, бетIерчIахъад, - ан абунила гьес ханасда. - Дур хъизан-агьлуялда, гIага-божаразда гьоркьоб бищун гIумру халатав чи мун вугин абураб магIна буго гьелъул. Гьелдасаги кIудияб талихI щиб букIинеб чиясе.

ГIемераб гIарац-меседги кьун, нухда регIанила ханас гьев чи.

- Ханго хан вукIаниги, гIажаибав чини вугоха мун, - ян абунила вазирас ханасда. - Дол цояз бицаралдаги гьадас абуралдаги гьоркьоб батIалъи щиб бугеб? Дозул дуца бутIрул къотIизаруна, гьадав чиясе баркалаги гIарац-меседги кьуна.

-Досда бицинениги лъана, - илан къокъаб жаваб кьунила ханас вазирасе.

## ТIУТIАЗДА ТIАДЦИН ИХТИЯР ГЬЕЧIЕВ ХАН

БухIараб бакъукь, гIицIаб авлахъалда, тIад тIагъур, гурде яги хьитал гьечIого, гIодов чIун вукIанила гIетIуда вецIцIулев язихъав, унтарав цо чи. ТIадежоялъеги, тIад рещтIун тIутIазги цIакъ лазатбахъи гьабулеб букIанила гьесие.

Жиндирго чукъа-ракъангун тира-сверизе вахъарав гьеб улка-ракьалъул хан щванила гьесде тIаде.

- Дур мурад бице, лъикIав чи, - ян абунила ханас гьесда. - Щиб абуниги, тIубазе буго дица. Гьаб дунялалда дида гьабизе кIолареб жо щибго гьечIо. Дидаса хIинкъулареб жоги цониги гьечIо.

- Дун гIадав пакъирасул кIудияв ханасда гьаризе гIемер жоги щиб букIинеб. Аллагьасе гIоло, гьал тIутIал дида аскIоре къалареб хIал гьабе. БитIахъе чIвалев вуго дун гьаз, - илан гьаранила гьес.

Хан валагьанила гьесухъ, цинги абунила:

- Гьеб гьари тIубазе дида кIоларо. ТIутIазда тIад ихтияр дир гьечIо. Гьел дудаса рачахъизе дида кIоларо.

- ТIутIазда тIадцин ихтияр гьечIев дуда дунялалда бокьараб жо гьабизе кинха кIолеб? – илан, бачIинчIониги, гьиманила гьев чи.

Гьесул рагIаби рагIичIеб ххвелги гьабун, ханас гьеб бакIалдаса хехго нух босанила.

## ГІУРЧЧИНАЛ КАГЪТАЗУЛ КУНЧІИ ЧІВАРАБГО, ЧІАХІИЯЛ ЧАГІИЦИН ГІИСИНЛЪУЛЕЛ КУЦ

* * *

**ГІурччинал кагътазул кунчІи чІварабго,**
**ЧІахІиял чагІицин гІисинлъулел куц.**

* * *

**БитІараб бицине бегьулеб гьечІо,**
**Гьереси бицине рекъараб гьечІо.**

* * *

**Бертин магІирукъалде гІемер бихьана сверун,**
**МагІирукъ бертинлъараб биценалъцин рагІичІо.**

* * *

**Унти я рогьо гуро,**
**Ялъуни гьунар гуро.**

* * *

**ХІаким лъикІав ккола, вачІараб къоялъ,**
**ВачІаравго гІадин, уневлъи лъалев.**

* * *

**Дие бокьаниги, бокьичІониги,**
**Кьураб суал бихьун, бижула жаваб.**

* * *

**Гьаб дуниялалъул пайда гьечІолъи**
**ГьечІеб ритІухълъиялъ бицунеб буго.**

* * *

**ТІегьлъун бижичІолъи зазил гІайибищ?**
**Зазлъун батичІолъи тІогьол гьунарищ?**

* * *

**Рохел чиясухъе гьикъун бачІуна,**
**Къварилъи, бацІ гІадин, балъго речІчІула.**

* * *

**Бицунареб гьикъун щай,**
**Гьикъуларeб бицун щай.**

* * *

**Дуца веццичIони, дун квешлъиларо,**
**Дуца какунилан, дун лъикIлъиларо.**

* * *

**Дун вокьулездаса, вокьулареца**
**Кьурал дарсаз гIемер гIакълу щвана дий.**

* * *

**МатIуги, рагIадги, дандерижиги –**
**Божизе бегьула гьел лъабаздаго.**

* * *

**Чиясе гьабураб лъикIлъиялдаса**
**РакIбухIизе ккараб бачIунгеги къо,**
**Жинда хIакъирлъиялъ хIал гьабурасин**
**ХIакъирлъи бецIизе бакI балагьулеб.**

* * *

**ГьечIелъуб божилъи балагьулев чи –**
**Гьорода бадиве тударулев чи.**

* * *

**ЧIван хваравщинав чиги**
**БахIарчи вукIунаро.**

* * *

**Заманги къисматги тIасабищизе**
**ТIадегIанас лъийго кьечIо ихтияр.**

* * *

**ГьитIинаб рукIнив вукIун, кIудаб рагIи бицунев**
**ГIужгьечIуда борчIараб тIинчIхIелкида релълъуна.**

* * *

**ДандчIвана дидаги чанги лъалаби,**
**ЛъачIеланищилан ракIалде ккарал.**

* * *

**Данде гьечIеб рокьул кьалбал къотIизе**
**Къуват батизе кIвей кIодолъи буго.**

* * *

**ЛъикIалин ккаразул лъикIлъи батула,**
**ЛъадатIе тIинкIараб тIатIи гIадинаб.**

*   *   *

**РагIи лъугIаралъуб магIу баккила,**
**ЛъикIлъи камуралъуб квешлъи рещтIина.**

*   *   *

**Гьелъийги долъийги гIилла бугони,**
**Багьана балагьи гьадингояб жо.**

*   *   *

**СихIругун хIалихьалъи вацлъиялда хIалтIараб**
**ХIасил буго цIодорлъи - цIакъаб жо кколебдай эб?**

*   *   *

**Дуде хIакимасул бугеб балагьи**
**Гьесул кIихIатIилаб гьоялъ бицуна.**

*   *   *

**Байрам баркулаго абурабщинаб**
**Уябин кколелги ратула чагIи.**

*   *   *

**Намус хIакимасул хIурудахъ уна,**
**ХIелхIелчагIи сверухъ ракIарараралго.**

*   *   *

**Гьудуллъи бижула божи бугелъуб,**
**Гьудуллъи гьабула пайда щолелъуб.**



## ХУНЗАХЪ РАЙОНАЛЪУЛ СИВУХЪ РОСДАЛ ТАРИХАЛДАСА

Хунзахъ районалъул Сивухъ буго магIарул церегосел росабазул цояб. Росдае кьучI лъуралдаса ун буго гIага-шагарго 2000-гIан сон. Жакъа къоялде нилъехъе щварал баяналги хIужабиги бицинегIан гIемерал гьечIониги, гьеб тарихалдасанги бихьула ва бичIчIула жибго росдал тарихги гIезегIан бечедаб букIараблъи.

## ГЪОРКЬСИВУХЪ ВА МАКЬАСДА

Байбихьуда росу букIун буго гьанже Гъоркьсивухъ абулеб бакIалда. Советияб заманалда гьенир рукIана колхозалъул гIачиязул фермаги, гаражги, цоги-цоги рарал бакIалги. Гьеб росдал букIун буго насранияб дин. Банги буго росдаца 1400 сон. Цоцахъа давла бахъизе доб заманалда гьарулел рукIарал чабхъеназ гьоркьоса къотIичIого рахIатхвезабулеб букIун буго гIадамазул. Цо гьединаб рагъ ккараб мехалда, росу бухIун буго тIаде рачIарал чабхъадулаз. Гьеб мехалда гьел гIадамаз хIукму гьабун буго гьанже росу бугеб бакIалда, Щулалъул кьурда цебе цIияб росдае кьучI лъезе. ТIаде вачIунев тушманасдаса, чабхъадулаздаса цIунизе санагIатаб букIиналъ, тIаса бищун буго гьеб бакI.

Гьеб росдае тIоцебе кьучI лъун буго кьурда цебе Иманил ГIумар абурав чияс. Гьебги букIун буго насранияб тарихалъул 1410 сон. Гьедин хIисаб гьабидал, цIияб бакIалда Сивухъ росу базе байбихьаралдаса ун руго 600-ялдасаги цIикIкIарал сонал.

Гьебго заманалда ТIалул рагIалда цоги гьитIинабго росу букIун буго, Макьасдаян цIар бугеб. Сверухъ кьуру-хьитI, мегIер гьечIеб бакIалда ругел гIадамазеги захIмат букIун буго къватIисан рачIунел чабхъадулаздаса жалго цIунизеги гIумру гьабизеги. Гьеб росдал гIадамалги рачIун руго сахъадерихъе гьарун, жалги риччайин нужеда гъорлъе цIияб бакIалдеян. Гьедин макьасдиселги жидерго ракь-мулкгун рачIуна сахъадерида гъорлъе.

## САХЪАДЕРИДАСАН ЛЪУГЬУН БУГО ЛАВАША МУХЪАЛЪУЛ ЧУНИ РОСУ

Гьелде щвезегIан гIемерго цебе, 1300 соналдаго, доб гъоркьехун бугеб росулъа лъабго гIолохъанчи витIун вуго гьанжесеб Лаваша районалъул ракьалде чуял хьихьизе. Гьел гIолохъабаз чуял чIолеб бакIалда бан буго жалго жанир рукIине гьитIинабго рукъ. Гьезул щивас жиде-жидее рукъзалги ран, гьеб бакIалда Сивухъилан цIар лъун буго. Дагь-дагькkун гьенире гIумру гьабизе рачIун руго цоги-цоги гIадамалги. ГIун буго гьениб росу. Гьелда цIарги лъун буго Чунибилан. Абула гьеб «чу» абураб рагIудасан бачIараб бугилан. Ахирал соназда чунисезулги сахъадерилги цоцазде тIаде-гъоркье щолеб лъикIаб гьуинлъи-бухьен лъугьун буго. Росдал къо тIобитIулелъулги чунисезул гIезегIанго гIолохъаби рачIун рукIана Сивухъе нижерги гьезулги гIахьалаб дандеруссин берцин гьабизе.

## ЛОЛИХЪ МАГІАРДА ЭХЕТАРАБ СИГИ ГЬЕНИБ ЦІА БАЛЕЛ ХЪАРАВУЛЗАБИГИ

Росдае Сивухъ абураб цIар бачIун буго росдада гIагарлъухъ бугеб Лолихъ абураб мегIералъул бетIералда хъаравулзаби рукIунеб хъощда аскIоб бараб сиялдасан. Цере хъачагъаз хъамун унел рукIун руго гIиял рехъабиги боцIул рехьедги. Гьел цIунизеги, росдае хIинкъи бугони, лъазабизеги толел рукIун руго гьенир хъаравулзаби. Гьенисан, хъатиниб лъураб гIадин, бихьула сверухъ бугеб гIемераб бакI. Гьеб бакIалда цIаги бакун, лъазабулеб букIун буго росдае къватIисан хIинкъи букIиналъул хIакъалъулъ.

Цебеги гьанжеги батIалъи гьечIо, сахъадерил руго кIудияб мегIер-гIалах, рохьал. Балагьараб мехалъ, гьаб росу бижун буго сверухъ ругел цогидал росабаздаса цебе.

## САХЪАДЕРИЦА ЦІИБИЛГИ ГІЕЗАБУЛЕБ БУКІУН БУГО…

Инкъилаб ккун хадуб пачалихъалъ сахъадерил ракьал кьун руго ракь дагьал росабазе. Гьедин, Макьасалъул кIудияб бакI кьун буго Гостфондалъе, ОцомегIер - шатадерие, ХьундамегIер – лъегIелдерие, ЦIаригIалах – херехьдерие. Хурзал, ахал, мучIдул, харибакIал, рохьал данде росун, гьабсагIат сахъадерил буго 1300 гектар ракьул. 200 гектар буго накIкIил, махил, гьадил, бигьародул сахал рохьазул. Иццал, лъарал гIемерал, хер керчал, гIи-боцIи хьихьизе санагIатал, гIатIидал мугIрулги руго сахъадерил. Картошкадул, хIалухъадул, гьалил лъикIаб бачIин щолел хурзалги рукIана росдал. ЛъагIилухъ росдада гIагарлъухъ бугеб ЧIидатIа абулеб бакIалда руго пихъил ахал. Умумузул заманалда цIибилгицин барщулаанин гьенибилан бицен буго. МегIер-гIалах, ах-хур гьарзаго букIиналъ, лъикIаб ресалдаги рукIун руго сахъал. Сверухъ ругел росабалъаги щиб хIажалъаниги рачIунел рукIун руго босизеги хисизеги гIадамал Сивухъе. ГьабсагIатги сахъадерил мугIруздаса бачун буго ЛъагIилухъ, Харахьи, Мущули, Гьамущи, ГIоротIа росабалъе лъим.

## БАЗАР-НУХГИ, БУРТАБИГИ, ХЬИТАЛГИ…

Цебе заманалда хIамузда жидерго бича-хисизе жоги босун, Хунзахъ базаралде хьиндалалги, Харахьи базаралде тIадмагIарулалги Сивухъан унел рукIун руго. Гьениб сордоги балеб букIун буго. Гьедин росдаеги гьалбадериеги пайдаяб даран-базарги лъугьунеб букIун буго кIияздаго гьоркьоб. Сахъадерил батIи-батIиял кверзул махщелал ругел гIадамалги гIемерал рукIун руго. РукIана гьел дида лъалеб заманалдаги. Росулъ букIана буртаби гьарулеб артель. Гьединго, Хундерил тIалъиялда гуребги, цоги бакIаздаги доб заманалда машгьурал рукIана ретIине квегIенал, хинал сахъадерил буртинадул хьитал. Гьезул хIакъалъулъ ракIалде щвезабулеб буго цIар рагIарав артист МахIмуд ГIабдулхаликъовас «Дир театр» абураб жиндирго тIехьалдаги.

## МАДРАСА, МУТАГІИЛЗАБИ, ДИБИРЗАБИ

Диналъул рахъалъги сверухълъиялдаго цебетІураб, гІалимзаби гІемераб бакІ букІиналъ, гІалимзабазул ватІанилан абулеб букІун буго Сивухъ росдаде. БукІун буго Сивухъ цоги- цоги бакІаздасаги цІализе лъималги рачІунеб кІудияб мадрасаги. Абула гьенив цо заманалда ЦІадаса ХІамзатги цІалулев вукІанилан.

Сивухъа батІи-батІияб заманалда вахъун вуго 60 динияв гІалимчи. Цоги-цоги росабалъ цого заманалда 26 дибир вукІун вуго Сивухъа. Сивухъ росулъа гІараб гІелму лъикІго лъалел гІалимзаби рукІун руго гІарабиязул улкабаздаги. Дамаск шагьаралда Абу-Нур университеталда дарсал кьолев вукІана МухІамаднур Сивухъи абулев гІалимчи. 2000 соналда хвана гьев. Сивухъ вукІун вуго Гъоргъочол МухІамад абулев кІудияв шайих. Гьесул букІараб рукъалъул къадалги аскІобго кидаго къунареб цІорораб лъадал иццги гьабсагІатги руго гьенир. Гьев хун вуго 1764 соналда. Гьесул хобги буго хьиндаллъиялъул росабалъе гІемераб автотранспорт хьвадулеб шагьранухлул рагІалда, ЦІалкІитІа росдада цебе. АскІобго буго гьесул яцалъул хобги. Шайихас абулеб букІун буго гьеб бакІалда нахъзаманалда гІемерав чи тІаде вачІунеб зиярат букІине бугилан.

## БАГІАРАБ АРМИЯЛДА ДАНДЕ РАГЪИ ВА 62 ЧІВАЙ

Октябралъул революциялдаса хадуб, цогидал бакІазулго гІадин, сахъадерилги гІалимзаби, Сибиралде ритІунги чІванги, лъугІизарун руго.

1921 соналъул марталда БагІараб армиялъул аскаразда дандечІей гьабула сахъадерил жамагІаталъ. КІудияб къуваталде къеркьезе бажаричІого, росу цІунарал нахъе къала. Гьел къоязда Сивухъ росулъ чІван руго гІалимзаби, хараби, руччаби – кинавниги 62 чи. ГІи- боцІи хъвехъун, тІощел ва цогидабги хъамал гьабун, мажгиталда ва цоги бакІазда бата-батараб гьабун, кІудияб балагь гьабун буго росдае гьел аскарияз. Доб пасалъи бихьарав ГІалил ТІагьир абулевчияс гьелъул хІакъалъулъ гьабурабин абулеб кечІ байбихьулеб буго гьадинал мухъаздасан:

Къуръаби тІу-тІун ран, тІамчал рихъ-рихъун,

Хъубабщиналъуре щущахь ран руго.

ГьабсагІаталда росдал кІиялго хабзалалъ лъабкъоялда анцІгогІанасеб хІужраялъул сурат цІунун хутІун буго гІалимзабазул хобазда тІад.

## ВАТІАНИЯБ РАГЪ ВА ЗАГІИПАЗДЕ БЕГАРАБ ХІАЛТІИ

Лъеберабилел соназда, киса-кибего гІадин, Сивухъги гІуцІана колхоз. Гьелъул тІоцевесев председательлъун вукІун вуго ГІамирмухІамадов Хочбар абулев чи. Бищунго захІматал КІудияб ВатІанияб рагъул соназда колхозалъе нухмалъи гьабуна ГІабдулаев МухІамадица. Рагъде бихьиналги ун, цоги бакІаздаго гІадин, ах-хуралъул хІалтІиги, гІи-боцІул тІалаб-агъазги тІаде ккана харабаздеги, руччабаздеги, лъималаздеги. Гьел хІалтІабаздаго цадахъ руччабаз гьарулаан буртинадул хьиталги хІалтІулаан буртаби гьарулеб артелалдаги. Цогияб къайи-цІаго гІадин, фронталъе кумекалъе сахъадерил жамагІаталъ лъеберазарго гъурущги битІана. Гьелъулъ сахъадерие баркала кьураб И. Сталинил кагъатги букІана бачІун.

Гитлерилаб фашизмаялдаса ВатІан цІунизе Сивухъа 96 гІолохъанчи ана. Гьезул 51 чияс даималъего берал къанщана рагъул байданалда.

## ЦIАЛИГИ, ХIАЛТIИГИ, ХIАРАКАТЧАГIИГИ

ВатIанияб рагъда цересел соназда рагьана росулъункъосонилаб школа. 1946 соналда гьеб сверизабуна анкьгосонилаб школалде. Школалъул тIоцевесев директорлъун вукIана МухIамадов Рашидудин.

Гьелдаса хадуб, гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Дагъистаналъул, Москваялъул, Ленинградалъул ва цогидалги шагьаразул тIадегIанал цIалул бакIазда лъикIаб лъайги босун, рахъана учительзабиги тохтурзабиги, инженералги, росдал магIишаталъул махщелчагIиги. Гьел хIалтIана росулъги районалдаги гурелги, цоги-цоги бакIаздаги ва жидерго мустахIикъаб бакI ккуна ва кколебги буго халкъалъул гIумруялда. Философиял гIелмабазул доктор вукIана Сивухъа МухIамадов Дибир. БатIи-батIиял гIелмабазул кандидаталлъун рахъана МухIамадов Рашидудин, ТIагьиров Насрула, НурмухIамадов Шамил ва гь.ц.

МухIамадов Дибир вукIана партиялъул обкомалъул секретарьлъунги, Дагъистаналъул культураялъул министерлъунги, гIумруялъул ахирал соназда Шамилил фондалъул председательлъунги. ТIагьиров МухIамад вукIана республикаялъул печаталъул жавабиял хIалтIабазда. Полковник НурмухIамадов ГIабдула вукIана республикаялъул рагъулаб комиссариаталда жавабияб хъулухъалда ва магIарул чанго районалда рагъулав комиссарлъун. Жеги кIикъойилъе сонал рахинелдего полковникасул чин щун букIана Ленинградалъул рагъулаб округалда вукIаго МухIамадов КъурбангIалие ( советияб заманалда гьеб даражаялде гьеб ригьалда къанагIатавги чи вахунароан). Хадуб ДГУялъул рагъулаб кафедраялда хIалтIулеб мехалъ, гIужилав снайпер хIисабалда МахIачхъалаялда кIудияб мажгит балеб заманалда гьесде божилъи гьабун буго къилба битIун бихьизабизе. Сивухъа Будунов МухIамад вукIана Владимиралъул тракторал гьарулеб заводалъул бетIерав инженерлъун. Полковникал ХIайдарбегов ХIайдарбегги ХIайдаров ХIажиги хIалтIулел руго Дагъистаналъул жанисел ишазул идараялда.

## ЧIУНТУЛЕБ БУГО РОСУ…

Гьанже, кинабго хисараб, лъезе цIар лъалареб заман бачIараб мехалъ, тIаде гIолел гIелазул гIемерисел унел руго гIатIиракьалде. ГIадамазул къадаралъ районалда гьоркьохъеб росулъун букIараб Сивухъ гьанже хутIун буго лъабкъого цIараки. МахIачхъалаялдаги, цоги шагьараздаги, ГIараниги, хъутаналдаги – гIаммаб куцалда сахъадерил буго ункънусго цIараки. ЧIунтулел руго умумуз кIудияб захIматги тIад инабун хIалтIизарурал хурзал, гIи-боцIиги дагьлъун, чIороголъулел руго мугIрул. Гьелъ хасго ракIунтизабула нижер - харабазул. Росулъ хIалтIизе бакIал гьечIолъиялъги, гIи-боцIи хьихьун, гьелъ кьолеб хайир гьечIолъиялъги унеб буго жидеего магIишат гьабизе санагIатаб бакIалде тIаде гIолеб гIел.

Сивухъ росдал тарих гIезегIан бечедаб буго. Гьелъул бицун хасаб тIехь хъвазе цебего заман щун буго. Гьединал тIахьал магIарул цоги-цоги росабазул гIемер руго. Дица гьанир рехсон толел руго кIвар бугел гIадал цо-цо хIужаби.

***ГIАБДУЛПАТАХIИЛ КъурбангIали***

## ЛЪАЛЕЙГИ ЛЪАЛАРЕЙГИ ФАЗУ

Дида Фазуги гьелъул асаралги лъикI лъала. Фазу йиго гIадамазда лъалейги лъаларейги. Дида гIемер дандчIвана, Фазул асаралги цIаличIого, гьелъие къимат кьолел хъвадарухъабигицин. Бицуна гьелъул форма-хьитазул, катIариялъул, гарбида рукIунел маржаназул, кIилкIазул, баргъичазул. Бицунаро гьелъул гIамал-хасияталъул. Бицуна цо нагагь гьелъухъа борчIараб «тохаб» рагIиялъулги. Гьей малаик гуро. Гьей йиго гIадан. Киналго гIадамазулго гIадин, гьелъулги гъалатIал рукIуна. Киналго гуро хъваралщинал асарал лъикIал лъугьунел. Цо гьединаб асарги босун, кIудияв поэтасе къимат кьезе бегьуларо. Бигьаяб жо буго гьелъул асаразул тIехьги цебе лъун, гьездасан макъала хъвазе, захIматаб жо буго хвезегIан цо-цоязда йичIичIей, борхун ккун бетIергун, бетIералда гъалазул тажги лъун, габур цIацIалел маржаналги щибаб къойил ран, гIундул тIун гIодоре рортиялда хIинкъарал чIахIиял кIилкIалги хьвагIезарулаго, нухдасан уней, лъиданиги релълъинчIей чIужугIаданалъул хIакъалъулъ бицине.

Цересел соназго Фазуе хъвараб дир кочIолъ рукIана цо гьадинал рагIаби:

> **… ГIебса кIичIун чIвараб чIинчIу берцинай,**
> **ЧIартил букъарабги гверде рекъолей,**
> **МахIмудил сариназ, Сапфол кучIдуца**
> **Каранда бакараб цIа свине течIей.**
>
> **Цо рахъалъ - Европа, цо рахъалъ - гинчал**
> **Кирего аскIоса кьуризе течIей,**
> **Бахъараб хвалченги тIогьол квацIиги**
> **Кидаго гIумруялъ гIодой рехичIей.**
>
> **Тушманасул рокъоб къварилъи ккани,**
> **ГIодун гуронани, йохизе лъачIей.**
> **Гьудуласул рокъой рохел бачIани,**
> **Кваналеб квенги тун, баркизе уней...**

Дида, хIалтIизе унеб мехалда, кидаго Муса дандчIвалаан гьезул рукъалда цебе бугеб паркалда. Гьес, лъалхъизеги лъалхъун, гьарулаан: «ТалихI кьеги, Фазуде хъвараб кечI цIале» – ян. Дица гьесие цо-кIиго куплет рикIкIунаан. Гьев, бетIерги кIибикIун, велъанхъилаго унаан.

Фазу релълъунаро цониги руччаби-поэтазда, я А. Ахматовалда, я М.Цветаевалда, я Машидат Гъайирбековалда. Фазуца, жиндирго, лъиданиги релълъинчIеб бахIарчияб хасиятги кьочIое босун, жиндирго жиндехунго бугеб рокьиги хIисабалде босун, гIуцIана жиндирго лъиданиги релълъинчIеб образ. Гьаб шагьаралда нужеда лъиданиги данде чIвачIо (я чIваларо шагьаралда гуребги) гьелда релълъарай чIужугIадан, я чIвазе гьечIо.

Фазуца гIадин гъорлъе раккун, мугIрузул чIужугIаданалъул гIумру, гьелъул рокьи, къохIехьей, къадру, сабру лъицаниги рагьичIо. ВатIанги, миллатги, умумалги рокьулей Фазул асаразул аслиял героязул цояй ккола жийго эбел, кIодоэбел,ункъгIалзаби, мадугьалзаби. Гьелгощинал гIадамазул гIумру рагьулаго, кигIанги лъикI рагьиларищ магIарулалъул образ. Фазуца нилъее тана магIарул мацIалда бахъараб 70 тIехь, гьелдасаги цIикIкIун гIурусги, батIи-батIиял мацIазда рахъаралги.

Фазуца жийго рикIкIунаан гIумруялъул талихI кьечIей гIаданлъун. Гьелъ абулаан гIурус мацIалда: «Я трагичная женщина…» – абун. Дица гьелда гъоркь гъулбас гьабиларо: талихIай эбел¸ лъади, эбел разияй яс, хIукуматалъ Фазул гIадинаб къимат лъил гьабураб? Гьелъие рес щвана хъвадаризе, хъвадариялъул къимат гьабулеб заманаялъ, хъвараб жоялъухъ лъикIаб гонорар щолеб мехалъ. Гьелъие рес щвана дуниял бихьизе. Ракълил фондалъул председатель хIисабалда гьей щвана Индиялде, Австралиялде, Малайзиялде, Америкаялде, Европаялъул цо-цо пачалихъазде. Щай Фазуца жийго рикIкIуней «трагичный» гIаданлъун? Гьебги гьелъул лъидаго релълъинчIеб хасияталъул хаслъийищ бугеб, талихI гIунгутIийищ? Яги гьелъул гIумру тIасан бихьулеб гIадаб берцинаб букIинчIогонищ? Щиб къваригIунеб чIужугIаданалъе талихIалъе? Яги гьеб бугебгIан гIолареб жойищ? Гьеб киналдего гъорлъе яккизе, дун психолог гуро.

Дица нужее бицина дидаго лъалей Фазул. Байбихьила тIоцебесеб лъай-хъваялдаса.

Гьеб букIана тIоцебе дун гIахьаллъараб хъвадарухъабазул 1961-абилеб соналда букIараб мажлис. ГIолохъанай поэтессайилан дунги ахIун йикIана гьение. Президиумалда гIодор чIаразда гьоркьой йикIана Фазу. Гьей йикIана бадибе кIанцIун бачIунеб берцинлъиялъул гIадан. ТIад ретIун букIана цIакъ гьелда рекъолеб бирюзаялъул кьераб гурде. Халатал чIегIерал гъалазги, чIегIерал чIахIиял берцинал беразги гьелда тIаса бер босизе бокьулеб букIинчIо.

Перерыв лъазабураб мехалъ, киналго къватIире рахъана. Кинацаго Фазу сверун ккуна. Гьелда вихьана МухIамад Сулиманов, гьей гIедегIун гьесда аскIое ячIана, къвал бана, гьикъарана, лъимал– хъизан цIехана. Сулимановасги гьесул махсарабазги гьениб цо свери лъугьана. ТIаде вачIана ГIумархIажи Шахтаманов. ЛъикIго Фазуде берги щвезабун, гьес гIурус мацIалда абуна: «Почему же, черт побери, я тебя познакомил с Мусой?» Киналго релъанхъана. Дида Хунзахъ кочIол байрамалда вихьун вукIарав ворхатав чи нижеда аскIовегIан вачIана, гьеб мехалъ, Сулимановасул гъеж ккун букIараб кверги нахъе босун, Фазуца хапун Мусал гъеж ккуна: «ГIумархIажи, мунги цIа, дунги цIа – нилъер данде ккелароан. Дун цIа йикIаниги, Муса лъим вуго. Ниж Аллагьас цоцазе рижун ратана» – ян. Киналго релъанхъана. Гьеб махсара– хочIалдаса хадуб цодагьай доегIан чIун гьезухъ ялагьун йикIарай дун Сулимановас аскIое ахIана, Фазулгун лъай– хъвай гьабуна. Гьей дида цIакъ берцинго кIалъана. Цин кIалъан кIиабилеб рагIи гьелъул букIана «месед».

КIиабилеб нухалъ дида Фазу дандчIвана аваразул секциялда. Гьелъ дир кучIдузе лъикIаб къимат кьуна. ГьитIинай гIадан йохизаюн лъикIилан ккараб лъаларо.

Фазу хIалтIизе лъугьана учпедгизалде. Гьений хIалтIулеб мехалъ хъвана долъ жиндирго «Къисмат» абураб тIехь. Гьелда цадахъ хIалтIулаан Гулишат Камалудиновна. Гьей йикIана Унсоколоса МахIач ДахIадаевасул яц ПатIиматил

яс. Гьей рокьиги ккун ячун йикIана Хунзахъа военкоматалда хIалтIулев вукIарав рагъул гIахьалчи, чанго орденалъул кавалер, цIакъ лъикIав инсан Камалудиница. ЦIадаса ХIамзатил буго гьезул хъизаналде гьабураб кIудияб кечIги. Гьезул букIана кIудияб берцинаб хъизан, тIадегIанаб лъай босарал васалги ясалги. Гулишат йикIана Камалудинасул бищун цIикIкIарай яс. Гьелъул бигъараб гIумруги кьочIое босун, хъвараб букIана Фазуца «Къисмат» абураб тIехь. Фазуца бицунаан Гулишатица жиндирго гIумруялъул бицунеб мехалъ, цадахъ жийгоги гIодулей йикIанилан.

Фазу йикIана чиясул къварилъи ракI– ракIалъ рекIелъе биччалей гIадан, рухI кьунги къварилъиялда вугев чиясе кумекалъе гIедегIулей гIадан…

Фазулги дирги, бачIинахъего, лъикIаб гьоркьоблъи ккана. Щибаб хъван бахъараб Фазул къисаялъул бетIер дица институталде цIализе босулаан. МагIарулазул группаги бакIарун, цIалулаан. Цо– цо нижерго пикрабиги загьир гьарулаан. Гьеб тIехь къватIибе бачIин кIудияб лъугьа– бахъинлъун ккана. РукIинчIо доб мехалъ цIакъ дагьал гурони магIарул мацIалда прозаялъ хъварал асарал. МагIарулал урхъун рукIана прозаялъухъ.

МагIарулазе кIудияб рохеллъун ккараб гьеб тIехьалъ Фазуе чанги рекIелбакъвай гьабуна: МухIамад ХIасанхIусеновас хъвана гьеб какараб кIудияб макъала. Фазуца абулаан гьеб хъвазе гьев тIамун вукIанилан, кIиго нухалъ, бахъизе жанибе кьураб гьеб, чIезе гьабунилан.

Байбихьараб жо рагIалде бахъинабичIого чIолароан Фазу. Чанги къоги бихьун, ахирги гьеб къватIибе бачIана. Гьеб магIарулаз лъикI къабулги гьабуна. Гьеб какараб макъалаялда бихьизабураб гIунгутIи Фазуца цониги битIизабичIо. Гьей йикIана жиндирго пикру ккун чIолеб гIамалалъул гIадан.

Фазуца, дандчIваязде жийго ахIараб мехалъ, цо-цо цадахъ дунги ячунаан. Гьей лъаниги, дун жеги гIадамазе загьирлъун йикIинчIо. ЦIалулеб мехалъ Фазухъе хIалтIуде ун гурони, дун гьелъул рокъое унароан. Амма магIарулазул секциязда ниж данделъулаан. ЧIахIиял поэтаз кучIдул цIалун рахъараб мехалъ, гIолохъаназеги рагIи кьолаан. Беццизесеб беццулаан, лъугьинчIеб кечIалъул гIунгутIаби рехсолаан. Гьелъул букIана кIудияб пайда босизе лъарав чиясе. ГIолохъанал хъвадарухъабазул секциялде рачIунаан Майсарат Сайпудинова, А.ГIабашилов, Рамазан МухIамадов, М.ЗайнулгIабидов, ГI.Даганов ва гь.ц.

Дида хъвадарухъабазда гьоркьор, Фазуги ГIумархIажиги гIадин, ракI-ракIалъ, шавкъалда лъикIал кучIдуздаса рохулел чагIи рихьичIо. М.Сулимановас, гIенеккунги чIун, чIванкъотIараб пикру, гIодове вичча абулаан. ГI.Хачаловас щибаб рагIул анализ гьабулаан, рецциялдаса каки гIемер букIунаан, З.ХIажиевас къокъго абулаан «кечI лъугьун гьечIо» – ян. Фазуцаги киданиги рагIичIо ракIхолеб хIалалъ кочIол бугеб гIунгутIи рехсолеб, гIолохъабазул ракIхвезабулеб. ЦIакъ берцинго бичIчIизабулаан бугеб гIунгутIи. ГIурмахIажица кIалдиб лъим ккун беццулаан лъикIаб кечI. ЛъугьинчIеб кечI чIван лъезеги расги нахъе къалароан. Гьесие поэзиялъул бищунго бокьулаан берцинаб, чвахун бачIунеб мацI. Жидерго чIахIиязул асарал гьоркьор лъураб мехалъ, хабар гъваридаб букIунаан.

Дица цIар рехселаро, цо гIолохъанав поэтас цIалана жиндирго лъабго кечI. ЦIалана артисдасаги лъикI. Киналго руцIцIун чIана. Фазуги кIалъачIо. М.Сулимановас абуна: дун хIинкъун вугила дур асарал Дагъистан тун къватIире

роржинарилан. Т.Таймасхановас тІаде жубана: цодагьаб ахІи-хІур гІемерлъун бугилан, вуцІцІун чІун вукІарав З.ХІажиевасги тІаде жубана: лъимги цІикІкІун бугилан.

Гьединал данделъабазулъ бичІчІулев, босулев чиясе кІудияб пайда букІана…

Дица щуабилеб курсалда цІалулеб мехалъ хъван букІана «Намус» абураб поэма. Дица гьеб тІоцебе Фазуе цІалана. Гьелъие гьеб цІакъ рекІее гІуна, лъикІаб къимат кьуна. Хадуб дица гьеб цІалана институталъул авар мацІ кьолей мугІалималъе. Гьелъ дида абуна, гьеб поэмаялъул дагьабги кІудияб асар букІинила, дуца гьеб чияр бицунеб гІадин гуреб, дурго бицунеб гІадин хисизабуни. Дун ана Фазуда аскІое, бицана мугІалималъ малъараб жо. Фазуца абуна: «Цо квер хъваге, хисизе гьабуге. Дур мугІалим йиго (цІар абичІого толеб буго) эменги нахъа гьечІого вас гьавурай гІадан. Васасда эменцин лъазе виччачІей гІадан. Гьединал, культураялъул рахъалъ «церетІурал» гІадамазда рекъеялъе гІоло, дудаги дидаги гьеб рекъоларо» – ян. Дица поэма хисизабичІого тана.

Цо нухалъ Фазуги дунги Буйнакскиялъул педучилищеялде гьоболлъухъ ахІана. Студентал цІакъ лъикІ хІадурун ругоан. Фазуца цІакъ берцинаб кІалъай гьабуна, нижеца нижерго кучІдул цІалана. КІиабилеб отделениялда квана-гьекъей цІакъ бечедго гІуцІун бугоан, столалда гІемерал нигІматал рукІана. Нижеда (дидаги Фазудаги) дандбитІараб бакІалда гІодов чІун вукІана цо дагьав ригь арав гІадав чи – ГІабдулатІип. Гьев вукІана училищеялъул директор. Фазу цо тамашаго гІодое йиччан, батІаго йикІана столалда нахъа, кІалъайги гьениб къокъаб гьабуна. Кваназеги, цІакъ дагьаб жо кІалдиб лъун гурони, кваначІо. ЛъикІго якъун йикІарай дунги гьелъ гьабураб гьабун чІана. КигІан бокьун букІаниги, Фазу кваначІеб мехалъ дунги нечана кваназе.

Гьеб дандчІваялдаса хадуб ниж Фазул яц Нуцалалъул доре ана. Фазуца, жание лъугьун яхъиналдего:

– Дур гьаниб кваназе жо щиб бугеб? – илан цІехана. – Хекко, холей йиго якъуца, цебе квен лъе, – ян лъазабуна. Столалда нахъа гІодой чІана. – Залмуги ятила якъун, дун кваначІого чІедал гьейги кваначІо.

– Педучилищеялъ гьабулеб гьоболлъиялъул цІар гурищ букІунеб букІараб, нужее гьоболлъи гьабичІогунищ тараб? – абун гьикъана Нуцалалъ елъулаго.

Дица абуна:

– Щиб бокьаниги букІана столалда тІад.

– Столалда тІад щиб бокьаниги букІун пайда щиб, дандвитІун, кІалдиве валагьун гІодов чІун вукІана ГІабдулатІип.

– Дуе гьесул щиб букІараб? – ан елъана Нуцалай.

– Дуе хабар щай, хехго квен кье, – янги абун, Фазу, жийго тІадеги яхъун, лъугьана сурпа гІуцІизе.

Нуцалалъул доба гІанкІудал гьанал соус букІана. Ниж кванана. Дагьаб мехалъ гара-чІварунги рукІун, Нуцалалъул рос ХІажица ниж, таксиялдеги рахинарун, МахІачхъалаялде тІоритІана. Нуцалалъ гьарулеб букІана цодагьабги мехалъ гара-чІварун жидехъ чІайилан. Фазуца абуна:

– Муса некІого рахІатхун ватула. Цо киениги ани, дун рокъое щвечІого гьев гІодове виччаларо, – ян.

Цинги нухда Фазуца бицана:

– Дун гъадав ГІабдулатІипие, анкьго класс лъугІарабго, росасе кьун йикІана. Гьев вукІана дидаса гІемерго кІудияв чи. Гьев учительги вукІун, рес бугев чиги вукІун, эбелалъ дун тІуязе гІамал гьабуна. Дица цохІониги гьес малъараб гьабулароан. Дида квен гьабизе лъалароан. ЦохІо рукъ-бакІ бакІарун рацІцІалъи гьабулаан. Гъов школалде аравго, дун росдал ясазда аскІое ясандизе унаан, долгун ясикІаби хІалаан. Яги рокъой йигони, ЦІадаса ХІамзатил кучІдул цІалулей, гьел лъазарулей йикІунаан. Цо нухалъ дов школалдаса вакъун вуссана. Цо-цо мехалъ гьев хъалаялъуб букІараб столоваялде кваназе унаан. Гьеб къоялъ квен букІинчІо, гьев кваназеги ун гьечІоан.

– ХинкІ къазегІагиййищха дуда лъалареб? – ан абуна гьес, диде бахъараб ццинги бахчулаго.

– ЛъазегІан ячинчІого рокъой тарай аниха дуца дун. Дур эбелалъ гурищ абураб квенги жинцаго гьабилилан, дове аха кваназе. Дица ЦІадаса ХІамзатил кечІ лъазабуна, цІалилищ дуе?

– Вакъуца холев дие ХІамзатил кечІ щай, цІалуге. Мун кваназе кколарейищ?

– Дун диргo эбелалъул доя кванана.

БетІерги кІибикІун, гьев жиндирго эбелалъул дове кваназе ана.

Цо нухалъ дос дун, педсовет бугиланги абун, цадахъ школалде ячана. Цин ниж кваназе столоваялде ана. ГІабдулатІип вукІана школа- интернаталъул директор. Гьес дун аскІоб бугеб классалда гІодой чІезаюна, ягъаругейилан лъазабуна. Дида гордухъан рихьана «хІанчІикІалабачин» (расанди) гьабулел школа– интернаталъул ясал. Гьел, гІодоб мелалъ клеткабиги рахъун, цояб къотІелалдаса цогиялде кІанцІулел рукІана. Диеги бокьана гьелгун хІазе… Гьел хІаял дие цІакъ рокьулаан. Дун гьезда аскІое ана. Гьездасаги лъикІ, кІанцІунго- кІанцІун, хІазе лъугьана. Цо заманалдаса, багІа– бакарлъунги вахъун, ГІабдулатІип къватІиве вачІана, къан ккун гъежгун, дун йикІараб классалдеги ячун, гІодой чІезаюна.

– ТІокІай къватІие унге, дида тІад учительзаби релъулел руго, гордухъан мун йихьараб мехалъ, – ан абуна гьес дида.

Гьединги абун рос ана. Гьев цевеса тІерхьаравго, дунги цІидасан хІазе ясазда аскІое ана. Гьев цІидасан къватІиве вачІана, дун классалда течІого, жиндирго кабинеталде ячана. Гьеб букІана кІиабилеб тІалаялда. Дида тІаде кІулалги рахан, гьев ана. КІиабилеб тІала букІинчІебани, дун гордухъанги лъугьун, инаан цІидасан ясандизе.

Дие кунеб квеналдасаги кучІдул рокьулаан. Школалда цІалулеб мехалдаги, дида литература тун батІияб жо ботІролъе инчІо. БитІахъе бицани дица «направо», «налево»-цин эхебе биччалароан.

Цо нухалъ, гьеб букІана дун анкьабилеб классалда цІалулеб заман, унеб букІана физкультураялъул рагьараб дарс. Учитель вукІана Хунзахъа Къебедов ХІамид. Гьев вукІана рагъдаса цояб кверги къотІун вуссарав, гьайбатав гІолохъанчи. Гьесул лебаллъиялъул бицен гІемераб букІунаан. Бицунаан, гьесда цо гІолохъанчи ватун вугила нухда жиндицаго рекІун букІараб чоде тІаде вахине кІоларого, болъоялде аскІобе чуги бачун, чуялде вахинехъин. ХІамидица (гьев вукІана цІакъ тирияв инсан), хапун, гьесухъа чол чІолорхъоги нахъе босун, чу болъоялдаса добегІан бачун бугила, цинги цебеса квер къотІараб гъежги чол мугъзада чІван, къан ккун чангитгун, кІанцІун вугила

чоде. «Гьале, гьадин рекIине ккола, гьудул, чода», –  иланги абун, ун вугила. Дарсиеги гьев цIакъ кьварарав, тIалаб кIудияв вукIана. Гьесие жинца малъараб гьабуларев, босуларев цIалдохъан данде кколароан. Рагьараб дарсидеги гьес ниж тIад чIун хIадурулел рукIана. Киналго цIалдохъабазда, дун хутIизегIан, «налево», «направо» лъалеб букIана. Гьеб мехалъ ХIамидица, картоналъул кагътидаги хъван, дир гъуждузда щула гьабуна «направо» ва «налево» хъварал картоналъул кескал. Лъалеб гIадинги букIана, букIаниги щиб, нахъияб къоялъ, рагьараб дарсида тIолго класс «направо» буссараб мехалъ, дун «налево» сверана. Дуда бихьизе лъикIанхха цо учителасул диде бахъараб цциналъ гьурмал кьер хисараб куц. Гьесул бищунго лъикIав физкультура кьолев учителилан цIар букIана. Гьединлъидал, гьесул махщел цогидазда бихьизе гьабулеб букIараб рагьараб дарс дица хвезабуна.

Цо чанго росдал довго гIадал учительзабиги ОНОялъул хIалтIухъабиги рачIун рукIана тIаде ралагьизе. ЛъикI ккезе бокьун букIун батиларищха учителасе.

– Дида киданиги лъачIо математикаги, –  ян елъанхъана Фазу. – ИмгIал Мансур математикаялъул учитель вукIаниги, дида гьеб эхебе инчIо. Гьесги дир гьелдехун гьечIеб рокьиги бихьун, дун жахIайго тана. Цо нухалъ дида эбел гьеб лъаларогунилан семулеб мехалъ, имгIалас абуна: «ЖахIайго те. Гьей хIисабалъул агьлу гуро. Гьелда жийго цо жиндиего бокьулеб жоялъулъ ятила. Гьей математекаялъул агьлу гуро. Гьей жиндирго инсул тайпа йиго» –  ян.

1965-абилеб соналъ дица институт лъугIана. Дие кьуна районалде направление. Эхеде иналде цебесеб къоялъ дида Фазу дандчIвана Ленинил къотIной. Гьикъа– бакъарана. Дица бицана росулъе ине хIадурулей йигилан. Фазуца жиндирго гарбида бан букIараб багIарал кораллазул цIал, гарбидасаги бахъун, дир габуралда бана.

–  Гьале дир сайигъат дуе. Вореха дуца хъвадари рехун тоге, –  янги абуна. – Есениница абун букIана жив ахирисев «росулъа» поэт вугилан, Аллагьас кьураб гьунаралъе ахир букIунаро. Кинабго бараб букIуна дудаго. Шагьаралде щвараб мехалъ, дихъе ячIинчIого чIоге! – йиланги абун¸ нижеца цоцада къвалал рана ва нижe-нижер нухккун ана.

1965-абилеб соналъ, гIемераб къоги бихьун, ахирги къватIибе бачIана Фазул «Къисмат» абураб тIехь. Гьеб бичизе бачIана Хунзахъ букIараб тIахьазул тукаде. Гьелъул багьа букIана 5 шагьи. ГьитIиназги кIудиязги росун гьел тIахьал нахъияв чиясе щвечIо. Нижер школалда цебе букIана тIахьазул тукен. Гьеб тIехь чIахIиял классазул цIалдохъабаз, киназго гIадин, босун бугоан. Дарс лъугIун къватIире рачIунел учительзабазухъ рукIунаан къвал цIун, дарсида цIалулел ратун, лъималазухъа рахъарал тIахьал. Дица дирго дарсида, лъималаз бальго гьеб цIаличIого тезе, гьезулгун къотIи гьабун букIана, авар мацIалъул щибаб дарсида 15 минут гьеб цIализе тезе, лъималги, гIайиб чIвалареб хIалалъ, хIадурун дарсиде рачIине. Гьеб къотIи битIун ккана, амма завуч Локалова Хажа (м.ч), кинан гьеб лъарабали, дир дарсиде ячIана. Дие бокьичIо лъималазда цебе рагIи хвезе, яги завучалдаса хIинкъун цIаличIого танилан гьезда ракIалде ккезе. Бокьараб бахъаян цIалана. БитIун рокьул бицунеб бакI ккана цIалулеб бакIги. Завучалъ дун директорасухъе ахIана. Директор (м.ч.) ХIажи Ясуловас лъугIизабуна дагIба: «Дуца бицанихъе, Хажа, дарс квешаб букIун гьечIо.

Залму йиго специалист. Гьелъ тIаса рищизе тела нилъеца лъималаз цIалулел ва лъималазе цIалулел тIахьал» – ан.

Хадусеб соналъ гьеб тIехьалъул хIакъалъулъ чIахIиял классазул цIалдохъабазе конференцияги гьабун, Фазу школалде ахIун йикIана.

Гьелъул проза бокьулеб букIана магIарулазе: «Ракьул гIерекъ гьороца унаро», «СагIнил квацIи», «Щуб щибаб хариде ккола», «ЦIумал мугIрузде роржуна», «МугIрул цIороялдаса хIинкъуларо» ва гьел гурел цогидалги асараз рекIее кIочон толареб асар гьабула. ГIемераб бухIиги хIалуцинги батула гьелъул асаразулъ. Дие Фазул поэзиялдасаги бокьула Фазул поэзиялъул мацIалда хъвараб проза. Фазул проза цIалулаго нилъеда цебе гIатIидго рагьула Дагъистан. Кибниги такрарлъулареб гьелъул берцинлъи, тIабигIаталъул суратал, «цIумал парпадулел» рорхалъаби, «лъарал гъулгъудулел» гьелъул гъварилъаби. Рихьула годекIанир гIодор чIарал хараби. «СагIнил квацIи» абураб хабар цIалулаго хIайран гьарула кIодол сипаталъ, гьелъул гIакъиллъиялъ, гIумру гъваридго бичIчIиялъ, гьелда лъалел хурдузул дарабаз.

ЦIакъго кIудияб асар дие гьабуна Фазуца жиндирго васасде ГIалиде хъвараб тIехьалъ. Дида магIирокъой Фазу йихьана. Гьелда гIодой йикIун чIезе кIолеб букIинчIо. Лъабго къоялдаса гьей жиндирго рокъое ана…

Фазул сундулъго букIана жиндирго хаслъи. Гьелъ абуна жий гьаб рухIелалъ юхIун хвечIого хутIи щакаб жо бугилан. Жий жиндирго рокъое ине кколила щиб кканиги, жий жийго цохIо хутIизе кколила гьаб кинабго рекIелъан биччазе.Ункъо соналъ бищунго хIинкъи бугел бакIазда рагъда вукIарав жиндир вас, чIаго гьенисаги вуссун, жиндирго ватIаналда хванила. Жиндаса къисас босанила къисматалъ. Жинца лъииениги квешлъи гьабичIила, кIвараб лъикIлъи гьабун гурони, гIумруялда жаниб. Жинда кIолеб гьечIила гьелъул пикру гьабичIого чIезе. Дица абуна: «Фазу, къадаралдасаги гIажалалдасаги, гьеб Аллагьас хъвавухъе букIунелъул, рорчIуларилан абулин, дуцаго дурго асаразулъ улбул сабруялде ахIулел ругин, гьанже дуцагоги хIалбихье сабру гьабизе» – абун.

Лъаларо Фазуца гьеб тIехьалъе тIоцебесеб мухъ кидал хъвазе байбихьарабали. Гьелъ дида бицана жиндица ГIалил хIакъалъулъ хъвараб тIехь къалмица хъванилан. ГIемерисеб бакI гIодилаго хъваялъ, шакъиги магIуги жубан, цIализе бажарулеб хIал букIинчIого. Гьединаб асар рекIелъ бахIарчилъи гьечIев чиясухъа хъван бажаруларо. Дуниялалде эбелалъул ургьиса вачIаралдаса нахъе, гьелъ щибго гьоркьоб течIого бицунеб буго васасул гIумруялъул. Гьениб бугебщинаб эбелалъул лъимаде рокьиги, гьесдаса чIухIиги, бугебщинаб пашманлъиги. РакI унтулаго цIалула: «Васал, нужго цIуне» – абураб бетIер. Гьелъ тIолго улбузул рахъалдасан киналго васазда гьарулеб буго нужерго улбузул ракIазе нужее парахалъи бокьун батани, нужго цIунейилан. Аллагьасдаги гьебго жо гьарулеб буго – гIалаялда аскIоб тагьиги, гIакдада аскIоб бечеги, чахъдада аскIоб кьегIергицин цIунейилан.

ШагIиралъул ракIунти тIолго дуниялалъул унтигун жубалеб буго, гьеб лъугьунеб буго дуниялалдего балеб ахIилъун. Гьелда кIвана гьеб асаралъулъ пашманлъиялъул, рухIелалъул тIиналде яккизе, гьеб рагьизе. ГIемерал гIолохъаби камуна Дагъистаналъе доб заманалъ. Гьеб асар хутIана тIолго улбузе хъвараб асарлъун, гьезул ахIилъун, гьезул бухIилъун.

Гьеб асар хъван хадуб дунги Фазуги данделъана. Гьелъ бицана тIокIаб щибниги жо хъвазе кIолеб хIал гьечIила черхалъул, ГIалие тIехь хъвалаго, жий жидицаго къанцIцIунилан. Лъаларила, жиндир тушбаби рохизе жий гьаб хIалалдайищ хутIилеяли яги жинда бергьинейищ кIвелебали… Доб заманалъ хъвараб кочIолъ гьелъ гьадин хъвалеб буго:

**… Нужеда бихьанищ чIегIераб гIазу,**
**ГIунсби къан, рекIеда рекIун хутIараб?**
**ТIад моцIалъ роол бакъ бухIананиги,**
**БухIунги унареб, хIеккинги гьечIеб?**
**Дир рекIеда ччIараб чIегIераб гIазу**
**ГIумруялъ кидалго тамахлъиларо…**

Гьеб заманалъ Фазуда цадахъ ракI унтун вукIана Муса. ЧIечIого такрар гьабулаан цо жо ккечIого хутIиладай Фазуйилан хIинкъун вугила жив, гьелъ жиндирго сахлъи чIвалеб бугилан.

Амма Фазул хасият батIияб букIана. Бокьарал захIмалъабазукьа бергьарай, гьелда кIвана жийго гьаб нухалъги якIа-яхаризе, чанги асарал хъвана гьелъ гьелдаса хадубги. Хасго кIудияб асар гьабула гьелдаса хадуб, философиялъул кьучIалда хъварал, микьго мухъил къокъал кучIдуз.

Цо-цо мехалъ ракIалде кколаан гьелъул бажариги, жигарги, захIмат бокьиги бихьараб мехалъ, гьелъулъ цо чанго чIужугIадан йигин. МагIарулалъул гIумруялде гъорлъе яккун, киналго, гIумруялда чIужугIаданалда дандчIвалелщинал захIмалъабиги рагьулаго, щибаб лага рикIкIун чIужугIаданги йичIчIун, Фазуца гIадин, гьезул цониги хъвадарухъанас бицинчIо.

Дида лъаларо щайдай Фазуца росулъ ккараб цо лъугьа- бахъиналъул асаразулъ бицинчIебали. Гьелъ гIемерал росдал харабазул, росдал гIумруялъул бициндал асаразулъ. Гьеб лъугьа-бахъин ккун буго кIиго чи вагъиялдасан – солдатги гинчдерил цо гIолохъанчиги. Солдатас хIакъир гьавурав гIолохъанчияс гьев чIван вуго. Цинги хъалаялъуб букIараб гIурусазул гарнизоналъ, генерал Тодоренскиясул тIалабалда рекъон, Гиничукь росулъе гIарада бала, гIемерав чи хола, рукъзал тIатIала ккола. Росдал гIадамал, минаби цIи гьаризе ресги букIинчIого, росу тун къватIире ине ккола.

Фазуца бицунаан жал – эбелги жийги, гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб, КIаратIа рукIанила 4 моцIалъ гьалбадерил дора. Гьалбалги Машидат Гьайирбековалъул (м.ч.) хъизан букIанилан. Машидатил эбелалъ жиндие махмаралъул мачуялги гьарун рукIанилан. Гьелда гьеб гIемер ракIалде щолаан.

Унго-унголъун Фазул асарал тIегьарал соналлъун рукIана 1960- 1970-абилел соназда гьоркьоб заман.

1970-абилеб соналъ «МагIарулай» журналалъул редакторлъун тIамуна Фазу. Цебе гьей хIалтIулей йикIараб учпедгизалъул редакторлъиялъул хIалтIи гIемераб букIана. Чияр тIахьазе редакторлъи гьабизе ккеялъ, жиндирго асаразде регIулей йикIинчIо гьей. Гьеб мехалъ учпедгизалъ цIакъ гIемерал тIахьал рахъулаан лъималазе.

«МагIарулай» журналалъул редакциялда гьелъие рес щвана жиндирго асаразде юссине. 1971-абилеб соналъ гьей йищана Ракълил комитеталъул

председательлъун. Гьебго соналъ - Руччабазул Советалъул председательлъунги. Гьел соназ къватIире рачIана гьелъул «Ихдалил гьури», «Нур бикьулеб буго», «ЛахIзат», «Кьолбол мугьру», «Ракьул гIерекъ гьороца унаро» ва гьел гурелги гIурус мацIалда рахьаралги тIахьал.

«Ракьул гIерекъ гьороца унаро» абураб романалъухъ гьелъие кьуна Н.Островскиясул цIаралда бугеб премия.

ГIолохъанаб мехалъго Фазуца хъварал асарал цIалараб мехалъ бихьула кигIан таваккал бугей, бахIарчияй гIадан Фазу йикIараяли.

**…Мун вихьана, тIуркIана,**
**РекIеда цIа бакана,**
**ХьвагIулаго куркьбалгун**
**Духъе йоржун ячIана.**

Гьале анищ тIубазе гьелъул чIванкъотIараб гьира, гьеб гьираялъул бахIарчилъи, гьеб рагIалде бахъине бажари.

Дица цIалун букIана цебего цо Фазуца хъвараб макъала. Гьениб, ракIалда буго, гьелъ хъван букIана – жий йигила хIинчI, жинда лъураб цIарги бугила хIанчIил цIар. Абулеб рагIун букIанила цIаралъул гIумруялъе кIудияб кIвар букIунилан. Гьелъ ятилила жий хIанчIчIида релълъарай йигей. Жиндида куркьбал ругила, гьединлъидал, жий бокьаралъуе йоржинчIого чIоларила. Гьеб жиндир гIайиб гурила.

Фазул гIолохъанаб мехалъ рахъарал тIахьазда гIемерал кучIдул руго куплетаздасан гIуцIарал. Хадусеб заманалда хъварал асаразулъ гьедин хъварал дагь руго. Цо-цо кечI кIицIулго лъугIанилан кколел бакIалги руго. Хъвалаго бачIараб шавкъ чIезабизе кIвечIого, биччан унеб чу гIадин, риччан теялъ. Дица цо нухалъ дирго пикру гьеб рахъалъ загьир гьабураб мехалъ, Фазуца абуна: кечI рекIелъа бачIухъе биччазе кколила, гьелда хадуб-цебе хис-бас лъаларилан. Гьедин букIунеб батизеги бегьула, щивасул жиндирго къагIида букIинарищ асарал хъвалеб.

Сундулъго Фазу йикIана – Фазу. Жиндирго хаслъигун, хисулареб пикругун, шавкъалъул чвахигун, бахIарчилъигун, лебалаб таваккалгун.

РукIана Фазуе квал-квал гьабулел соналги. Гьелъ абулаан: лъабцIул нахъчIвачIого, бахъараб тIехь жиндир цониги гьечIилан.

Фазудаги Расулидаги гьоркьоблъи бигьинабуна мацIихъабаз. Гьезул букIараб гьоркьоблъи киназего загьираб букIана. КIудиял хъвадарухъабазда гьоркьобе гьегъ бана Фазул чIечIого рахъулел тIахьазулъ жахIда ккарал гIисинал поэтаз. ГIажаибаб жо, гьунар мукъсанавгIанав чи чIахIиял поэтазда гIайиб чIвазе лъугьунел ратана гIумруялда. ЦIодораб ххвелги гьабун, гьезие бокьулеб батана дагьал церетIун аразда ганчIал речIчIизе. Гьеб дица рикIкIуна кIудияб хIалихьалъилъун. Нахъасан кIалъачIого, лъица гьукъун букIунеб макъала хъвазе? Гьединазда Фазуца абуна:

**…Дун хвалчад яхъинаро,**
**Чан гIилла батаниги,**
**Хвалчадул лъалилгIанги**

**Багьа гьечIел чагIазде.**
**Дица гьел чIвананиги,**
**Рогьо гуреб цIар гьечIо…** – ян.

Гьелда бугьтанал лъуна, гьелъул жаваб кьела лъураз Аллагьасда цебе.

Фазуеги вокьун, гьей йокьун данделъараб ригьин букIана гьелъулги Дибирасулги. ТIоцебесеб ригьиналдасаят Iалъарай Фазуца 10 класслъугIизабуна, гьей хIалтIизе лъугьана цин пионервожатаялъун, хадубги гIиссинал классазул учительницалъун. Цадахъ учительлъун хIалтIулев вукIарав Дибирасе росасе ана. Гьесие гьей кутакалда йокьиялъул бицен гьаб жакъаги букIуна росулъ. Гьезул рукIана кIиго васги. Цо лъикIаб гьечIеб лъугьа-бахъиналде гьоркьове ккарав Дибир туснахъалде ккана. Гьеб букIана гIи-боцIиялда хурхараб иш. Гьеб мехалъ вац Набица Фазу Дибирасдаса нахъе ячана. Вац Наби вукIана мясокомбинаталъул директор. РагIи билълъарав, кьварарав, бажари бугев чи. Доб мехалъ Набица абураб жо дица хъвачIого толеб буго.

Фазу пединституталде цIализе лъугьана. КIиго соналдасан Дибир туснахъалдаса вуссараб мехалъги Набица Фазу гьевгун рекъезе течIо гьоркьор лъимал рукIаниги…

**…Лъица кьураб къуват доб къоялъ дие**
**Мунгун ятIалъидал бетIер борхизе.**
**РагIи абичIого, я гIодичIого**
**ГIурдаллъиги къотIун, магIарде ине…**

Пединституталдасан Фазу Москваялде Литинституталде цIализе ана. Гьенив данчIварав Мусал Фазухъ рокьи ккола. Амма Фазул гьесдехун гьединабго балагьи букIинчIо. Гьале дие гьелъул яцалъ, Шагьзанатица бицараб: «Фазу Литинституталда цIалулеб мехалъ, дунги Тимирязевасул сельхозакадемиялде цIализе лъугьана Москваялда. Фазуца общежитиялда бакI босичIо, нижее бокьун букIана кIиялго цадахъ рукIине санагIатаб бакI. Литинституталъул азбаралда букIана цо гьединаб санагIатаб бакI бугеб гьитIинал рукъзал. Фазуе гьениб цо рукъ щвана. Гьенир ниж цадахъ рукIана кIиялго гIумру гьабулел.

Гьеб нижеца гIумру гьабулеб бакIалда дандбитIун букIана гастроном-тукен. Нижеда вихьана цо къоялъ Муса, гьеб тукадаса цо жоги босун, нижер бакIалде вачIунев. Фазул ццим бахъана. РетIахъе ретIелгун, кIанцIун ана кроваталде: «Мусада абе дун унтун йигилан. Дие бокьун гьечIо гьесда кIалъазе. Гьесдаса эхебе жо унарев чи вихьичIо», – янги абун, Фазуца юргъан бетIералде цIана.

– Фазуе щиб? Дида гьей гIезегIан тири-гъириго йихьун йикIана радал? – ан гьикъана Мусаца.

– ЦIакъ бетIер унтулеб бугилан, ячIарайго егана, – ян гьереси бицана дица.

Муса ургъалилъ гIодов чIана. Гьес бачIана гургуралъул керенги картошкаги тукадаса. Гьеб дида цебе столалда тIад лъуна. Дун, къотIа-сотIун, къачIан, гьеб бежизе лъугьана. Дунги Мусаги кваназе гIодор чIана. Фазу ягъарулейцин йикIинчIо. Мех-мехалъ Мусаги гьелъул рахъалде валагьулев вукIана. Гьев ине кколаан, Мусаца институт лъугIулеб букIана, гьединлъидал, гьарулел-толел ишал рукIун ратиларищха.

Кваназеги кванан, Муса ана. Гьес нуцIа къарабго, Фазу гIетIульги тIерхьун, тирщун тIаде яхъун ячIана.

– Бахъун букIараб берцинаб махI! Цодагьаб жогIаги дие хутIун гьечIищ? – ан гьей хъазнида хурхана ва гьенисанго кваназе лъугьана.

Цо анкьидаса Москваялдаса иналде цеве Муса нахъойги нижехъе вачIана. Фазуе хъварал кучIдузул тетрадги столалде рехулаго, пашманго, нижее къолъикI гьабуна гьес. Гьенир рукIана тетрадь цIурал кучIдул. Цо кечI чIахIаго хъван букIана:

**…ХIанчIчIил бусен гIадин**
**Гурун расги лъун,**
**Мун ана – дие мун**
**КIваричIин абун…**
**Нич бикьун бакъуе**
**Гъуждулги рагьун,**
**Рорхатал угьдуца**
**ЧIимхалги гъурун…»**

Дица цо нухалъ Фазуда гьикъана: мун «Муса кIваричIиланги» йикIун, кин гьесие арайилан. Гьелъ дие бицана: «Дос бачIараб тетрадалда гьоркьоб букIана цо цIакъ берцинаб тIугьдузул квацIиги бахъараб кIудияб открытка. Гьелда нахъа гьес хъван букIана цо адрес. Гьелда гъоркь хъван букIана: «Дур ракIалъе цо кида бугониги пашманлъи, захIмалъи бугони, цо-кIиго рагIиги хъван, открыткагIаги битIе дихъе» – ян.

БукIана цо гьединаб къо, щибниги гьабун бажарулареб. Кагътал хъирщулаго, цебе рехун бачIана Мусал открытка. Дица гьединабго открытка, салам-каламги хъван, гьесухъе битIана. Гьедин, дагь-дагьккун роцIана нижер гьоркьоблъи. Мусал гьобол вукIана Хунзахъа ГIамирханов МахIакIу. Гьев вукIана хундерил почалъул начальник. Гьев вачIана Мусаца витIун дир эбелалъухъе дун гьаризе. КъватIие дун кьеларилан йикIарай эбел, гьес, эбелалъул вац Мансурихъеги ун, мукIур гьаюн ятана. Алагьасул къадар къед борлъунги бачIунилан абулелъулха. Муса лъикIав, вацIцIадав, Аллагь ккурав чи вуго. Гьев дида аскIов гьечIого гIоларев чи вуго. ЦIа гIадин гьелегьун дун йигеб мехалъ, гьесул гIодобе биччараб, берцинаб рагIиялда кIола, кьерун чIараб дир сабру борчIизабизе. Гьес, цохIо къоялъги, жиндирго васаздаса ратIа гьаричIо дир кIиявго васги. МахIачиеги Жанбулатиеги кIигогIан лъикIав вукIана гьев ГIалиеги Расулиеги. ЯтIалъизе кканиги, цониги квешав рос дида дандчIвачIо. Дица Мусал районалде щвараб мехалъ, гьесул лъикIлъиялъухъ дир кIалъаялдалъун гьезие баркалацин кьуна. Дица абуна: нужер Муса дандчIваралдаса, дун тIокIалъ росгун ятIалъичIо абун. Киналго релъана…»

Фазул кIудияб гьунар букIана кIалъазе. Киданиги гьелъухъ кодоб цIалулеб кагътил тIамач букIунароан. ГIатIидго гIумру лъаялъ, лъай лъикIаб букIиналъ, лебаллъиялъ гьелда кIолаан, йихха-хочичIого, бокьараб бакIалда рагIи абизе.

Расулилгун кигIан хIалуцараб гьоркьоблъи бугониги, гьелъ гьесде квешаб рагIи абулароан, гьесул асарал рецщулаан, гьел цIалараб мехалъ жиндильги асарал хъвазе пикру бижулилан абулаан.

Расулица хъвана поэма «Эбелалъул шал», Фазуца хъвана «Эбелалъул хъахIаб

шал»: Расулица хъвана «АбутIалибица абуна», Фазуца хъвана «ГIумардадаца абуна»; Расулица хъвана «тостазул», Фазуца хъвана «МагIарул тостал».

Москваялде унейщинахъе дица гьел тIахьал росулаан, гьенир ругел гьалбадерил гьариялда рекъон, гьезие.

Фазуца хъвана 40 поэма. Гьелъ жийго рикIкIунаан поэмаби хъваялъул, гьел сюжеталда рекъон гIуцIиялъул махщелчIужулъун. Цо нухалъ телевизоралдасан кIалъалей Фазуца кутакаб къимат кьолеб букIана «ЧIегIераб ящик» абураб ХI.МахIачевасе сайгъат гьабураб Расулил поэмаялъе. Гьелъ абуна Расул кучIдузе гIадин, поэмабазе лъикIав вукIинчIила, амма гьеб поэма гьес хъван бугила тIадегIанаб даражаялда. Гьеб букIана жеги Расул чIаго вугеб мех.

Гьоркьор мацIихъаби рукIинчIелани, гьезул гьоркьоблъи халатал соназ бигъун букIинароан. Расулил юбилеялде район хIадурулеб бугеблъи лъалаан, лъимал гьесул асарал цIализе хIадуреян лъазабулаан. ТIаде щолеб букIана Фазул юбилей, школалда лъицаго щибго хIадуреян абулеб букIинчIо. Дун ана райкомалъул лъабабилей секретарь Ахъаева ПатIиматихъе. ЦIехана юбилеялъул, бицана дица лъимал лъицаниги абичIониги, хIадурулел рукIиналъул. Гьелъ столалъул хъурщиялъуса къватIибе бахъун бачIана ГьоцIдерил комбиналалде заказги кьун гьабураб, Фазул гьаюраб сонги цIарги чIахIиял гIарцул хIарпаца хъвараб адрес. Гьелъ абуна Фазуе кIилкIал рокьулелъул гIарцул комплектги заказ гьабун букIанила. Расул кIалъан вачIанила нуж Фазул юбилей гьабизехъинищ ругелан. ГьабичIого танилан.

– Гьес гьеб гьабугейиланищ абураб? – ан гьикъана дица.

– АбичIо. КIалъан, цIехон вачIиндал хIинкъун ратилаха гьабизе. ТIадежоялъе кватIичIого риххана райкомалги.

1992-абилеб сон букIанилан ккола дун отпускаялъ росулъе арай чIужу, тукаде, рокъобго ретIунеб ратIлилъ, малъалда шлепкабиги чIван, чед босизе ана. Унаго, данде ккараз дида бицана Фазуги гьелъул хIалтIухъабиги гьелъул юбилей гьабизе райкомалъул рукъзабахъе анилан. Дун гьение ана, босичIого чедгун. Дида райкомалъул рукъзабахъ залалда данделъи байбихьун батана. Гьенир рукIана Фазул редакторалги, цо чанго гьел рукъзабахъ хIалтIулев чиги, Хъазанбиев ГIалибегги. КIалъалев вукIана Заур – райкомалъул вукIарав завотдел.

Дир цIакъ ццим бахъана, дунго дикьаго нечана. Дие кIалъазе рагIи кьуна. Дица гьелъул асаразулги, гIумруялъулги, гIадан хIисабалда гьелъул лъикIлъиялъулги бицана. Дица абуна жакъагIаги кьезе ккелила хъахIаб гIарцуцаги къачIан, Фазуе гьабун букIараб адресан. Заурил дида ццим бахъана. Жинда лъаларила гьеб, бихьун букIинчIилан абуна. Щаклъи гьечIо, гьеб цониги райкомалда хIалтIулел рукIаразул рокъоб батизе бегьула гьаб жакъаги.

ГIалибегица абун батана Залмуца «ситуация» хвасар гьабунин. Дир вац вукIана доб мехалъ росдал бегавул, Гинчалги хундериде гьоркьоре унаан, гинчадерил росдал клубалда нахъисеб къоялъ гьабуна квана-гьекъей, цинги тIаде гIалгIаталъуреги ун, гьабуна сухIмат-кепги. Цониги хъвадарухъан вачIинчIо эхеде. Дие рокьуларо хIинкъарал чагIи.

Фазу гIадамазда, гъорлъе раккун, кинай гIадан йикIараяли лъачIого ана хабалъе. Дида лъала гьелъ гIадамазе гьабураб гIемераб лъикIлъи. Дица бицана тIоцебе диего гьабуралъул.

1985-абилеб соналъ ячIана дун МахIачхъалаялде. СагIит 1979-абилеб соналъ ана хIалтIизе пединститутaлде, гьенире хIалтIизе унезул конкурсалда бергьараб мехалъ. (м.ч.). Зайирбег хвараб мехалъ (1984с), Фазул ругьел щвана журналалда редакторасул бакI эркенлъун бугин, сентябрь моцIалде эхее щваян. Зайирбег хваравго, якьад, СагIитил бесдал эбел йикIаниги, жийго тезе намусалъ къабул гьабичIо, СагIитица дун цоги соналъ Хунзахъ тана. Фазуца цоги чиги хIалтIизе восана.

1985-абилеб соналъ, шагьаралде ячIиндал, журналалъул редактор декреталде уней йигин, гьей кIиго соналдасан гурони хIалтIизе ячIунарин, гьелъул бакIалде ахIана дун Фазуца. Сундулъго хаслъи бугей Фазул, хIаким хIисабалдаги, букIана батIалъи. Гьелъ абулаан цIараб къоялде, цо сагIаталъ кватIичIого, хIадурараб журнал кьейилан. Жинда аскIоре гьанире-доре къваригIелалъ ине бегьиларищан гьикъизе рачIунгейилан. Жиндир заманалда журналги кьун, бокьаралъуре айилан. ГIадан хIисабалда, гьей хIалтIулел ясазе унго-унгояй эбел гIадинай гIадан йикIана. Гьей, хIалтIуде щвараб мехалъ, салам кьезе ниж редакторзаби ругеб рокъое ячIунаан, рукъалъул къварилъи-гIатIилъи цIехолаан.

Росги командировкаялъ ун, цIикIкIарал лъималги росулъе ун, дунги гьитIинав васги хутIана цо нухалъ рокъор. Гьеб букIана риидалил тIоцебесеб моцI. Дун сардилъ кутакалда унтана. ТIаде яхъине кIолеб хIал букIинчIо. Мадугьал ун йиго редакциялде (гьелъул нус аскIоб бугеб Минсельхозалда уборщица йикIана). Гьелъ абун буго рокъов росги гьечIин, дунги захIматго унтун йигилан. Нижер рукъ редакциялдаса гIемер рикIкIад букIинчIо – Малыгина 25 рукIана гIумру гьабун. Фазу (м.ч.) киналниги редакторзабигун цадахъ нижехъе ячIана. Гьелъ редакторзабазул цояй ПатIимат ГIалиева дида аскIой тана. ХIалтIул къо инегIан гьей нахъе инчIо. Гьедин, щибаб къоялъ цо-цо редактор, СагIит вуссинегIан, дида аскIор чIезаруна. Цо дие гуро гьей гьединай йикIарай, киназего йикIана.  Гьелъ дихъе тохтурзаби ахIана, гьез хъвараб дару босун дихъе щвезабуна. ГIарцул цIар бахъине биччачIо.

Цо кагъат бачIун буго Фазухъе пединститутaлда цIалулей студенткаялъул. Нольдила, Фазу, мун жинда телевизоралдасан йихьанила, берцинай, цIакъ къачIарай, меседил кверaлги цIурай. Дуда кинабго цIакъ рекъон букIанила. Мун талихIай гIадан йигила. Жиндирни чед босизецин гIарац гьечIила. Фазуца гьей ясалъухъе гьейги цIехон,  гIарацги босун, кагъатги хъван Ума (редакциялъул хIалтIухъан) йитIун йиго гьеб гьелда кодобе кьезе.

Дида лъала цо чанго чиясе Фазуца цIализе жанире рорчIизе кумек гьабураблъиги, цIалулезе кумек гьабураблъиги, цIалун хадуса хIалтIи балагьизе кумек гьабураблъиги. Гьелъие жиндицаго гьабураб лъикIлъиялъул бицине бокьуларoан, амма гьеб гьелъухъе рачIун, гьелъ кумек гьабурал гIадамаз бицунаан.

Фазул мадугьалалъ бицана: «Ниж, хIалтIудаса рокъоре руссунаго, азбаралда бугеб беседкаялде унаан гIодор чIезе. Фазу, къанагIатги, хIалтIул заман лъугIараб мехалъ рокъое юссунароан. Жиндирго асарал хъвалей хIалтIудаго хутIулаан. Цо къоялъ гьей хекко ячIуней йихьана. «Жакъа нилъер Фазу заманалда рокъое ячIуней йиго, бакъ щолареб бакIалда хIучч хъвазе ккела, - ян махсара гьабуна цоялъ. - Балагье цо ретIун бугеб берцинаб кофтаги». Фазу тIаде

щвана, нижеда аскIой гIодой чIана. «Фазу, дуца гьеб кофта босараб бакIалда цоги гьединаб кофта гьечIищ?» – ан цIехана мадугьалалъ. ГIарац кьун, бичун босизе жо кодосацин щоларел сонал рукIана гьел. «ЦIакъ берцинищ бихьараб? – ан елъана Фазу, – дие гьаб Москваялдаса бачIун букIана». Фазу кофта тIаса бахъизе лъугьана. «Фазу, дуца гьабулеб щиб? ТIаде бихьинчи вачIине гурин?» – тамашлъана ниж. Гьелъ, аскIой гIодой чIун йикIарай гIаданалдасаги бахъун, шарф рехана жиндирго гъуждузде, кофтаги мадугьалалда кодоб лъуна. Гьей тирщун тIаде яхъана ва босиларилан чIана. «Фазул кIиго рагIи букIунаро, лъикI ретIине хъван батаги дуца гьеб» – абун жаваб кьуна Фазуца. «Рокъое щвараб мехалда, тIад жоги ретIун, кьезе бегьулеб букIинчIебищ гьеб?» – ан гьикъана АхIмадханил чIужуялъ. Фазуца жаваб кьуна: «Рокъое щведал дир ракIбухIизеги бегьулаан, гьабулеб жо гьабизе ккола ракIалде ккараб лахIзаталъ» – абун».

Гьединаб хаслъи сундулъго букIана Фазул. Гьелъ, рес гьечIел хъизамазул редакциялда хIалтIулел ясал ригьнаде унеб мехалъги цIакъ кумек гьабулаан.

Цо сордоялъ дунги СагIитги площадалда сверулаго, данде ккана Мусаги Фазуги. Цо дагьаб мехалъ хьвадана, цинги Фазуца абуна гьанже жидехъе куракул карш кваназе рилълъине кколилан. Нижер инкар гьелъ къабул гьабичIо. Рахана тIаде. Фазуца дунги тIаде яхъине течIо, жийго ана богорокъое. Хеккого, гьабураб каршги босун, гьей тIаде щвана. Гьелъ карш гьабуна куракул компоталда. Беццулаго гьеб кваналел ругеб мехалъ (м.ч.), Мусаца абуна: «Фазу, карш - квенищ? Залмуе бокьаниги, СагIитие дур карш щай? ХинкIалги гьарун, ахIе гIадамал, карш кваназе ахIичIого, ахIулел ратани». Фазу елъанхъана. «Дида хинкIал гьаризе лъаларелъул, дун къватIийчIвазайизейищ дуе бокьун бугеб? Гьас киназдаго бицуна дир хинкIазул. Цо нухалъ лъималазда аскIове вачIун вукIана Мансурил Залмул вас АхIмад. Дица гьеб къоялъ гьаруна хинкIал… – Фазуца гьеб бицунеб мехалъ гьим- гьидулев вукIана Муса. – АхIмадие бокьана сордо бан нижер лъималазда аскIов вукIине. Гьев эбелалъухъе кIалъана изну босизе. Дир яцгIал цIакъ квание махщел бугей гIадан йиго. Гьелъ цIехон батилаха щиб кванарабилан, дир поварлъиялъулаб махщел долдаги лъалеб букIиндал, АхIмадица абуна жив лъикI квананин, Фазу-бабаца гьарурал резенкадал хинкIалги кванан. Ниж гIодор ккана гIемерал релъун. Мусаца абуна: АхIмадида гурони, Фазул хинкIазда цIар лъезе лъачIилан. «Дица дидаго лъалеб, дихъа бажарулеб жо гурони гьабуларо, – ян елъанхъана Фазу. – ГIапица гьарула гьогьал берцинал хинкIал, хьул лъурабго дой ячIуна, расги кIвахIаллъичIого, хинкIал гьаризе».

ГIапи йикIана Фазул эбел – Шамилил наиб Инквачиласул тухумалъул гIадан. Росги 26 сон бараб мехалда хун, гьелъ гIезаруна 4 лъимер. Гьей ГIарани больницаялда цин поварлъун, цин санитаркалъун хIалтIулаан. Школалда цIалулеб мехалъги гьитIинай Фазу пробиркаби, цIорол банкаби чуризе эбелалъе кумекалъе екерулаан аптекаялде, кумек гьабулаан эбелалъе палатаби чуризе. ГьитIинго захIматалде ругьунлъарай Фазу гIумруялъго на гIадин хIалтIана. Гьелда кIвана хъулухъго гIадин, общественнияб хIалтIиги творчествоги цадахъ бачине.

Фазул яц Шагьзанат йикIана Москваялда тIоцебехъе Хунзахъ районалдаса Тимирязевасул Академия лъугIарай агроном. Гьелъул рос ГIабдулмажидил МухIамад гIемерал соназ хIалтIана Кокрекалъул совхозалъул директорлъун.

Шашаги гьений агрономлъун хIалтIулей йикIана. Дида лъалароан Шашацаги кучIдул хъвалеблъи. Кокрекалде араб мехалъ, Фазу хун хадусел соназ, дие Шашаца цIалана Фазуде гьарурал кучIдул, гьелъ цIалана цогидалги жинцаго гьарурал кучIдулги. Гьелъ бицана жидер инсуцаги хъвалаанила кучIдул. Гьесул ГьамищтIа росулъ йикIанила цо гьудул. Гьелъул цIар лъун бугила инсуца жиндида. Елъулаго Шашаца дие цIалана инсул «гьудулалде» хъвараб цо рокьул кечIги. Дида ракIалде щвана Фазуца бицун букIараб. Жий «математикаялъул агьлу гурин, инсул тайпа йигин» Мансурица абурал рагIаби. Дица Шашада цIехана гьединал берцинал кучIдул щай дуца басмаялда рахъичIел абун. Гьелъ жаваб кьуна: «Набица абуна цо рокъой цо «гIабдал» гIелилан. Дов, магIишаталъул гурони, поэзиялъул чи вукIинчIо. ЧанцIулаго гIолохъанаб мехалъ Фазудаги абулеб букIун буго хъвадари жахIабго теян. Фазуца тун гьечIо. Дун долдаса цIикIкIун хIинкъулаан вацасдаса. Набида кIвечIо Фазул прическа хисизабизеги. Долъ абулаан жиндир росги васалги ругин, гьез гьеб жиндие гьукъуларилан, Набица жаваб жиндирго хъизаналъул кьейилан. Дой бахIарчияй чIужу йикIана. Дие Фазу бищунго камуна, гьей дие яц гурейги, гьудуллъунги йикIана. Нижер цIакъ данде кколаан».

Гьелъ абулаан жий киданиги ралъдалъ чвердечIилан, я гьений тира-сверизе регIичIилан, цингIаги курорталде инчIила. ГIумру хIалтIулаго анилан.

Фазуца хъван букIана поэма «Комиссар». ТIехь бахъиялде иш гIагарлъулеб мехалъ мацIихъабазул бакI-бакI унтизе байбихьана. Аваразул секциялда гьеб гьоркьоб лъезе хъвадарухъаби данде ахIана. Гьелъул эмен рагъ ккелалде цересел соназ хванин, гьев комиссарги вукIинчIилан хабар багъарана. Дун гьеб данделъиялде инчIо.

Авар секциялда гьоркьоб хъвараб поэма, цIияб тIехь лъолеб гIадат букIана. Гьеб какизе гъоркьан чагIи хIадури букIана хIалихьалъи. Секциялъул нухмалъулев вукIана ГIадалло ГIалиев. Хириясулаевас, М.ГIисаевас, ГIадаллоца, М.Шамхаловас поэма какарал кIалъаял гьарун руго. Фазуца гьезде гьабулеб гIайиб букIинчIо. Бокьараб пикру загьир гьабизе ихтияр букIунелъул. Залпа МухIамадрасулова жиндица Литинститутиалде цIализеги йорчIизаюнила, багIараб диплом щвезе кумекги гьабунила. ГьелъиегIаги къваригIараб жо щибдай букIарабали лъаларилан абуна Фазуца. Щибаб кIалъай протоколалда хъвалеб букIун буго. Киналго кIалъан рахъуна, Фазул тIехь бахъизе бегьуларилан хIукму гьабула. Киналго кIалъан рахъараб мехалъ Фазуца бихьун буго инсул сурат, комиссарасул ишара бугеб ретIелги ретIараб, гьелъул кIалъаялдаса хадур киналго цIоро-гъорон хутIун руго. Гьеб секциялъул материал, протокол «Литературный Дагестан» журналалда бахъун букIана. Гьелдаса хадуб ГIумархIажи Шахтамановас аваразул секциялде рагьараб кагъат хъван бачIун букIана, гьеб хIалихьалъи какараб. ЖахIдачагIаз бигъине гьабулеб букIана шагIиралъул гIумру.

Гьеб киналго гIахьаллъараб данделъиялде ячIинчIилан диде гIайиб гьабуна. Дун йикIинчIеблъиги бицине ун ратиларищха. Бокьулаан мацIихъабазе Расул цин-циязде гьусизе, гьесул ццим бахъинабизе.

– Мун кигIан кутакаб хIалтIуда йигей гIадан, ахIараб мехалъ ячIинчIого йикIине? Дихъе ахIараб мехалъ вачIунарев чи Обкомалдагицин рукIинчIо, – ян абуна Расулица.

– Рузман къо «приёмный» къо букIунелъул, халкъалъул очередь букIуна. Гъеб къоялъ Общий отдел къазе рес букIунаро, – ян, гIодое йиччан, жаваб кьуна дица Расулие.

Расул цодагъав вигьа-вичун вачIана, газеталда букIараб гьесул вацасул чIужу ХIузуде гьабураб кечI дица рекIехъе цIалараб мехалъ. ХIузул вацасда ХIажида ригьнада йикIана Фазул яц Нуцалайги.

Расулица гьикъана:

– Дур щиб пикру бугеб Фазул асаразул хIакъалъул? – илан.

– Дие гьелъул поэзиялдаса проза рекIее гIола, долъул гIолохъанго хъвараб асарал цIикIкIун рокьула. Долъул мацIги гьечIищха берцинаб? – ан абуна дица.

– Цониги Фазул кечI рекIехъе лъалищ дуда?

– Лъала.

– РикIкIея цо дие.

Дица рикIкIана росдаде гьабураб Фазул кечI:

**… Балагье, гьурмаде рукIкIен рехана,**
**РикIкIада хутIарал дур хивалаца.**
**Хал гьабе хъахIаб рас баккана дида**
**Дур мугIрул регигун, гIагараб росу.**
**МугIрул карандаса кар бан чвахулел**
**Дур чабхил иццазухъ урхъун йиго дун…**

Расул гIенеккун чIана таманаб мехалъ.

– ЛъикIаб буго. Гьелъ гьединал кучIдул хъвалаан цере. Гьанже гIолохъабаз абулеб буго гьелъ хъвараб жо цIалун бажаруларилан. Гьелъул кучIдул халатал рукIуна, магIна гьечIел рукIунаро.

– Дулъе гьей яхъунаро. Амма долъие бищунго бокьула дур поэзия. Гьелъ рекIехъе цIалула дур кучIдул. Жиндихъа, духъа гIадин, кечI лъугьунарин абула долъ.

– Диргун тушманлъиги гьабун чIана гьей.

– Долъ дур хIакъалъулъ киданиги квешаб рагIи абулеб рагIичIо дида… (РагIунги букIинчIо).

Расул лъикIго вигьа-вичун вачIана. Дун, гIезегIан мех гьесда аскIобги бан, нахъе ана. Рокъое щвараб мехалъ СагIитица цIехана щиб хабар букIараб дирги Расулилгиян. Дица кинабго битIахъе бицана. СагIит диде семана:

– Дудаса кIудияй гIабдал гьаб шагьаралда ятиларо, Расулие Фазул кучIдул цIализе уней.

– Дица ракIалда букIахъе абуна. Гьереси бицарабани, Расулида гьелда гъорлъан канлъи бихьилаан. Дихъа, рекъарасе рекъараб бицун, накъитал гьарунги бажаруларо.

– Гьедин батани, мех-мехалда Фазул кучIдул Расулие цIализе а.

– Дица гьесие гьесулабги цIалана…

– Гьебги цIалун чIезе лъарабани, цIодорай йикIинаан мун…

Дун, дагIба халалъизе бокьичIого, цогидаб рокъоехун ана.

Фазу творчествоялъул борхалъуде яхана, къеркьолаго, захIмат бокьиялъ, свак я кIвахI лъангутIиялъ. РогьинегIанги Фазул машинкаялъул сас къотIуларилан

абулаан гьелъул мадугьалзабаз. Борхалъиялде яхунеб нухда гьелъул аслияб ярагъ букIана ритIухълъиги гьунарги.

Фазулги Расулилги халат бахъараб, цоцаздаса ракIхвей букIинчIого букIине бегьулаан, гьоркьор мацIихъаби рукIинчIелани. Гьезул ирга дидеги щвана. Нижер гьоркьоблъи бигъинабизе цо пуланав чияс Фазуда абула Залмуца абунила дур орденалда бриллиантал дагьал ругин Расулилалдасайилан. Гьей цо къоялъ дида ракIхун, барщун ятана. ГIолохъанаб мехалъ долъ къватIул харбазухъ гIин тIамулароан, гаргадулел рукIайилан толаан. Херлъараб мехалъ, хасго захIматаб онкологиялъул операциялдасаги, облучениялдасаги хадуб, Фазу цодагьай хисана. Гьелъул бахIарчилъи чучлъулеб бугилан кколеб букIана. Гьелдасаги пайда босун батила мацIихъабаз.

Дица Фазуда абуна: «ЦIакъ «неграмотный» мацIихъан вукIун вугин гьеб дуда бицине вачIарав чи. ЦохIого орденалда щал ганчIал гьезда тIад ратаниги, гьел цохIого къадаралда рукIунеблъи лъазе гIураб гIакълуги лъайги дир бугилан».

Цо пуланав хъвадарухъанасул цIарги рехсон, гьелъ дие жаваб кьуна: пуланав чияс гьереси бицунарилан.

Лъаларо, батIайиса мацIихъанас абулеб букIараб жо гьелда мекъи бичIчIун букIарабищали. Гьей цодагьай гIинде бакIлъунги йикIана. МацIихъанасул мурадги дида лъаларо, дие Халкъияй шагIиралъул цIар кьезе гьелъ квалквал гьабизе бегьилилан хьул букIараб батани гурони.

Дица гьеб АхIмадовасда бицана. Гьес абуна Расулил поэзиялда бриллиантал Фазулалдаса гIемер ратилин абураб жо гьелда мекъи бичIчIун батилилан. Гьеб балъгояб жо гуро. Щивасул гьезул руго бриллиантал гIемерал бакIал. Расулил цIикIкIун ратизеги бегьула.

Фазуги Расулги ахиралда рекъана. МацIихъаби хутIана, жеги гьезул чанги хIалтIи батила нахъеги гIадамазул гьоркьоблъи бигъинабизе. Ирга лъидеяли лъаларо.

Фазу йикIинчIо ракI квешай гIадан. Гьей, цоим бахъараб мехалъ, бакараб цIа гIадин пирхунги ячIун, хехго гIодое йиччалаан. Ахирисеб нухалъ дида гьей йихьараб мехалъ, гьей цIакъ загIиплъун йикIана. МахIачил ургъалица жий чIвалей йигин, жинда гьесул бугеб унти битIун бицунебги гьечIилан зигардана гьей. Дица ракI-макI гьабулеб букIана, амма гьелъ эхебе биччалеб гьечIолъи бихьулеб букIана. Жиндица рекIехъе лъалелщинал Къуръаналъул аяталги цIалун, Аллагьасда гьарулила жиндирабги гIумру МахIачие кьейилан. Гьаб щибаб къойил гьев жиндихъе щвечIого чIолароанилан бицана гьелъ. Гьесул лъадиги гьелъие бищунго йокьулей йигоан. ТалихIалъ, гьелъул тIубанго ракI лъукъизе, гьелда (м.ч.) МахIачил хвел бихьичIо. ЛъикIав инсан вукIана, киналго хваразул мунагьал чураги.

Фазуда гIемер дугIа-алхIам, аятал рекIехъе лъалаан. Аятул курсиги, лакъаджакумги гьелъ абулаан кидаго какда хадуб цIалулилан.

Дун хIежалде унеб мехалъ, гьелъ битIун бачIана 100 доллар, аварагасул (с.т.гI.) хабада гьелъухъ росун Къуръанал лъеян. СияхIги букIана цадахъ. Дица гьеб гьелъул кагъат нахъе цIунун буго. Гьелъул мурад тIубазабуна, нахъе хутIараб гIарцуде дица гьелъие цо шарфги абадияб рокъобе ретIунеб ретIелги босана. Дида кIвечIо гьелда гьеб ретIел дуе босанилан абизе, дуца гIемераб садакъа гьабулелъул, лъиениги кьезе букIине босанилан абуна. Гьей, тирщун

тIаде яхъана, дида къочана, лъиениги кьеларин жиндиего телилан абуна. Гьеб босизе жинца жеги гIамал гьабун букIинчIилан. Гьебги каранде къан, гIодана гьей, дунги гIодана цадахъ.

Ахириял соназ хъварал асаразулъ ятуларо гIолохъанаб мехалъ йикIарай Фазу.

**…Дир кучIдул цIалараца**
**ЦIадирабазда тIад лъе**
**Дир гIумрудул къоязул**
**Къварилъиги рохелги.**

Яги:

**Гьаб бигъараб гIомо дир гIумру буго…**

Яги:

**МагIу гIаркьахараб чIинхазде буссун,**
**ЧIучIуна гьелъ рохел, рухIалъул тирхи…**

**…НоцIахараб хIехьлъун хутIана ургъел…**

**…МагIу дир бералъе гьулчун бачIани,**
**Гьеб даим тIинкIана рекIел тIиналде…**

ТIасан йихьизе талихIайилан кколей чIужугIаданалъул рекIел хIал бихьулищ? «Бералъан чвахулеб магIуялдаса рекIелъ жаниб къараб къвакIараб буго» – ян хъвазе ккани, чанги пашманлъи, къварилъи хIехьана шагIиралъ. Васасул хвел, вацасул хвел, эбелалъул хвел – кинабго рекIелъан биччазе бигьаяб жо гуро. Гьел лъугьа-бахъиназдаса хадур хъварал кучIдузулъ гьелъул бихьула унго-унгояб шигIрияб махщел. Гьединал гъварилъи бугел кучIдул цере хъварал асаразулъ ратуларо. Гьел кучIдузулъ йиго унго-унгояй бахIарчияй, къвакIарай, къварилъабакьа къечIей Фазу. Гьел хвелаздаса хадуб Фазу ракI тIеренай, хекко рекIеда жо балей, къварилъахъудей гIаданлъун лъугьана. Ахирги гьелъ хъвана:

**…Гьаб бухIиялдеги рухIелаздеги,**
**ГIазуде хIинчI гIадин, ругьун йиго…** – ян.

… «Нартги тIагIун хутIараб чирахъалде» сверун йигилан. Цо-цо мехалъ анищ гьабулеб буго рекIее дагьаб парахалъи щвезе, гIолохъанлъиялъул гьалатIазде тIадюссине:

«Херлъидал гIакъиллъи – тIокIлъи кколаро», амма гIолохъанлъиялъул гьалатIазда гъорлъ букIана гIадатлъи, «гIурччинаб ихалъул харилъ гIадинаб, тIокIкIарал иццазул тIокIкIин гIадинаб…»

**Жакъа анищ дие доб рекIел гьулчи**
**РакIалъ цIалелъуе цIавуцIун ине,**
**ЦIа рекIун бухIулеб анищгун мурад,**
**Мурадалде щведал йохизе лъалеб…**

Фазу разилъулей гьечIо жийго жиндасаго, рекIелъа цIа свиндал гIакъиллъийилан гIакълуялъ черхалда гьабулеб ханлъиялдаса. Гьелъул анищ буго, гIодойги чIун, ракIалдещвеязул лал гьурщизе. Поэтасул рухIияб дуниял бигьа-бихъаго бичIчIулеб жо букIунаро. Цо-цоязул талихI гIолохъанлъиялда хутIула, цо-цоязе гьеб хадусеб гIумруялда щола. Нилъеда лъаларо гьел рагIаби хъвалаго Фазул рекIелъ букIараб талихIаб лахIзаталъул пикру. Фазул бахIарчилъи буго захIматал лахIзатаздаса бергьине кIвеялъулъ. Гьей бищунго гIемер къеркьолаан жийгогун.

МухIамадрасул Расуловас бицун букIана: «Цо къоялъ Фазуца Переделкиноялда лъабго цоялдаса цояб берцинаб ретIел хисана. Гьелъухъ балагьараз гIажаиблъи гьабулеб букIана. Дица гьелда цIехана кие ине хIадурулей йигейилан. Фазуца жаваб кьуна, щибниги жо гьабун бажарулеб гьечIила, тIехьгIаги цIалилилан кодобе тIехь босанила, кIвечIила гьебги цIализе. Бахьараб щциналъ, яхъун тIадегун, иргадал ретIелги хисун, гIакъуба кьунила жиндиего, гьанже кваназеги кванан, цо свериги бахъун, инила хIалтIизе кIолищали хIалбихьизе. КваназегIаги кIвеладай дудаян велъанхъана дун. Квенни дица, щиб таниги, толарин жаваб кьуна Фазуца елъулаго».

Гьединай, сундулъго гIажаибай йикIана Фазу. Гьелда цIакъ хеккого бичIчIана Аллагьас кьураб гьунар гIадада хвезе тезе бегьунгутIи, къварилъабалъги, рохелалъулъги гьеб цадахъ букIине кколеблъи. Фазуца кинабго: гьунарги, пагьмуги, бажариги, бахIарчилъиги дандеги бачун, цо рахънисан чвахизабуна. Гьелъ гьей поэзиялъул борхалъуде яхинаюна. Сон– церекъад жиндир гьунаралъе роржен кьураб, жиндир хIалтIуе шапакъатал кьураб улка биххун бихьи, гIадамазул гIумру квешлъун бихьи, квешал гIадамазул къимат борхун бихьи захIмалъана Фазул рекIее.

Багъарана Дагъистаналда гъалмагъир. Фазу гьел къоязги яхчун, юцIцIун чIечIо. Гьей щвана Новолакалде, мугIрузде¸ Грозныялде. Гьей дандчIвана Масхадовгун, Дудаевгун. Гьелъ халкъ ахIана ракълиде, сабруялде, гьудуллъиялде. Гьелъ абулаан цохIо анищ бугила жиндир – рагъ ракьалда ккечIого букIин, лъималазда бидул гIорал рихьичIого хутIи. Гьелъул асаразулъ кIудияб бакI рагъул темаялъ ккеялъе гIилла – гьей рагъул замана бихьарай, гьелъул захIмалъи– кьогIлъи гIадамазда цадахъ къулчIарай гIадан йикIин буго. ЧIваразул магIирокъойги, холел бахIарзазда аскIойги йихьула нилъеда бахIарчияй Фазу гьелъул асаразулъ. «АнцIила микьабилеб их» абураб поэмаялда гьелъ абулеб буго Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасда:

**…Дунин холеб мехалда**
**Хиялазулъ, анищалъ,**
**Хогеян ахIделаго,**
**Дуде тIаде къуларай…**

Хадусел захIматал къоязги шагIир йикIана халкъгун. Гьей кIалъазе яхъана рагъухъабазда цее.

Дица абила тIуян гIадамазда йичIчIичIого нилъедаса Фазу ятIалъанилан. Гьелъул кIудияб творчествоялда жанир цIакъ гIемер руго рекIее асар гьабулел, пикру гъваридал, гьайбатал дандекквеязул, метафорабазул, эпитетазул цIурал

асарал. Гьелъ хвелалде цо лъабго соналъ цебе дие цIалун букIана жиндего хъвараб кутакалда пасихIаб халатаб кечI. Гьениб гьелъ абулеб букIана «нужеда чIаго йичIчIичIей жий хвараб мехалъ йичIчIилилан, нужеца какарай жий, ещцулеб мехги бачIинила, «дир симис халатал» шалазда хадур нуж лъугьунеб, дир нужеца какарал гурдазул кесказул интерес гьабулеб, дун тIад гIодой йикIараб бакIида тIад «меседил инструктация» гьабулебги мех бачIине бегьулилан. Замана хисардулеб жо букIунила. Нужей бокьаниги бокьичIониги, жий гIадинай гIадан бачIунеб нусго соналда жаний я йижилила, я йижиларила.

Гьелда лъалаан жийго йокьизе, жиндирго хIурмат гьабизе. Жиндирго хIакъалъулъ бахIарчиго рагIун абизе. Гьей ватIан хирияй, йижараб ракь хирияй, гьелъие рухI кьезе хIадурай, ватIан беццунги, ватIаналъул яс жийго ещцунги хIалхьоларей Фазул доб кечIги цо къоялъ къватIибе баккизе бегьула.

Фазу йикIана Фазу! Такрарлъи гьечIей, рухIгIан ватIан хирияй гIадан.

**…ВатIан тун къватIибги къоял аниги,**
**Духъе нух къосинчIо, гIагараб тIалъи…**

Гьелъ нилъеде васигат гьабулеб буго росулъе унеб сухъмахъ цIунеян, гIагараб ракь цIунеян.

**…Гьал дур кьурабазул гьитIинаб сухъмахъ -**
**ЙиличIо кIудияб дунялалда дун.**
**Гьал дур хурдузулъа цо щубил горо -**
**Щалайдулъе цIадлъун инчIо дир гIумру.**

ИнчIо, Фазу, дур гIумру щалайдулъе цIадлъун. Мун хутIана дурго гьунаргун, дурго бахIарчилъигун, дурго хаслъигун. БачIина замана лъаларезда мун лъалебги, йичIчIуларезда мун йичIчIулебги…

***Залму БАТИРОВА,***
***Дагъистаналъул халкъияй шагIир.***

## МУХIАМАД ГIАБДУЛГIАЗИЗОВАСУЛ ГЪУНАРАЛЪУЛ ЛАХIЗАТАБ ДАИМЛЪИ

МагIарулазул машгьурав хъвадарухъан, пасихIав шагIир, махщел бугев суратал рахъулев устар, къалам бегIерав журналист МухIамад ГIабдулгIазизовасул цIар бахъарабго рекIелъ цо хинаб асар лъугьуна, щай гурелъул гьев нилъер миллаталъул бищунго къадру-къимат ва яхI-намус цIикIкIарал гIадамазул кьерилъ вукIиналъ.

Гьаниб байбихьудаго къокъго бицина гIумруялъул соназул рахасалде лъабкъоабилеб гIекI жубарав ГIабдулгIазизов МухIамадил хIакъалъулъ.

МухIамад ХIасанович ГIабдулгIазизов гьавуна 1962 соналъ Хунзахъ районалъул ГIуркIачIи росулъ. Дагъистаналъул художественнияб училищеялдаса хадуб гьес тIокIлъигун лъугIизабуна Москваялда М. Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институт. Гьев ккола Россиялъул хъвадарухъабазул, художниказул ва журналистазул Союзазул член.

Гьанже гьев хIалтIулев вуго Буйнакск шагьаралъул администрациялъул пресс-службаялъул руководительлъунги ва Буйнакскиялда бугеб Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Регионалияб отделениялъул нухмалъулевлъунги.

ХIалтIулъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилазухъ ва гIемерсоназулаб жамгIияб хIаракатчилъиялъухъ Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъ М. ГIабдулгIазизовасе кьуна ХIурматалъул грамота.

Гьев гIахьаллъана Пятигорск шагьаралда тIобитIараб «Северияб Кавказалда Пушкинил къоял» абураб поэзиялъулаб фестивалалда.

Адабияталъулаб хIаракатчилъи гIолиллъудаго байбихьарав ГIуркIачIиса магIаруласда кIвана магIарул ва гIурус мацIалда рахъарал тIахьал дагъистаниязул адабияталъул асаразухъ урхъаразе сайгъат гьаризе. МагIарул мацIалда къватIире риччарал гьесул тIахьазул сияхI гьаб макъалаялде босулеб буго дица, гьезул цIараздасанги загьирлъулеб бугелъул М. ГIабдулгIазизов «анкьгьунар» абураб рагIиялъе мустахIикъав вукIин: «Берцинай», «Накъшубандиял цIваби», «ГIабдурахIман-хIажи ас-Сугъури», «Къудукьа Мусалав», «ТIарикъаталъул жавгьар», «Дунялалъул ахирай чIужугIадан», «ШагIирасул сверабазда», «ЛахIзатаб даимлъи» ва цогидалги.

ГIурус мацIалда рахьун руго «Кривые зеркала», «Караван мудрости», «Стоик Российской политики», «Тренер от бога», «Ислам – путь истины и спасение всего человечества», «Война без линии фронта».

ТIадехун рехсаралги рехсечIелги магIарул тIахьазда гьоркьоса лъабгояб буго жакъа дида цебе жидер хIакъалъулъ гьаб макъалаялда бицине гъорлъе ваккун хал-шал гьабураб.

Байбихьилин 2008 соналъ басмаялда бахъараб «ЛахIзатаб даимлъи» абураб унго-унголъун хIикматаб цIар лъураб шигIриял асаразул мажмугIалдасан.

МухIамад ГIабдулгIазизовас нилъер адабият бечелъизабиялде ва цебетIезабиялде тIамураб тIоцебесеб галилъун лъугьараб гьеб гьитIинабго тIехьалъе цеберагIи хъвазе тIаде босун буго магIарулазул кIиго машгьурав шагIирас – мунагьал чураяв ГIабасил МахIамадица ва гIумру халалъаяв МахсутI ЗайнулгIабидовас.

ГIабасиласул «Дир гьудул ГIабдулгIазизов» абураб цеберагIиялда тIехьалъул авторасул шигIрияб махщел-гьунар щвалде щун букIиналъе нугIлъи гьабизе мисалалъе босараб кIиго гьадинаб мухъ батана гьениб:

**Пашманлъиялъ куцана, кици тIамун, воххизе.**
**Роххалица малъана, велъулаго, гIодизе.**

Гьай-гьай, гьаб дирго макъалаялде босизе мустахIикъаблъунги бихьана дида гьеб байт – шигIрияб кIиго мухъ.

Макъсуд ЗайнулгIабидовасул «Дир цIалдохъан ГIабдулгIазизов» абураб цеберагIиялда кьун буго магIарул шагIирасул гьунар щвалде щвараб букIиналъе нугIлъи гьабулеб, кутакалда пасихIаб ва гIакъилаб кочIолъа гьадинаб куплет:

**Бегун унеб буго чинаридул гъветI,**
**Къун лъугIулеб буго гьелъул магIил ицц.**
**Бегараб гъотIода тIад гIодовги чIчIун,**
**ГIадамас хъалиян кьурулеб буго.**

«ЛахIзатаб даимлъи» тIехьалъул тIоцебесеб бутIалъун лъугьун буго Макъсуд ЗайнулгIабидовас мисалалъе босараб гьебункъо мухъ гьоркьобе унеб «Чинаридул гъветI» абураб поэма. Гьелъие эпиграфлъун авторас босун буго жиндирго ункъо мухъ:

**Дунял – магIирукъ буго**
**ГIакълу бугев чиясе.**
**ГIумру – гьеб бертин буго**
**БетIер хIалтIуларесе.**

Гьаб эпиграфалъги доб Макъсуд ЗайнулгIабидовасул цеберагIиялда бугеб ункъо мухъалъги бицунеб буго анцIила щугониги гьитIинаб бутIаялдасан гIуцIараб гьеб философияб поэмаялъул. Философияб магIна буго ахирисеб кIиго мухъилъги:

**Турун лъугIулеб хIехь белъулеб буго:**
**Лъимер инсудаса цIодораб бугин.**

Поэмаялдаса хадур гьенир руго кучIдул: «Чваххул лъар», «ЖахIда», «ЦIунаги», «МагIарул Париж», «РитIухълъи», «Даку Асадулаевасде», «ГIабасил МахIамадиде», «Лётчик-испытатель МухIамад ТIолбоевасде», «Пушкинние» ва цогидалги.

Гьанибго рехсезе ккола гIагараб росдаде гьабураб «Хирияб ГIуркIачIи – гIумрудул гьулак». Жакъа гIемерал магIарулазул рекIее рахIат толареб пашманаб пикру гьезулъ загьир гьабун бугелъул, ахирисеб ункъо мухъ макъалаялде босулеб буго:

**Хобгицин бокьила инсул ракьалда,**
**Апараглъиялда гIумру аниги.**
**ГIицIго гьаниб буго дир нухлул ахир –**
**Абадияб рокъой къирулеб нуцIа.**

Гьеб тIехьалъул кIиабилеб бутIа ккола «Эбел, тIаса лъугьа!». Гьелъие кьун буго шагIирасул эпиграф:

**Дир эбел – дир хIеж йиго**
**ХIабургъараб ракьалда.**
**Дир эбел – дир кечI йиго**
**Бакъулаб дунялалда.**

Гьел рагIабаз гIажаиблъизавурав дица пикру гьабуна эбелалде кечI хъвачIев шагIир валагьизе захIмалъилилан, амма гьезул цонигиясул кочIолъ эбел жиндир хIеж йигин, жиндир кечI йигин ахIулеб батиларин. Цоги рахъалъ босани, авторасда батун буго цониги шагIирасул гIакълуги, пагьму-гьунарги хадуб гъечIеб куцалда васасулги эбелалъулги гара-чIвари бихьизабизе. «Барка, хIалчIахъад, дур шигIрияб гьунар!» – ан ахIилин ккола ахиралде щвезегIан гьеб цIаларас.

Гьенибго кьун буго «Эбелалъул зонохъ» абураб кечIги. ШигIрияб пасихIлъиялъул тIогьибе тIамураб галилъун лъугьун буго гьеб. Мисалалъе бачинин гьениса цо куплет:

**Эбел! Дида ккола, сонал аниги,**
**Сон вукIанин дуца дун кинида лъун.**
**Каранде дунги къан, рогьарал сардал,**
**Соназ цере гурел, жакъа рукIанин.**

РекIелъе пашманаб гъаргъар рещтIинабула, эбелалъул зонохъ зиярат гьабулев шагIирасул кочIол ахир цIалани:

**ЦIорораб зонода балеб буго къвал,**
**Бералги магIил цIун, «Эбел! Эбелин!»**
**Эбелалъ абуни ахIулеб бугин**
**Кколеб буго дида «жий чIаго йигин!».**

Лъабабилеб бутIа – «ГIищкъул цIадираби». Гьелъие эпиграфлъун босун буго кIиго шигIрияб мухъ:

**Рокьи – гIаламат буго,**
**ГIищкъу – карамат буго.**

Гьеб бутIаялде авторас росун руго лирикиял кучIдул. Гьел киназулго бицине гьаб макъалаялда бакI гIеларо, амма «Духъ ккараб рокьи дица кьеларо лъиениги» кочIол ахирисеб ункъо мухъ къалмикье босичIогоги теларо:

**Рокьул музыка биччай бачине зобалаца,**
**Зурма-къалиги кьабун, кьурде гьал континентал.**
**ГIищкъул симфониялъун хъуде нуж, океанал,**
**Духъ ккараб рокьи дица кьеларо лъиениги.**

Гьаниб суал кьун тела: «Лъил лирикияб кочIолъ лъица цIаларал гьадинал хIасратал рагIаби?»

Ункъабилеб ахирисеб бутIа – «Маржанул жугьаби». Гьаниб эпиграф хъван тела, хадубккун гIатIидго бицине бугелъул.

**Пикру квегъизе ккола,**
**Квелъ балеб барти гIадин.**
**ГIакълу буцIизе ккола,**
**НоцIцIахараб цIул гIадин.**

Огь, машаллагь, гьеб ункъо мухъилъ бугеб кIиябго дандекквеялъул камиллъи! Гьелъги нугIлъи гьабула авторасул шигIрияб пагьму-гьунар квер гIунтIулареб борхалъиялде бахун букIиналъе.

Гьанже ирга щвана 2015 соналъ Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччараб М. ГIабдулгIазизовасул «Пикрабазул нур» абураб тIехьалъул бициналде.

Гьелъул ункъабилеб бутIаялда авторас лъун буго «Ахирзаманалъул Диоген» абураб цIар.

Диоген вукIана некIсиял греказул философ (нилъер эраялде щвелелде гIага-шагарго 412–323 сс.). Гьев вукIун вуго доб заманалда Грециялъул гIемерал машгьурал гIадамалгун – Платонгун, Демосфенгун, Александр Македонскийгун, Евклидгун дандчIварав чи. Гьесул гIумруялъулъ ккарал гIажаибал лъугьа-бахъиназул харбал, гIакълаби, насихIатал, хIатта баснябигицин тIиритIун рукIун руго тIолабго Грециялда.

МухIамад ГIабдулгIазизовасул гIажаибаб пагьму-гьунаралдалъун ахирзаманалъул Диогенлъун лъугьинавурасул анцIгоялдаса цикIкIун хабаралъулгун лъай-хъвай лъугьиналъ квербакъи гьабила гьаб тIехь цIаларасул гIакълу камиллъиялъе гуребги, гIадамазда гьоркьоб гьесул хьвада-чIвади лъикIлъиялъеги. Гьезул ахирисеб гIакъилаб пикру баккун бачIунеб бакъул чIор гIадин кунчIараб хабар гьаб макъалаялдеги босулеб буго дица.

* * *

Диогенил, цIунцIрабазул гохIго гIадаб, гIодобго минаялда цун, цIакъго берцинаб щутIалаяб хъала бана мадугьал – цIогьорас.

Гьоркьа тIаде гьесухъги валагьун, Диогеница абуна:

– ГIадаллъи гIицIго кидаго зодобе харула, жиндирго ахIмакълъи бихьичIездаги бихьизабизелъун. ГIакъиллъиялъе абуни, жаниб чIчIезе хьощ бугониги гIола, – ян.

Щуабилеб ахирисеб бутIаялда цIар – «ГIуркIечIдерил гIабурикIазул чабхъенал». Гьезул бициналде цин баян гьабилин гIабурикIал щал кколелали.

С. И. Ожеговасул «ГӀурус мацӀалъул словаралда» «абрек» абураб рагӀуе гьадинаб магӀна кьун буго: «Кавказ Россиялде цолъизабуралдаса хадуб пачаясул аскаразде ва администрациялде данде къеркьеялъулъ гӀахьаллъарав мугӀрузул чи».

НекӀсиял аланазул-асатӀиназул мацӀалдаса бачӀараб гьеб рагӀи магӀарул мацӀалда хӀалтӀизабула «гӀабурикӀ» абун. Цо-цо магӀарул росабалъ ГӀабурик хасаб цӀарлъунги лъугьун буго.

ГӀуркӀеч1дерил гӀабурикӀазул чабхъеназул цевехъан щив вукӀаравали баянлъулеб буго гьеб бутӀа байбихьулеб «Магърибалъул наиб» абураб хӀакъикъияб хабаралъе авторас эпиграфлъун босараб Хьаргабиса МухӀамадбегил кочӀолъа лъабго мухъалдаса:

**Къо ккараб бакӀалда, ХӀайдар гӀадинав,**
**ГӀуркӀачӀиб бижараб жал бурияб бацӀ**
**Муртазаги гурищ дуй хӀалай вугев.**

Ахирисеб мухъалдасан бичӀчӀизе ккола «Шамил имамасе хӀалай» абун. Хадубккун цӀаларасе гьев щивали баянлъизе дица гьаб макъалаялде босулеб буго Къарахъа МухӀамадтӀагьирил «Барикъати ссуюп» тӀехьалдаса авторас босараб: «АхӀулгохӀда шагьидлъарав ГӀуркӀачӀиса Муртазаласул вас Муртаза-афанди вукӀана гӀолохъанав, тӀадагьав, лебалав, имамасул гьудул. Имамасул Магърибалда вугев наиб, имамасул низамалъул бетӀер, бахӀарчи».

Гьаниб халатго бицана Муртазал. Бицине мустахӀикъал цогидалги росун руго авторас гьеб бутӀаялде.

Гьезул цояв КъурахӀулхӀандил ГӀадултӀигь, Лаваша районалъул Чуни росдал хабалалъ вукъун вугев, залимаб лага-черхалъул нартав гӀадав чи.

Гьале цогидав МалахӀулхӀанд абурав залимаб къаркъала-черхалъул чи. Гьес живго ракӀалде щвеялъе ирсалъе щиб тарабали гьадин бицун буго тӀехьалда: «Махъадерил гӀурухъа бахъараб ГӀуркӀачӀибе щвезегӀан, 15 км манзилалда гӀодосан вачӀунев чияс цо жиндаго берцин бихьараб кӀудияб гӀурулхоно босун бачӀун буго, росдаего нусал рекӀинаризегӀаги букӀинин абун».

Жиндирго гӀагараб росулъ ккарал кепал лъугьа-бахъиназул, гӀажаибал ишазул бицунеб лъебергоялдаса цӀикӀкӀун къокъаб ва халатаб хабарги лъун буго М. ГӀабдулгӀазизовас «Пикрабазул нур» абураб тӀехьалъул гьеб бутӀаялда. Гьезул хӀакъалъулъ гьаб макъалаялда хадубккунги бицине буго.

Гьанже тӀад руссун бицани, тӀоцебесеб бутӀа – «Бакъ гӀодобе бортана» гӀуцӀун буго новеллабаздасан.

КӀиабилеб бутӀа – «Чудкил диванхана». Гьенир руго басняби. Лъабабилеб бутӀа – «ГӀуркӀечӀдерил бицен-киценалдасан». Гьенир ругел асаразул гӀаммаб цӀар– «Бечелъиялъул балагь». Гьениб эпиграфлъун авторас лъун буго жиндирго ункъо мухъ:

**Бечелъиялъ гӀемераб**
**ГӀузру жаниб бачуна.**
**ГӀайиб мискинлъиялда,**
**ГьечӀонаниги, ккола.**

ШагІир вукІа, хъвадарухъан вукІа, гьесул пагьму-гьунаралъул даража борцунеб роценлъун лъугьуна батІи-батІиял жанразул асарал къалмикье росизе бажари. МухІамад ГІабдулгІазизовасул гьанжелъизегІан басмаялда рахъарал тІахьазде ралагьани, гьенир ратула кучІдулги, поэмабиги, харбал-новеллабиги, къисабиги.

Къокъал асаразул, ай ункъжугьабазул, кІижугьабазул бицани, битІахъе божизе захІматаб хІалалде ккола «ЛахІзатаб даимлъи» тІехьалъул ахиралда 12 гьумер цІурал кІижугьаби цІализе рес ккеялъ. Гьезул пасихІлъиялъги, гІакъиллъиялъги, камиллъиялъги хІикмалъизавидал, гьаб макъалаялде босизе бокьана гьениб ахиралда кьураб цо кІижугьаги, гьелдасаги хадуб цого-цо бугеб ункъжугьаги:

**Бакъараб мех, бацІида гІемераб гІамал лъала,**
**ГІорцІараб мех, чиясда чанги жо квеш бихьула…**

* * *

**Бермудалъул лъабокІон букІун буго гьаб дунял:**
**Унго, гьелъул тІиналде тІерхьаралщинал къавмал!**
**Къоло цоабилеб век, мунги гьебго лъабокІон,**
**Балагьалъул тІиналде тІерхьине бугеб бидгІа.**

Цебеккун гьаб макъалаялда дица рехсон букІана М. ГІабдулгІазизов гІадиназул – гІемерго батІи-батІияб гьунар Бичасдасан насиблъаразул хІакъалъулъ магІарулазул кІалдиб ругьунаб «анкьгьунар» абураб рагІи. Гьаниб гьеб такрарлъизабизе дун тІамураб хІужа босилин гьанибе.

ГІабдулгІазизов МухІамадил гІахьаллъигун (аслияб роль хІана) бахъана «Дунялалъул ахирай чІужугІадан» абураб, гьединабго цІар лъураб гьесул къисаялъул кьучІалда хъвараб сценариялда рекъон кІудияб художественнияб фильм.

Гьанибго тІаде жубазе бегьила М. ГІабдулгІазизов вугин «Дагъистан» кинокомпаниялъ бахъараб лъабго кІудияб художественияб ва документалияб кинофильмазул директор.

Лъабкъого сон тІубай нилъеца жакъа кІодо гьабулев вугев М. ГІабдулгІазизов нилъер магІарул хъвадарухъабаздаса батІиявлъун рикІкІине ккола гІурус мацІалда хъадаризеги гьесул гьунар букІиналдалъун.

Гьев Москваялда Литературияб институталъул студент вугеб заманалда гьесул семинаралъул нухмалъулевлъун вукІарав М.П. Лобановас, гІолохъанав хъвадарухъанасул къалмикьан рачІарал харбазе ва къисабазе къимат кьун, 1996 соналда хъван буго гьел рикІкІине бегьулин гьанжезаманаялъул Дагъистаналъул адабияталъулъ бищунго кунчІи цІикІкІарал прозаялъулал асаразда гьоркьор. Гьенибго тІаде жубалеб буго: хасго гІисинал харбазулъ цоцалъ къец бараб гІадин цолъун бугин философияги юморги.

Гьале дица рагьулеб буго МухІамад ГІабдулгІазизовасул 2017 абилеб соналъ «Китаб» компаниялъ басмаялда бахъараб «Шейх ГІабдурахІман аль хІадж Асс-Сугъури» абураб тІехь (Тарихияб къиса).

ТІехьалъул тІоцебесеб бутІа – «ГІабдурахІман-хІажи Сугъуриясул гІумруялъул лахІзатал ва гьесул адабияб ирс». Гьениб бицунеб буго гьев

тIарикъаталъул КъутIбулъиялде кин вахараваливи гьесул гIелмуялъги гIакъиллъиялъги кинаб ирс магIарул наслабазе тун бугебалиги.

КIиабилеб бутIа – «ГIабдурахIман-хIажи ва гъазаваталъул лахIзатал». Эпиграфалъе босун буго Инхоса ГIалихIажиясул ункъо мухъ:

**ХьвагIараб хвалчаца чаран къотIулел,**
**Чанасул квералдай ракьулъе арал?**
**Кверал къотIаниги, къали багъулеб,**
**Къиматаб чан бетIер чабхилъ тIупараб?**

Гьеб бетIералдасан байбихьун цIалдолесе загьирлъулеб буго тIехьалъул хаслъилъун рикIкIине бегьулин гьелде жанире авторас гъазаваталда гIахьаллъарал бахIарзазул хIакъалъулъ шигIриял асарал росулел рукIин.

Сугъралъ Хьонда хъалаялда гIурусалгун вагъулаго, ТIелекьа Жаватхан шагьидлъиялъул хIакъалъулъ назмуялъул ахиралда руго гьадинал мухъал:

**КIибихъараб гулла гIадалъеги щун,**
**Щобда гIодов ккана гIи гъурулеб бацI.**
**Шагьадат битIана, тавбу гьабуна,**
**Тана Жаватханас пана дуниял.**

ТIехьалде босун буго «Ахирисеб рагъ» абураб халатаб халкъияб кечIги. Гьениб батула ГIабдурахIман-хIажи ас-Сугъуриясул назмуги. Гьелъул хIакъалъулъ гьадинаб баян кьун буго гьаб тIехьалъул авторас: «КIудияв шайихасул къисматалъул гIемерал лъугьа-бахъиназде тIаде бегана заманаялъул вахIшияб тIалу, амма гьелда гъоркьан Зумзумлъун беролеб буго жакъаги гьеб гIелмияб ва рухIияб иццалъул гIажаибго гьайбатаб ва баракатаб чваххи, жиб хадусел наслабаз мисал босизелъун, гьезие рухIияб чIухIилъун букIинелъун».

Гъазаваталъул цо рагъулъ имам Шамилил аскаралъ рохьоб гъоркьчIелги гьабун, анцIила лъабазарго солдат ва офицер чIван, жиндир бо биххидал, Воронцов, гIодовги чIчIун, лъимер гIадин, гIодун вуго.

Гьеб бергьенлъиялъул бицунеб буго хIафиз ГIабдурахIман-хIажи Сугъуриясул «Имамасул гьунарал» абураб назмуялда. Гьениса микьго мухъгIаги босизе ккела:

**Рецц, Аллагь, гурхIаралъухъ, баркала лъикIлъиялъухъ,**
**Балагьал къезаризе къуваталда таралъухъ.**
**Цингиги салам лъеги нилъер Аварагасда,**
**Аллагьас дунялалде дин малъизе витIарав.**
**Эсул асхIабзабазда, агьлу, хъизан-рукъалда.**
**Имамасул гьунарал, пири гIадин, кунчIидал,**
**ГIаламалъулго керен канаб нуралъул цIуна.**

Гьале цоги мисал – ГIабдурахIман-хIажи ас-Сугъурияс Шамил имамасухъе битIараб назму.

Шамил асирлъуде ккедал:

**Аллагьасул гIадатин лагъасул хIал бихьулеб,**
**Сурараб къварилъи ккун, заманаялъ кIвекIулеб.**
**Цинги хадуб гIатIилъи тамашаго бачIунеб.**
**ГIакълу камилав лагъас балагь гьудуллъун кколеб,**
**Рокъобе жиб бачIани, тахида тун хьихьулеб.**
**ГIузру цадахъ гьечIого, басаро букIунареб.**
**Воре, гьудул, хехлъуге, дуйго гьидаят щвезе.**

Гьаб тIехьалъул лъабабилеб бутIа – «Документаз нугIлъи гьабулеб буго».

Гьенир лъун руго ГIабдурахIман-хIажи Сугъуриясухъе, 1877 соналъул восстаниялъул заманалда имамлъун вищун вукIарав гьесул вас МухIамад-хIажихъе наибзабаз ва цогидалги гъазаваталъул гIахьалчагIаз хъваралги ва гьез хъваралги кагътал, гьедин кIикъогогIанасеб документ жанибе босун букIиналъ гьаб тIехь лъугьун буго тарихияб гIелмияб хIалтIилъун.

ТIехьалъул ахиралда лъун буго ХицIиб майданалда бугеб «ВатIан» мемориалияб комплекс-музеялъул директор, Сугъралъ росулъа ГIабдулхIакимил вас Абакаров МухIамадица данде гьабураб «ГIабдурахIман-хIажи ас-Сугъуриясул гIумруялъул ва Сугъралъ росдал исламияб таварихаллъул къокъаб хронология».

Гьаниб ахиралда баян гьабизе бокьун буго, живгоги художник вугелъул, тIахьазде росизе гьес рахъарал суратаз берцинлъирун ругин гьезул анцI-анцI гьумер.

МухIамадица жиндирго рекIел хIасратги, пагьму-гьунарги сайгъат гьабулеб буго гIагараб миллаталъе. Гьесул асараз нилъер ракIал сах гьарула, лъикIлъиялде ахIула, умумузул нух ккун ине малъула. Аллагьас тавпикъ кьейги МухIамадие хадубккунги магIарулал разиял асарал хъвазе.

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***



**Умарагьи САЛИХIОВА**

## ДУН ЙИГО ГIАДАТИЯЙ МАГIАРУЛАЙ

Дун гьаюна 1962 соналъул 1 июналда Могьохъ росдал муфтий, гIалимчи – Атанасил вас МухIамадил, гьесул вас ГIабдулкаримил, гьесулги вас МухIамадил, гьесул вас ВахIидил рокъой. Эбелалъул рахъалъ – АхIматIил вас ХIосенил, гьесулги вас Сайпудинил, гьесул яс Сиядатилги рокъой.

Могьохъ росулъ ана тIоцебесеб классалде, инсуца васасул бакIалда тарай, куцарай, ясазул букIунеб гIадаб гIамалго гьечIей, Россиялъул батIи-батIиял бакIазда гIумру гьабулаго магIарул мацIги бицине лъаларей дун, вархиялда магIарулалъ кIалъалел лъималазда гьоркьой йикIана «хъахIаб гъеду» гIадинай, амма, цIализеги, хIисаб-китабалъеги лъикIай йикIана, дида гьеб кIудияй яцалъ ункъго сон баралдасаго малъун букIана, дир рукIана цIакъ лъикIал мугIалимзабиги – щуйилазда лъугIана микьгосонил школа.

Хадуй цIалана риидалги гIазу балеб, цIорон хвараб Хунзахъ районалъул ГIараниб росулъ ясазул школа – интернаталда, гьенибги тIокIлъигун лъугIана анцIго класс. Гьенирги, дир талихIалъ ратила, рукIана кутакалда лъикIал учительзаби, масала: Гиничукьа ХIайдарбегов Мансур, Хунзахъа Хъазанбиев ГIалибег Джалалудинович, ХIамзатов МухIамад Абакарович, БакьагьечIиса ГIапи Гъазиевна, МухIамад Батырович ва гь. ц. ЦохIо Мансурилги ГIалибегилги дарсал щварал гIадамал- кутакалда кIудияб рухIияб бечелъи щварал гIадамал ругилан тола дица.

Гьенисанго роржунел жалазул инженерлъун (гIодосан хьвадилищха «романтик») цIализе дица документал ритIана Харьковалъул авиациялъул институталде. РакIалда букIана лъикIаб махщелалъе цIализе, кIудиял хIукмабиги, масъалабиги, анищалги, хьулалги рукIана цере.

Амма кинабго батIайиса ккана. Нилъер ракьалъул гIадаталда рекъон, заман щведал исуца, кигIан дица гьеб хIукмуялде данде рагъ баниги, хехго рукъалде кьезе хIукму къотIана (щуго ясалда гьоркьой дун кIиабилей йикIана ва диде ирга щун букIана). Гьанже гIадин, ясазе бокьа-бокьаралъуре кьолароанха цере, эхе-эхеде кIанцIаниги («МагIарулай» спектаклялда бихьизабулеб хIалалъ букIинчIо киназулго гIумро), абун рачIаразе, тухум данде кколезе, гIагаразе кьолаан, гьединлъидал, дирго анищалги, цIализе букIараб шавкъги лъабабилеб курсалдасан бухьа-къан нахъе лъун, инсуца малъараб гьабун, хъизан гIуцIцIизе ккана.

ЦIали тей букIана ццим бахъун, дица диего гьабураб тамихI, инсуда данде рагъ бан бергьинчIого батила, цадахъго гьеб бачине, узухъда, дида кIолаан, лъаларо, лъие квешезе гьеб ккараб, диего гурони… Хадуб цIакъ рак1 бухIана, Могьохъ космонавтниги, Циалковский, Королев гIадинай конструкторниги йикIине бегьулаан…

Хъизан, ракIалдаго гьечIого, дидаго релълъинчIеб, цIакъ берцинаб лъугьана: кIиго ясги цо васги - дунги гIадамалги разиял (Аллагьги разилъаги гьездаса),

лъикIал лъугьана. Лъималазе гIоло гурони дунял щай къваригIараб, гьелъул магIнаго букIинароан ва хIассилги букIинароан. Аллагьасе рецц буго, дихъа гьеб рахъ дирго ракI рекъолеб хIалалъ лъугьиндал (амма гьезда гьеб бицунге лъицаниги, дир киналдаго гурин ракI рекъолеб).

ЧIобогояб авлахъалде яхъун мина-руссен базе ккана, лъилго кумек гьечIого (амма, бихьиназулги руччабазулги хIалтIаби гьаруралъухъ «медаль» кьолев чи вахъинчIо, кколарел жал гьаричIого руччаби рукIине кколеблъини лъана), лъабалго лъимал ригьнада бажарараб хIалалъ тIуразаруна, гьанже анкьго (тIадеги цIикIкIине руго, ин ша Аллагь) тIугьдул гIадал тIанчIаз «квегъулей» йиго, гьезни абула дица гьел «квегъулин», амма, дун кин букIаниги, гьезие цIакъ йокьула…

ХIалтIана Политех институталъул инспекторлъун, Эльтав заводалда мастерлъун, гьанже, ахирисеб къого соналъ хIалтIулей йиго «Микроген» объединениялъул «Питательные среды» предприятиялда. Кванил нигIматал риччалеб бакIищила мун хIалтIулеб бакIан гьикъула киназго. Гуро! Гьеб буго сахлъицIуниялъе хIалтIизарулел жал (средаби) риччалеб, 95 соналъ хIалтIулеб бугеб завод.

ХIалтIудаги дие щвана цIакъго лъикIал цадахъ хIалтIулелги, сверухъ ругелги гIадамал. «Баркат гьечIел данде чIвагеги» – ян абулаан нилъел умумуз, лъикIал гIадамал дандчIваялъулъ дие кидаго битIккана, дун гьезие кидаго налъулайлъун хутIила…

Дица гьаб хъвалеб буго, дун лъидасаго тIокIай гурей, аза-азар дагъистаниял гIадай, цIакъ гIадатияй магIарулай йикIин бихьизе ва хъизан гIуцIцIи, лъималазе тарбия кьей, гьезда ватIан бокьизе ва рахьдал мацI цIунизе малъи, сундухъго балагьичIого, ясазда бищун цебечIчIараб масъала букIин лъазе.

Цо пуланаб къоялъ Аллагьас дие кьуна шигIру. ЦIакъго гIадатаб дир гIумру жуба-гъубазабизе, яги магIна цIикIкIинабизе хIукму ккун бугоха БетIергьанасул. Дида киданиги ракIалде ккун букIинчIо дица шигIраби хъвалилан, гьел кин хъвалелали, гьелда тIад ургъунцин йикIинчIо, ахир заманалда гьел, кигIан рокьулел рукIаниги, цIализегицин регIулароан. Дида кколаан, херлъараб, регIараб мехалъ, «мемуарал» хъвалилан, гьелги гIурус мацIалда хъвазе ратилин йикIана…Пал хIассил, бачIана магIарул шигIру– хъвана.

20I2 соналъ «Эпоха» типографиялъ къватIибе биччана «РекIелъа рекIелъе» – ян цIар бугеб, 230 гьумералъул дир шигIрабазул тIехь, шигIраби рахъана «ХIакъикъат», «Гьудуллъи», «МагIарулай», «Женщина Дагестана», «Дагестан» журналазда Дагъистаналда.

С. Соколкиница таржама гьабун гьел рахъана «Литературная Россия» газеталда Москваялда, «Литературная губерния» – халкъазда гьоркьосеб альманахалда – Самараялда, «Изборский клуб» – халкъазда гьоркьосеб жамгIиябгин-политикияб журналалда Москваялда, «Агизел» – Литературно – художественнияб ва жамгIиябгин политикияб журналалда, башкиразул мацIалде таржама гьабуна Г. Якуповалъ – Башкортостаналда, Дагъистаналъул шигIрабазул, С. Соколкинил таржамабазул «Молитвы в дагестанском небе» антологиялда – Москваялда, С. Соколкинил «Возопившие камни» тIехьалда – Москваялда, 2014 с., ВатIан цIуниялъе ва бокьиялъе гIоло, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе гIоло, 20I7 соналъ Москваялда, В.В.Путинил

гранталъухъ басмаялда къватIибе биччараб ва санайил цIидасан биччалебги бугеб «Работайте, братья» абураб Россиялъул антологиялда, Дагъистаналъул тIахьазул басмаханаялда къватIибе бачIараб «ТIугьдул» абураб гIаммаб тIехьалда дир шигIрабаз саламатаб бакI ккуна. Гьединго гьел рахъун руго гIемерал интернет журналазда ва сайтазда…

Дун гIемерго гIахьаллъана авар радиоялда, Москваялда – «Русский мир» радиоялда ва телевидениялда тIоритIулел передачабазда, районазда ва росабалъ, школазда ва китабханаязда тIоритIулел, нилъер маданият ва адабият, лъималазе тарбия кьей, мацI цIуни, рекъел ва гьудуллъи цебетIезабиялъе гьарулел дандеруссиназда, форумазда, фестивалазда. ГIемерал соназ, Москваялда тIобитIулеб «Белые журавли России» абураб халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялъул фестивалазда гIахьаллъана. Гьений мустахIикълъана Халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялъул «ХъахIал къункъраби» орденалъе.

Гьеб кинабгоги дица гьабилароан, гьаб заманалъул хIабургъараб ралъдалъе ккарал, лъавукълъиялъул кьурулъа гIодоре кIанцIизехъин ругел, магIарул мацIги кIочене тарал, жидер биги, яхIги, рухIги кисан ва лъихъан бачIарабали лъаларел, ватIаналъул къиматги гьабизе лъаларел нилъер лъимал, цIияб гIел, цо кинаб букIаниги рагIи-каламалъ кантIизаризе бегьулин гуребани…

Дица данде бакIарараб гьаб калам къватIибе биччаялъе тIадчIей гьабураллъун, дун гьусараллъун, дидаса къойилго гIадин саринал тIалаб гьаруралллъун, квербакъи гьабураллъун ккана, дица бетIер къулун адаб-хIурмат гьабулел, гIумруялда кутакалда гIемераб лъай ва хIалбихьи щварал, дида ракI унтарал гьудулзаби, дир хъизан ва цIалдолел.

КIудияй шагIир гьечIониги, цIалдолезул диваналде дица гьанир кьолел руго цо-цо гIурус мацIалда хъвай-хъвагIаялги, таржамабиги, щай гурелъул, данде кквеялдалъун лъала, кин таржама лъугьун бугебали ва таржамачагIи цIиял ралагьизе кколищали…Дидани кколин ккана…

Гьанжеялдаса хадубги ракIалда буго дун цIалдолезул реццалъе мустахIикълъиялда тIад хIалтIизе.

**Могьохъа ВахIидил яс УМАРАГЬИ.**

*(«Шиг1рабазул куркьбазда» т1ехьалъе авторалъул цебераг1и)*

* * *

**ХIанчIи чIичIидулеб, чIчIваби гIодулеб,**
**ГIагарал мугIрузул бакъан гьардараб.**
**Берал магIил цIолеб, рекIелъ лъалкI толеб,**
**Хирияб ракьалъул бокьула сарин.**

**Иццазул чил-чили, чундузул гIоди**
**Дир шагIирзабазул шигIрабалъ руго.**
**ЦIадал тIинкъи-чваххи тIармил гьаркьаца**
**Кьола кьурабахъе нахъе цIунизе…**

## РИТIУГЕ ДИХЪЕ

**Огь, БетIергьан Аллагь, ритIуге дихъе,**
**Хъвани, цIалуларел цIорорал мухъал.**
**Кьоге дий саринал сардил макьу тун,**
**Рищнилъун хутIизе, тIад хIур бетараб.**

**Кьоге дий, БетIергьан, тIадагьаб калам,**
**Кибали бахчун тун турун лъугIулеб.**
**Лъоге рекIелъ пикру пирилъун сунеб,**
**Сурараб гьороца гьабсагIат унеб.**

**Дир гIакълу, гIемерго цIуге пикраби,**
**ГIодобе тIинкIизе тIири течIого.**
**ЧIорогоял мухъал хъван кьоге къватIир,**
**Къо щварасул гIадаб гIажизлъиялъул.**

**ГIадада рехуге хехал алфазал,**
**КигIан ахIданиги бухIи щоларел.**
**Щвараца цIалила цIа гIадаб рекIел**
**Мухъазулъ рахчарал чанги пикраби.**

**Дуца бачIиндал дий, БетIергьан Аллагь,**
**Гьаб дида цIар лъачIеб чIамучIаб унти.**
**Тоге рагIабилъун ругъун хутIулел,**
**Лъе мугьлъун рекIеда, рукIел бугезул.**

## ДИР САРИНАЛ

**Меседил кунаца дица угьарал**
**Саринал угьдула жал гукканилан,**
**Дуца, дунялалъул берцинлъи беццун,**
**БацIцIадаб кагътида хъван рукIанилан…**

**Гьанже кодор росун жал цIалулаго,**
**Щалдохъаби ругин гъоркьан хьимулел.**
**Бихьуларищ гьалда дунялалъул хIал,**
**ХIабургъараб, чараб, чилъи тIагIараб.**

**РагIуларищ гьалда яхI бичараца,**
**Бичасул цIар бахъун, цIалкIулел гьерсал.**
**Лъаларебищ, шагIир, гьаб ракьалда тIад,**
**ТIад къоно чIвазегIан гIорцIулареб халкъ.**

**Гьанже дунял буго гебегахъдулеб,**
**Ругьунго гирулеб орбитаги тун.**
**Гьанже дир ракь буго кIобокIахъдулеб,**
**КIобокIун жиндаса хъублъи гьвинилан...**

**Дица саринazda абулеб буго:**
**Божуларин, дунял даим цо бугин.**
**Бижанщинаб холин, тIагIунин, унин,**
**Унгояб хутIулин хиси гьечIого,**

**Дица саринazda абулеб буго:**
**Божа, берцинлъиялъ босулин икъбал,**
**Дир Дагъистаналъул рорхалъабазда,**
**Дунялго чIухIарал рижулин васал.**

**Дун гьал саринaзе гьедулей йиго:**
**Гьадин хутIуларин хирияб ватIан.**
**ТIогьазул, гIансазул рацIцIадал иццал**
**Ахирги, чилчидун, ралъдахъе щолин...**

## ОГЬ, ДИР МАГIАРУЛ МАЦI

**Огь, Шамиль кIалъараб дир магIарул мацI,**
**Кьалда би тIолаго цIунараб дир мацI,**
**Умматалъул бидулъ бессараб дир мацI,**
**Саву тIад кканиги, кьаву чIвачIеб мацI.**

**Огь, дир магIарул мацI, рахьгун эбелалъ**
**Лъималазе кьураб, рокьи бикьараб,**
**МахIмудил саринал, Расулил кучIдул,**
**МагIарул халкъалъе аслулъун лъураб.**

**Огь, дир магIарул мацI, дур тIадегIанлъи,**
**ТIамур хъван Дакуца кечI ахIулелъул.**
**Милъирщодул макъан Муица бачун,**
**Дандерижиялъ гьеб такрарлъулелъул…**

**Огь, дир магIарул мацI, магIна лъаларез,**
**МагIу тIинкIичIого, хабалъ букъараб.**
**ТIад чияр мацIалда игIланалги чIван,**
**Нилъер лъималаца кIочене тараб…**

**МагIнаго лъаларел рагIабаздасан**
**ГIуцIцIарал букварал цIадай рехилин.**
**ЦIа рекIун бухIулеб авар миллаталъ**
**Лъил мацIдай бицина, нилъ тIагIун хадуб...**

Нилъее умумуз цIунизе кьураб,
Бокьа, магIарулал, магIарул калам.
РекIел кIутIиялда цадахъ лъугIулеб,
ЦIуне магIарул мацI, дир магIарулал.

## КВЕШАБ МАКЬУ

Дун дуниялалда кIочон танилан,
КIиго-лъабго нухалъ бихьана макьилъ.
Дун ракIалда ругел гьечIилан абун,
БотIролъ буго пикру, рекIелъ буго цIер.

ЦIар дир рагIичIилан буго ахIдолеб
Борхатаб гъотIода цо гьитIинаб руз.
Дир лъалкI бихьичIилан буго щурщулеб
Бищун дий рокьулел кьурабалъ гьури.

Гьаб дир гIумруялъул магIна кинабдай,
МагIна бихьиледухъ хьвадун йикIанин.
Дир цIар кIодолъизе кIанцIечIониги,
КIудияб кьолбое кьучI лъун букIанин…

Гьаб дунялалда тIад, дир гурониги,
Гвангъараб бакъуца ракъвана тIугьдул.
Дунги гIодиларо магIил горо тIун,
ГIодой, гьезул кьерулъ кьварун якъвани.

## ДИЙ БОКЬИЛАРОАН

Дий бокьилароан ихдада хвезе,
Хирияб дир сирень сверухъ тIегьайдал.
ХъахIилаб зодихъе зирхарал гьаркьаз
Рокьул кечI ахIизе хIанчIи рачIиндал.

Риидал къокъине къабулаб гуро,
Горда гъоркь кьер-кьерал розабиги тун.
Расулъ расандулел тIатIалкIучIал тун,
ТIаде балагьараб бакъул гьими тун.

Тезе бокьилищха хаслихъе дунял,
Дунял бижарасул рахIмат щвечIого.
Щайзе букIаниги бакIарун лъураб,
ЛъагIалил нахърател нахъе реххун тун.

Хасалил гIазулъги гIунун регизе,
ГIадамил лъимазе – лъийха бокьилеб?
Баке дир гъасда цIа, цIороге, лугбал,
Балагье, их щвезе мех хутIун гьечIин.

## ДОНЕЦКАЛЪУЛ РУГЪНАЛ

**Гьале хIедул чирахъ чапун биунеб,**
**Берзул тIелхазда дир магIу кенчIолеб.**
**ЧIегIераб сардида дир пикрабаца**
**Гьинкатан бессана, сурат бахъана.**

**Дица анищазулъ Донецкалъул къватI,**
**Гулбуца басараб, бацIцIад гьабуна,**
**Танкал чIелазда тIад хьил бахун лъуна,**
**Зам-замалъ бацIцIадго биял чурана.**

**Дица лъималазул бацIцIана магIу,**
**МагIида бан тана таманча, туманкI.**
**КIудадал соролел кверазда баун,**
**Берцинал тIугьдузул тIун квацIи кьуна.**

**Улбузухъе васал руссинаруна,**
**Ругъал Донбассалъул сахлъизаруна,**
**Сверухъ дунялалда даимго рекъел**
**Рекъараб бугилан къотIи гьабуна…**

**Гьале хIедул чирахъ чапун лъугIана…**
**Лъицаяли рокъоб чирахъ бакана,**
**Бихьизе хIинкъараб къваридаб Донецк**
**Нахъойги берazда цебе бачIана…**

**Гьанжеги дир хьулал чIваге, гIадамал,**
**ЧIегIераб рокъой те, рекъел бугин те!**

## ГАМЧIАЛ

**Дир лъарал рагIалда гIемерал гамчIал,**
**Гургинал, бегIерал, багIарал, тIехIал.**
**ТIад басрияб хен чIван хабар къотIарал,**
**КъотIун хабада тIад лъезе къачIарал.**

**ГамчIал – ццидахарал ва хIалихьатал,**
**ХIал хъубаз дидехун рехxун унелъул.**
**ГамчIал – чIухIун чIарал, чIаго гьечIезул**
**Араб гIумруялъе нугIлъун лъугьиндал.**

**ГамчIал – кьучI щулиял, щват бугелазе**
**Бухъунги, рахъунги рорхизе кIвечIел.**
**ГамчIал гIадин чIарал гIемерисезе**
**Гирун гъоркьатIаде кидаго унел.**

## ДИР ДАГIБАГО ГЬЕЧIО…

**Дир дагIбаго гьечIо гьал бихьиназулъ,**
**Бихьанщинаб «гурдихъ» рокьи гьабулел.**
**Дир гIайибал гьечIо гIолохъабазде,**
**ГIурхъи тун бикьулеб гьезул рокьуде.**

**Дида нуж ричIчIула, бутIрул хъахIлъарал,**
**Лъади къваригIарал, къорол хутIарал.**
**Цингиги хIехьола хьолбохъ цойгидалъ,**
**Дирги бутIайилан, нуж ратIалъидал.**

**Амма чIужугIадан гIанчIаб рокьуца**
**Кьалбал рижулелъул лъида йичIчIулей?**
**Амма ХIавал рекIелъ хIасрат бергьиндал,**
**Бегьулареб жоян жинде балеб гъегъ.**

**Гъарим, чIужугIадан, дур талихIкъосин,**
**КъваригIел гьечIезда кодое ккани.**
**Куркьбал хьвагIизеян гIамал гьабуни,**
**Нахъасан речIчIулеб чIорил бегIерлъи!**

## ДИЕ ГIОЛА…

**Дие гIола, гьудул, гьаб дунялалда**
**Дур хабар бицине гьури бачIани.**
**Дие гIола бакъалъ дур гIумру къалъун,**
**Къварилъи гьечIилан дида рагIани.**

**Дие гIола, гьудул, гьаб гIумруялда**
**Дур бергьенлъабазул лъалеб бугони,**
**Дуца диде рокьи бикьичIониги,**
**БатIиялъул къвалакь мун вугониги.**

**Дуде бугеб рокьи рекIелъги цIунун,**
**ЦIар дур рагIарабги гIола, гьудул, дий.**
**ГIадада дир гIумру чвахун аниги,**
**Дураб берцин ани, гIола, гьудул, дий.**

## ДУР БЕРАЗУЛЪ…

**Цо-цо мехалъ дур бералълъ гIазул цIорой бихьула,**
**БагIариялъ хисула, хасалил цIер биуна.**
**Цо-цо къоялъ дур бералълъ ихдалил гъветI тIегьала,**
**ТIегьги гъенон хутIарал гIаркьалаби рихьула.**

**Дур беразулъ зодил кьер, циндаго – гъугъай, пирхи,**
**Дур беразулъ ралъдал лъим, хадубго гьалаклъула.**
**Дур беразулъ цIад бала, цинги дингъун роцIцIуна.**
**РацIцIадал хIоразул лъим – хIабургъуна, тIокIкIуна.**

**Дур беразулъ накIкIилъан лъачIого бакъ баккула,**
**Гьез недегьго еэдун, дун йоххизе гьаюла.**
**Дур беразулъ дий рахIат, рахIму тун юхIаниги,**
**Дур беразулъ дир рокьи, рукьбал сороданиги.**

---

## УМАРАГЬИ САЛИХIОВАЛЪУЛ ШИГIРАБАЗУЛ РОРЖЕН

«ШигIрабазул куркьбазда» абураб пасихIаб цIар лъураб гьаб тIехьалъул байбихьудаго Хьаргаби районалъул Могьохъа шагIир Умарагьи СалихIовалъ цебераги гIадин рекъезарун руго жиндирго «Цо-цо пикраби». Гьеб цIалидал, дие бищунго цIикIкIун асар гьабуна гьадинаб пикруялъ: «Дида бичIчIана шигIру - гIемерго бек1к1ун, чухIун, къачIан рагIабазул «ганчIаз» сокIкIараб къед букIин».

Гьединаб гъваридаб пикруги, камилаб гIакълуги прозаялдалъун загьир гьабизе махщелги гьунарги гIурай гьаб тIехьалъул авторалъухъа бажарун буго щибаб шигIрияб асаралъе унго-унголъун рекъон кколел рагIаби рищизе.

Гьелъие г1иллаги батила гьелъухъе шиг1ру пикру ц1убараб, г1акълу барщараб заманаялъ бач1ун бук1ин. Гьелъул шиг1рабиги руго, т1оцебесеб иргаялда- гъваридал, мух1канал, цо-цо къваридал, цо-цо жинда жаниб г1ураб ва г1унги т1ок1алъги философия бугел. Гьелъул шиг1рабазулъ дагьаб буго ихтилат-кеп, махсаро, рокьи-кьал, т1адагьал, маг1на дагьал мухъал. Гьелъ жинцаго абулеб буго:

**Огь,Бет1ергьан Аллагь, рит1уге дихъе,**
**Хъвани, ц1алуларел ц1ороралмухъал…**

Гьелъул маг1на кколарищ, ц1алдолез къимат кьоларел, гьел ургъизе т1амуларел мухъал гьелъие ч1алг1адего хъвазе бокьунгут1и. Киналго шаг1ирзабаз жидерго асарал гьедин х1инкъун, ц1одорго, г1акъилго хъвалелани, нилъер поэзия мух1канлъилаан, гъварилъилаан, камиллъилаан, г1адамазе бокьулебги, гьез ц1алулебги бук1инаан.

Гьеб загьирлъулеб буго тIехь байбихьулеб «НекIсиял кучIдузе керен рагьилин» кочIол цIаралъулъги гьадинаб ункъо мухъилъги:

**Цо дихъ гIинтIамея, тIадмагIарулал,**
**МугIрузда цIар арал цIарал рицинин.**
**Гьанже нахъегIан къай, къватIиса сарин,**
**Къимат кIудиязул сияхI рагьилин…**

Гьеб сияхIалде шагIиралъ росун руго нилъер ЧIалдаса ГъазимухIамадидаса байбихьун, Гьарадерихъа ГIабдулагьиде щвезегIан нилъер машгьурал кочIохъабазул цIарал.

ЧIванкъотIун батIи-батIиял тIелазде рикьун гьечIо шагIиралъ гьаб тIехьалде росарал асарал, цохIо «РукIана гIадамал – руго гIадамал» абураб бутIа гурони.

Гьелдаса хадур анцI-анцI гьумералда цIализе бегьула шагIиралъул лъимерлъиялъулал ракIалдещвеязул хIакъалъулъ гIисиналги чIахIиялги кучIдул. Кир унел аслияб къагIидаялъ нилъер лъимерлъиялъул сонал? Гьай-гьай, гьел уна нилъее лъайги тарбияги кьолел кIалгIабазда – школазда. Гьале «МугIалимзабазде» кочIолъа кIиго мухъ:

**Дир гьитIинаб школа, тIоцебесеб класс,**
**Нижее дарс кьурав Дахадаевич.**

Гьанибго бицине ккола тIехьалъул авторалъ ракIалде щвезарулел ругин ГIараниб ясазул итернаталда тIадехунисел классазда цIаларал соналги.

Гьел соназе сайгъат гьабураблъун лъугьун буго унго-унгояб пасихIлъиялъул кунчIиги шигIрияб гугьарги жиндилъ гвангъун бихьулеб «ГIараниб хъала» кечI. Гьелъулги микьго мухъ макъалаялде босизе кколеб буго:

**ТIугьдуца басараб расалъиялда,**
**ТIину бихьулареб кIкIалал рагIалда,**
**ГIодоре чвахулел чвахияз цIураб**
**ЦIолбокь рагIалалда ГIараниб хъала.**

**ГIемерал сонаца мугIрузул ясал,**
**Сивунир гIезарун, гIелмаби малъун,**
**ЛъикIабги квешабги якъинги гьабун,**
**Гьаб дунял гIуцIизе къватIир риччараб.**

Гьаниб цо чанго рагIи тIаде жубазе ккола: дол соназда ГIарани ясазул интернаталда хIалтIулев вукIарав машгьурав мугIалим ва гIалимчи Гиничукьа «ХIайдарбегов Мансуриде» абураб кочIолъ шагIиралъ бихьизабулеб буго гьев цIар арав мугIалимасул пагьму-гьунаралъул.

Хадусел кучIдузул хал гьабураб мехалда, хасаб тIеллъун лъугьун бугин абизе бегьула шагIиралъе бищунго гIагарал гIадамазе сайгъат гьарурал шигIрияль асарал.

Гьел кучIдузул цIаразул гьадинаб халатаб сияхIалдасанги бихьулеб буго гьеб: «Я, дир вас», «ХIусениде», «Дирго Фатимаде», «Дирго яс ПатIиматие», «Дир яц Зарипатиде», «Дир яц Муслиматиде», «Дир яц Аминатиде», «Дир яц ПатIиматиде», «Загьратиде».

ТIехьалъул ахиралдехун бугеб «Хирияль гIадамал» абураб цеберагIиялдасан бичIчIулеб буго, гьелдаса хадур ругел кучIул, гьанал гIагарлъи бугезе гуреб, гьинал рекIее гIагаразе сайгъат гьарурал рукIин.

Гьай-гьай, гьезда гьоркьор руго гьанжесел шагIирзабазде гьаруралги:

«ЦІумазул улкаялъул шагІир Сабигатиде», «МухІамад АхІмадовасде», «Залму МухІамадовалде», «Ракьуса шагІир Рабиятие», «Сасикьа шагІир СайгидахІмадиде», «ЧІарадисезул цІар берцинай шагІир Манаршаде».

Нилъер гьай Умарагьи унго-унголъунги пагьмуги гьунарги гьарзаго Бичасдасан насиблъарай шигІрияб рагІул устар йикІиналъул бицуна, цІар берцинай шагІир Манарша гьелъ, тІогьода релълъинайичІого, гьелъул гІаксалда, тІегь релълъинабун букІиналъ цІарги берцинай жийгоги берцинай магІарулалда:

**Хасел ун, ихдалил кьер хисулелъул,**
**ЦІорой кІочон тезе бижула цо тІегь.**
**ТІасан бакъ хинлъидал, ахал рорчІидал,**
**Баккула манарша, дуда релълъараб.**

Рехсараб тІелалда руго кучІдул, машгьурал магІарулазде гьаруралги: «ХІамзатил Расулиде», «Могьохъ гурониги, дунялалдаго цІар рагІарав художник Апандие», «ХІабиб НурмухІамадовасе», гьединго КІк1уядаса Совет Союзаллъул БахІарчи СагІаду ГІалиевасде, сахав дагъистанияв ХІажи МахІачевасде хъваралги.

«ХІабиб НурмухІамадовасе» кочІолъ «Ас саламалдаса» хадуб гьев дуниялалдаго жиндир цІар рагІизабурав багьадурасул шигІрияб сипат гьабун, бицунеб буго гьес «дуниял Дагъистангун гаргадизабунилан».

Гьеб тІелалъул ахиралда буго «Рокьул кечІ». Гьелъулъ загьирлъулеб буго «кьураби-рохьазде, мегІер-гІоралде» гьей магІарулалъул рекІелъ бугеб хІасратаб рокьи.

Гьеб лъугьун буго гьениб рехсараб рокьул темаялда ругел гІезезегІанго кучІдузул хасаб тІел байбихьулеблъун. Гьанир иргадал рехселин гьел назмабазул цІарал: «ТІегь», «ГанчІал», «Роза», «ГъветІ», «Гъабу», «ХІанчІил бусен», «ТІугьдузул ах», «Чинари».

Мухъил ахиралда, хадуселъул авалалда, цо-цо мухъил бакьулъги рагьукъал гьаркьал такрарлъун, нилъер магІарул поэзиялъулъ анкьумумузул заманалдасаго къанунлъун лъугьараб аллитерациялъе мисаллъун бачине бищунго дандекколеблъун буго «Чинари» кочІол тІоцебесеб ункъо мухъ:

**Гьаб дир чалиялда чинаридул гъветІ,**
**Гъаримай дун гІадин, эхетун буго.**
**Тохлъукьего речІчІун кутакаб гьури**
**Гьалъул гІаркьелазулъ кьуркьулеб буго.**

МагІарул халкъиял асаразе хасиятаб пасихІлъиги магІнаги цІунун буго Умарагьи СалихІовалъ жиндирго шигІрияб хатІалъулъ.

Гьаб тІехьалда нилъеда ратула къокъал кучІдулги: ункъжугьаби, анлъжугьаби, микьжугьаби. Гьел гьанир мисалалъе росун, макъала халалъизабиларо, амма бищунго дир рекІее асар гьабураб цо ункъжугьа ва ахирисеб микьжугьа гьанир рехсела:

* * *

**Гьаб хъахIаб гIазулъан лъим бецIцIулелъул,**
**БацIцIадаб дир магIу бугилан ккола.**
**Чорокаб къотIносан гьеб чвахулелъул,**
**Чияр мацIалъ тураб хIацIуйин ккола.**

* * *

**Цо нур чIана зодоб,**
**ЦIад къотIун хадуб,**
**Хириял жавгьарул**
**КъатIраби кунчIун.**

**Кунал меседалъул**
**РукIкIаца рукъун,**
**Рекъон руго кьерал,**
**Микьго батIиял.**

Умарагьи СалихIовалъул буго «Дир эбел – тIабигIат» абураб кечI. Эбелалде гIадаб рокьи тIабигIаталде гьечIей шагIиралъул гIадалнахулъ щурщудуларо гьединал жавгьарал гIадинал жугьаби.

Гъваридго гъорлъе вакканагIан, ратулел руго гьаб тIехьалда ругел, тIокIал лъилниги пикру хадур гьечIел гIадинал кучIдул.

Баян гьабун бицани, гьел руго тIубанго цоцазде дандекколареб магIнаялъул рагIаби гъорлъ кьуркьурдизарурал гьадинал кучIдул: «Дур – дир», «Хвела – гIела», «ГьечIолъи – буголъи».

«Дур – дир» кочIолъа ункъо мухъ босани, бичIчIизе захIмалъиларо  хадусеб кIиялъулго магIнаги:

**Дур дуниял – хъахIаб, дираб – чIегIераб,**
**Берал рагьаниги, кьер хисулареб.**
**Дур рекIелъ - рохел, их, диралъулъ - хасел,**
**Хинлъизе кIолареб, бакъ бакканиги.**

ТIехь хIадур гьабулаго, гьелъул автыралъ цо хасаб тIелалъе «ГIагараб росуракь» абураб цIар кьун букIарабани, гьелде гъорлъе рачине мустахIикъал кучIдулги руго гьаб тIехьалда. Дица тIоцебе лъелаан «Дир Могьохъ», цинги тIаде журалаан «Дир ВатIан», «Могьохъ сок», «Дир Хьаргаби район», «Жубараб Дагъистан» ва ахиралдаги «Россия ва Дагъистан». Гьеб ахирисеб кочIол кIиго мухъил кIудияб магIна буго:

**Дур цIаргун, Россия, дир Дагъистанги**
**Даимал рахсаца бухьараб буго.**

«Эмен, эбел, якьад» тIел тIаде жубани, гьениб рекъон кколеб къогониги кечI батула гьаб тIехьалда. Гьезда гьоркьоса анкьгояб гьаниб рехселин: «Гьанжеги сверула дур сураталде», «Инсул гIакълу», Эмен», «Эбелалъул гьумер», «Эбел, дир талихI мун…», «Эбелалъул сурат», «Якьадалъул насихIат».

Гьеб тIелалъул бицун, тIанкI лъун тезехьин букIана. Амма, «Гьанжеги сверула дур сураталде» кочIол ахиралда, инсудехун хитIаб гьабун, ахирисеб ункъо мухъилъ шагIиралъ абулел ругел рагIабаз гIажаиблъизавуна:

**Дир загIиплъийищ гьеб, яги – гIадатлъи,**
**ГIадатлъи бокьула ракьалда дие.**
**Дир гIенеккунгутIи дур мисалалъухъ?**
**Йохъ! ЦIалкIу батила, картIал чIахIияб.**

Гьаб макъалаялъул байбихьудаго нилъеца бицана Умарагьи СалихIовалъул «Цо-цо пикрабазул» хIакъалъулъ, «ШигIрабазул куркьбазда» ругел тIолалго шигIриял асаразул цIех-рех гьабулаго, дир ботIролъги рижана батIи-батIиял пикраби. Гьезул аслияблъун лъугьанин абизе бегьула, кинаб темаялда кинаб кечI кагътиде босулеб бугониги, гьелъул рекIелъе лъугьунеб бугин ккола гьеб кочIолъ «жавгьарлъун кунчIизе» бугеб щибаб жугьаялъул жавабчилъи. Гьеб загьирлъулеб буго «РитIуге дихъе» кечI байбихьулеб кIиго мухъилъ:

**Огь, БетIергьан Аллагь, ритIуге дихъе,**
**Хъвани, цIалуларел цIорорал мухъал.**

Хадусеб гьумералда бугеб «Дицаго цIализе..» кочIолъа ункъо мухъги мисалалъе босизе кколеб буго:

**Дирго рекIел къварилъи къватIибе загьирлъизе,**
**Заман щведал рачIарал, речIаладай саринал.**
**Дир гIумрудул захIмалъи шигIрабаз бикьилилан**
**Рокьигун кьурал мухъал рихъун гIодор раладай?**

Кибго бихьулеб буго шаг1иралъе къиматаб бечелъи, буголъи, г1арац гуреб, г1адан вук1ин, гьелъ гьев к1одо гьавулев вук1ин, лъик1аб г1амал беццулеб бук1ин.

Максим Горькияс хъван буго: «ШагIир вукIине ккола, жиндир рекIелъ бугелъул бетIергьанлъун гуревги, дунялалда лъугьунеб бугелъул дандерижилъунги».

Машгьурав хъвадарухъанасул гьел гIакъилал рагIаби ракIалде щвана Умарагьи СалихIовалъул «Донецкалъул рагъал» абураб кечI цIалараб мехалъ.

Гьеб гIасияб рагъул пикрабазда сардилъ рахIат хун йигей шагIиралъ жиндирго анищазулъ «улбузухъе васал руссинаруна, ругънал Донбассалъул сахлъизаруна, сверухъ дунялалда даимго рекъел рекъараб бугилан къотIи гьабуна».

«Шиг1рабазул куркьбазда» тIехьалъул ахиралдехун батIа тIун кьун буго «ТIохьода хъвай-хъвагIай» абураб тIел. Лъие кьурал тIахьазда гьел къокъал жугьаби ругелали баянлъула гьезул гьадинал цIараздасан: «АхIмадовасе», «ПатахIовасе», «ТубхIатие», «Баязовасе», «МахIмуд-Апандие», «Сабигатие», «Синдикъовасе».

Гьелдасаги хадуб тIехьалда буго «Диде саринал» абураб тIел. Гьенир кьун кьун руго Умарагьи СалихIовалъе сайгъат гьарурал кучIдул.

Амма кIудияй яц Зарипатил гьара-рахьиялъул ункъо мухъ хъвачIого тезе рекъараб гьечIилан, гьебги босулеб буго гьаб макъалаялъул ахиралде:

**Кьеги дуе сахлъи, таги мун чIаго,**
**ЧIухIула дудаса, дир Умарагьи!**
**Цогидал, вореги, нуж пашманлъуге,**
**Гьединго хирият нужги ругин дий.**

ТIехь басмаялда бахъиялъул хаслъилъун лъугьун буго гьениб цо-цо кучIдузда цадахъ гIурус мацIалде таржамаги лъун букIин. Гьай-гьай, кочIода гъоркь хъван буго таржама гьабурасул цIар. Хьул буго магIарулаз гьираялда къабул гьабилилан «ШигIрабазул куркьбазда» абураб тIехь. Умарагьи СалихIовалъул шигIрабазул куркьбал щулалъаги!

Гьединго баркула гьелда гьелъ дунялалда рарал сонал ч1алг1адего ран гьеч1олъи ва гьарула щулияб сахлъи.

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***



# Дие бокьилаан, сусур кинигин,
# Сверудаса квешлъи нахъе чIаразе



* * *

Дин гьабулел какулел,
Какал ралел рихарал,
РакIал жагьлуялъ цIурал,
РорчIа нилъ макьидаса.

КечI-бакъаналъ мехтарал
Ресторанахъ кьурдулел,
Кьаву нафсалда чIварал,
РорчIа нилъ макьидаса.

Мадугьалгун къец балел,
Къосаразе квер кьолел,
Садакъаде квер къарал,
РорчIа нилъ макьидаса.

РорчIа нилъ макьидаса,
Ригьа мехталидаса,
Рогьелги рещтIун буго,
Мехелги кватIун буго.

* * *

Дие бокьилаан, сусур кинигин,
Сверудаса квешлъи нахъе чIаразе.
ГIазул гIунсби гIадал согIал ракIалъан
Хинлъиялъул иццал рорчIизаризе.

Дие бокьилаан вижараб ракьул
Бугьтанал лъолезда «гIела» абизе.
Бищунго гIадамалъ хIакъираб пиша -
Нахъаса гаргади теян ахIизе.

Дие бокьилаан, рикьи гьечIого,
Ракьалда гIадамал ращад гьаризе.
ГIарцул чванта гьечIев ритIухъчиясе
Ришватчияс квалквал гьабунгутIизе.

Бокьанщинаб гьарун, гьардарав Аллагь,
Дур рагьдухъе гуреб, гьечIо дие нух.
Дир магIил гьаркьие жаваб гьабизе
РегIараб идара ракьалда гьечIо.

## МАЦIИХЪАБИ

МацIихъаби ракьалда
Унго, нужер гIемерлъи.
Гьерсихъаби, хъулухъалъ
Унго, нужер цебетIей.

ГIадамазулъ кидаго
КъабихIаллъун рукIарал
Расги намуслъичIого
БетIер кIичIун хьвадула.

Хьами лъицадай бараб
Гьал дир магIарулазде,
МагIна бугевщинасде
Гьерсихъабаз хьат базе.

Кинал мунагьазухьдай
ЧIаго нилъее гIазаб,
ГIаданлъи цIикIкIанщинав
Миллатцояв какизе.

ЛъикIлъиялъухъ цIун кьолеб
Квешлъиялъул кьогIаб лълъар,
Лъалинирго лъечIого,
ХьвагIулел гьерсил хунжрул.

Хиянатлъи гурони,
БахIарчилъи борцине,
Бице, дир магIарулал,
Щун гьечIищ нилъей заман?

Цолъеян ахIи балез
Бичулеб щай авар халкъ,
Байрахъал гIадин цере
ГъалатIал щай рорхулел.

Дунги малаик гуро,
Дидаги гIайиб буго,
ГIумруялъ гьерсихъаби
Дихъаги цере ккана.

* * *

**Ракъиги бачIун гьечIо,**
**Рагъулги гьаракь гьечIо,**
**Гьаб кинаб гIажаиблъи**
**ГIадамазулъ баккараб.**

**РетIелги хохон гьечIо,**
**Хираб машина рекIун,**
**Гьардухъаби хьвадулеб**
**Гьаб кинаб гIажаиблъи.**

**Хурзалго ахIго руго,**
**Оцал хьихьулел гьечIо,**
**Гьабизе иш гьечIоян**
**ГIебеде чIван гIолилал.**

**КъачIарал рукъзал руго,**
**ТIад ретIун месед буго,**
**Садакьа хIажат бугин**
**ГIодулел ясал руго.**

**КваначIого анкь бугез**
**БекьичIого ах буго,**
**РетIине ретIел гьечIехъ**
**Багьаял телефонал.**

**Бегуниса сверулеб**
**Буго гьанже дуниял.**
**Дир гIажаиблъиялъухъ**
**Лъие букIинеб ургъел.**

*ТIагьират ЖАВАТХАНОВА,*
*ЧIарада районалъул ГIурухъ-СотIа росу.*



**Шагьри ХIАЖИЛОВА**

## ГЪАЗАВАТ

*(поэма)*
*( Байбихьи – цебесеб номералда)*

**6.**

**Щобил моцIрол ханлъидул балъголъабазул нурлъун**
**Зобал-ракьазда лъараб Имаматалъ таж лъураб,**
**ТалихIаб АхIулгохIил хIинкъарал дол сонаца**
**Нус-нус чиясде данде цо-цо мурид вагъана.**

**Сверухълъи нуралъ цIураб, файзалъул махI бахъараб,**
**Бадругин УхIудалъул гьалмагълъун жиб букIараб,**
**Жавгьаргун якъуталъул къиматаб чирахъ гIадин,**
**МугIрузулаб халкъалъе АхIулгохI къалъун ана.**

**Къолден цIаялъ ретIараб гьелъул сверулъе рахун,**
**МугIрузул халкъалъ кумек Шамилий гьабулаан,**
**Рикь-рикьун гIурусазул аскарал ине гьарун,**
**Гьел сардилъ гIурусазул боязде кIанцIулаан.**

**Зулму тIадлъананиги, АхIулгохIда гIадамал**
**Наял гIадин хIалтIулел рукIана кIвахI лъаларел.**
**ГIисин лъимал рукIана Къуръан лъазе гьабулел,**
**БукIана мажгиталда будунас как ахIулеб.**

**Бидул хIораз хIеккараб АхIулгохIда шагьидал**
**РукIана чIумал кверде гъазаваталъул цIалел,**
**Гьезул щибаб лахIзатгин даимлъи бащалъулеб**
**Лъалеб дуниялалъги гьезул цIар цIвабзалъ хъвана...**

**Югославиялъулгин Бельгия, Францоиялъул,**
**Турказул, гIарабазул, Англиялъул гьундухье**
**Имаматалъул бицун къойил кагътал щолаан,**
**Шамилил къеркьеялда халкъаз нахъ хал кколаан.**

**Кавказалъул рагъазул бицен гьабулел тIахьал**
**ТIерхьун араб къарнуялъ бакълъун зодихье ккуна,**
**Эркенлъи цIунизеян цIвабзазухье борхараб**
**Имаматалъул къиса дунялалдаго лъана.**

**КъохIехьеялъ таж лъураб Алжанул агьлуялъул**
**Имамат цIунулаго цIвабзазухъе борхараб**
**Хвалчадул паркъиялъул къиматаб тарихалъул**
**Хвел гьечIеб лебаллъиялъ дунял хIайран гьабуна.**

**7.**

**КIкIалахъ бухъардулеб гIор, гIарадаялъ бухъулеб**
**АхIулгохIил свераби аххада тун, хехаб хIинчI**
**Зодил т1огьиб бахана. Гьеб букIана имамас**
**Кверде ругьун гьабураб ругьел босун унеб хIинчI.**

**Эркенаб хIинчI, тIадагьго зобалазухъ парпадун,**
**Гьелегьараб цIадуца цIал кьабулеб ракьалъул**
**Кьер-кьерал гIазабазухъ хIинкъадго балагьана,**
**Рекъел анищлъун бугеб гьелъул ракI зигардана.**

**Гьеб, чанги рагъул нухал нахъа тун, Шамилихъан,**
**ХъахIилаб зодиб бахун кагътал росун, боржана.**
**Жакъа гьелъул хIатIида бухьун бугеб кагътида**
**Буго: КватIугейилан, кумек хIажалъилилан.**

**Рик1кIаде боржун унеб, паракъалъи гьарулеб,**
**Гьелъухъ бугеб рисалат гIурусазда лъаларо,**
**Аллагьас гьелъий кьураб талихIалъулаб кунчIи -**
**Камилав имам вокьи Граббеда бичIчIуларо.**

*** * ***

**Цоялда хадуб цоялъ гьужумаца квелъ бараб,**
**Квер базе бакI течIого гIурусаз сверун кколеб,**
**Зикрудулаб гьаракьгин зодихье балагьараб**
**АхIулгохIда муридал къанагIалъун рукIана.**

**ЧIиркъатIа жал рукIарал гIандисезул васазде**
**Имамас ругьел бана АхIулгохIихье щвайин.**
**ГIумархIажиги, нусго муридги данде гьавун,**
**Гьезде данде вахъана: цадахъ гьужум гьабизин.**

**Гьеб кIиябго къокъаялъ тушманасул щулалъи**
**Щущахъ биххизабуна, гьезул гIарадабиги**
**КIкIалахъе рехун ана. Рагъуй цIа боркьулелъул**
**ГIарададул гуллица гьел тIад руссинаруна.**

**Сардил салам тIадлъидал гIурусазул боязде**
**Нусго муридгин Билал МухIаммад тIаделъана,**

**Гьесул къокъаялъ гӀурус аскар щущазабуна,**
**Гьезухъа хӀинкъун, дагьал нахъе гӀурусал къана.**

**Нахъияб къоялъ гьужум Поповасул къукъадул,**
**Къуватал гъалбацӀазлъун, къадруял муридзабаз**
**Щулалъуде щвелалде нахъе къазе гьабуна,**
**ГӀурусазул боязе цӀиял камиял ккана.**

**Майор Тарасевичги, къокъагин тӀаде щолев,**
**Гуллил цӀадакье цӀана, цинги гьезул бутӀрузде**
**ГанчӀал, чӀалал риччана. Гьелги тӀад руссун ана,**
**Гьеб къоялъ гӀурусазул ичӀнусго солдат чӀвана.**

**Хадубккунги гуллица рорлъуларел дугъалгин**
**Солдатал АхӀулгохӀде гӀагарлъизе лъугьана,**
**Гьелдаса хадуб лъабго къоялъ гьоркьоб чӀечӀого**
**ГӀарадаялъ АхӀулгохӀ гьаргьадизе гьабуна.**

**Гьалдолеб АхӀулгохӀде имамасе кумекгин**
**Ахбердилавгин цадахъ цоги къокъа бачӀана,**
**ЧӀикӀаса нусго мурид гьезда гьоркьор рукӀана,**
**Гьелги, гъалбацӀал гӀадин, гӀурусалгин рагъана.**

**ГӀурул квегӀаб рахъалъан имамасухъе кумек**
**БачӀунеб букӀин лъайдал, Граббеца гьебги къана,**
**Генерал Лабанцев гьес, ЧӀиркъатӀехун бугеб кьо**
**ЦӀи гьабизе ккелилан, гьенивехун витӀана.**

**ГъалбацӀдибирил къокъа гьесде данде бахъана.**
**Тушбабаз гӀарада бан, гьел нахъе къазаруна,**
**Лъабабилеб июлалъ кьо цӀи гьабизе кӀвана,**
**Гьеб Граббел аскаразе кӀвар цӀикӀкӀараб букӀана.**

**ГӀандигӀурул квегӀаб рахъ кабардиназул полказ,**
**Мехтулинскиясулгин хунздерил къокъабаца,**
**АхӀмадханил чукъбуца къорикье имам вачун,**
**АхӀулгохӀде нухал къан, сверухъан ккун букӀана.**

**Пачаясул хутӀараб аскар АхӀулгохӀида**
**ДандбитӀараб бакӀалда щулалъи ккун рукӀана.**
**АхӀулгохӀие тӀубан гӀурусаз сангар къана,**
**Гьелдаса нахъе кумек, гохӀде щолеб, къотӀана.**

**8.**

**ГIурусазе АхIулгохI сверун кквезе рес щведал
Шамилихъе бачIунеб къуват тIубан лъугIана.
Лъадахъе нух гьечIого, кваназе квен гьечIого.
Гьесул бо гIарададул цIадул цIадакь хутIана.**

**Гьедин бугонаниги, хIатIида хьит гьечIого,
ТIу-тIураб ратIлилъ ругел Шамилил БахIарзаца
Щулалъи гIурусазул чанги щущазабуна,
Чанго моцI муридзабаз гьединаб хIалалъ бана.**

**АхIулгохIда Шамилил Жавгьарат шагьидлъана,
Гьесул яц ПатIиматги, гIурулъе кIанцIун, хвана,
Тушманасул кверзухъе ккезе гурилан абун,
Гьелда нахъ кIанцIаралги ГIандигIоралъ рукъана.**

**АхIулгохIда рукIарал нохъазул мухъал, рукъзал
Гьенир рахчун рукIарал руччаби, лъималазде,
Гьел чIаго ракьулъ рукъун, гIурусаз тIезаруна,
Мажгит тIун, къоло микьго чи цо къоялда хвана.**

**Жеги балугълъи лъачIел васал, кьурулъан тIаде
Рахунездеги кIанцIун, шагьидзабазулъ лъана.
Какичурузе лъимин гIурухъе унел ясал,
ГIарадабаз гIурул лъелълъ гъоркъизе гьарун, хвана.**

**Лъин гьечIого хутIидал чанго къоялъ муридаз,
Ракьалъ таямум гьабун, какал ралел рукIана,
Ракъарал лъималазул зигарди, АхIулгохIил
Сверабаз цоцахъе кьун, кьурулъ багъун букIана…**

**Гьеб хIалалда рукIаго, имамас амру гьабун,
МугIрузул рорхалъабахъ ахIул цIаял ракана.
АхIулгохIил сверухъе дагьал гIадамал щвана,
Муридзаби, сордо-къо цIехечIого, рагъана.**

**Нусгониги метраялъ гIурусазул аскарал
АхIулгохIил мухъидул сверулъе гIагарлъана.
«Аскаралъул щулалъи биххизе гьабе!» - амру
Ахбердил МухIаммадий имамасул букIана.**

**Сардилъ гьездеги кIанцIун, амру тIубазабуна,
Муридазул щугояв имамасе камуна,
Гьеб шулалъи цIилъизе нахъеги гьабизейин
Пачаясул аскарал чанго къоялъ хIалтIана.**

**Къоло анлъабилеб июлалъул мухъида**
**Имамасухъе Граббел таржамачи вачIана,**
**АскIов гIадан гьечIого Шамилий бицаралъул**
**ХIасилалъ Граббеца гьев витIарав якъинлъана.**

**Граббеца, кIудияв вас аманаталъе кьуни,**
**Рагъ къотIизе телилан рагIи кьолеб букIана.**
**Имамас Жамалудин гIурусазухъе кьуна,**
**Кьалул тIадецуялъул цIа жеги багIарана.**

**9.**

**Асирлъиялдаса нилъ шагьидлъи лъикIин абун,**
**Шамилица абидал, имамасда тIад рекъон,**
**ГIурусаз сверун ккураб АхIулгохIил сверулъан**
**Имамгун цо чангоял гохIдаса рикIкIалъана.**

**БукIана августалъул ахир тIаде гIунтIулеб,**
**ТIабигIат букIана нух хасалихълъидуй лъолеб.**
**Беролеб ГIандигIурул чвахуда тIасан кIанцIун,**
**Имамас гъотIол кьо лъун, гьел церехун рачана.**

**Гьесда хадур рахъарал гIурусазул боялгин**
**ХIажимурад вукIана. Имамасде рокьиги**
**Кьалулъ чIварав вацасул рецIел босизе хьулги**
**Гьесулъ цолъун рукIана. Рокьи гьесул цIикIкIана.**

**Вихьулин имамилан Шамилил тушбабаца**
**Бициндал, дурнаберал гьезул кодоса росун,**
**Парсалъ гьел рортизарун, багIнасал ратилилан**
**Гьес гьел нахъе къотIана. Имам цеве ворчIана.**

**Гьелдаса хадув имам Чачаналда рещтIана,**
**Веденоре гьесда нахъ муридзаби рачIана,**
**ЧIаго хутIун рукIарал наибзабиги щвана.**
**Шамил чачанацаги имамлъун лъазавуна.**

**10.**

**Имам, гъазаваталде черкесал гIагар гьарун,**
**Кавказалъул халкъазе эркенлъидуй нухги лъун,**
**МугIрузул ВатIаналде, мех бачIо, тIадвуссана,**
**ТIолго дуниялалда гьесул цIар тIибитIана.**

**Даргъор рещтIун, имамас гьеб щулалъизабуна,**
**ШаригIаталъул низам бильлъанхьизе гьабуна.**
**Даргъобе пачаясул боялъ гьужум гьабуна,**
**Жаватхан гьенир ккарал рагъазулъ шагьидлъана.**

Шамилица пачаяс рарал хъулби рахъана,
Унсоколо, ХарачIиб, Балахьунибгин кверщел
Щула гьабун хадуса хунзги хадур ахIана,
Хьаргаби гIурусазул хъалаги кодоб щвана.

СалтIа, Хьаргабиргин ЧIохъ гIасиял рагъал ккана,
Рагъулъ чIваразул биялъ ахал, хурзал лъалъана,
Дагъистаналъул халкъал, Имаматалде хьулгин,
ГIурусазул хьухьикьа тархъанлъилин рукIана.

БакIаб тIадецуялъул рахсалги рорхулаго,
Имам Шамил килдерил мугIрул тIогьив вахана.
ТIадмагIаруллъиялъул халкъал цIунизе къасдгун
Гьесда хадур унезул къадар дагьаб букIана.

Чачаназулъ вукIарав анцIила анкьго наиб
Имамасе, хьаралъун, анкьго хутIун вукIана.
ТIаса Гъунир рахине разилъейилан абун,
Имамасда гьаризе вас муридаз тIамуна.

КигIан бокьичIониги, гьезда хадувги вилълъун,
Имамас Гъунирехун гочин тIаса бищана.
ГIурусазул г1арцуца ричун росун, наибал
Имамгун гьеб мехалде ункъго хутIун вукIана.

ХутIаразул бо гIуцIун, имам Гъунив вахана,
Рорхатал кьурабаца сверун ккураб щулалъи
Имамас, сверухъан къан, рагъуй хIадур гьабуна,
Нух бахъилин ккаралъур хъаравулзаби тана.

11.
Азаралда микьнусил кIикъоялда анцIила
ИчIабилеб соналъул мухъида гьеб букIана.
Август нуха регIулеб роол завал букIана,
Ахираб гьелъул хIухьлакь ракь тIегьалеб букIана.

Барятинский аскаргин КIогьорив гIагарлъана,
Врангелие гиназас буюрана: Шамилий
Рагъ тейин хабар бицун, гьев ракълиде ахIейин.
ХIилла-рекIкI гIемер лъарав Шамил гьесда божичIо.

Сардилъ бальгояб нух ккун гIурусазул солдатал
Гъунир тIаде рахана, гуллбузул цIадал рана,
Сверухъе «Ура!» ахIун, гIурусал тIиритIана,
Рохьил гъветIгIан гIемераб къадар гьезул букIана.

КъанагIатлъун рукIарал имамасул муридал,
Гьезул гьужумги нахъ чIван, бахIарчиго рагъана,

**Гъунисезул лъарахъги гІасиял рагъал ккана,**
**Рагъулъ чІваразул биялъ лъар багІарлъун букІана.**

**ГъунимагІарда кьалги жужахI гІадин боркьана.**
**Имам чІаго восизе хьулгин Барятинскияс,**
**Шамил мажлис ахІизе мажгиталъув лъугьиндал,**
**Кьвагьи-гІанхъи гьоркьоса дагьаб къотІизе тана.**

**Муридзабаца гьарун, ГъазимухІаммадица**
**Имамасда абуна: ахириял хутІарал**
**Муридзаби чІвалалде рекъел гьабизе бугин.**
**Гьеб мехалде сардарас чапар витІун вачІана.**

**Гьев вукІана капитан Лазарев, Шамилихъе**
**Имам жиндихъе ах1ун сардарас витІун щварав.**
**Нилъ хвезегІан рагъилин имамас абуралда**
**Муридзаби рекъечІо, гьез « Рекъел» - ан гьарана.**

**МугІрузулаб халкъалъул къадруяб къеркьеялъул**
**Паркъиялъ къисматалъул роржадухъе квер кьуна.**
**Жиндир гІумру эркенлъи цІунулаго тІерхьунев**
**Имамас чармил хвалчен ГъунимагІарда лъуна.**

**Гьеб лъолелъул, шагьидлъун хварал гъазизабазул**
**БакІалда анищилан, Шамил имам угьдана.**
**Исламги Дагъистанги тІезе тогеян абун,**
**МугІрузул гІадамазе гьес аманат гьабуна.**

**Гьединан имам Шамил сардарасухъе ана.**
**Ругънаца цІурав гьесухъ, гьинал рекІелъ цІаги хъван,**
**ЦІва апараглъиялъул пашманго балагьана,**
**Аллагьасул къотІи лъан, гъазаватги лъугІана…**

**ГъунимегІералда тІад тІадагьго свери бахъун,**
**РукІана цІудул тІанчІи эркенлъидул бицунел.**
**Имам, мун кІочонарин, каранде цІумалги къан,**
**Бакъулаб зоб букІана гьесий накаби чІвалеб.**

**Бакъул ч1оразухъ лъалхъун, къулгІадухъ каки чурун,**
**Чияр ракьазде унев Шамилица гьарана:**
**Алжаналъул ахаллъун тІегьай, мугІрул ВатІанин,**
**МугІрузда куркьбал лъураб кІочонге гъазаватин.**

**ТалихІаб исламалъул нур халкъалъе цІунараб,**
**Къадруял имамзабаз зобалахъе борхараб,**
**Зодилаб камиллъигун дуниялалда лъараб,**
**КІочон течІо гъазават, кІоченаро Имамат.**

## РекIелъ щурщударал шигIраби

МухIамадкамил ГЬИМАТОВ

### ТIАГЬИРАТ, РИЛЪЛЪА НИЛЪ…

ТIагьират, рилълъа нилъ Райгьанатихъе,
Гьелъул рокъоб гIадин, ракI сасунарин.
РакIалде щвезавун Шахтамановгун,
Шиша коньякалъул лъола гьелъ цебе.

ГIумар-ХIажихъ ккараб хIасратаб рокьи
ГIумруялъ бахчарай гIадан йиго гьей.
ГIищкъуялъул бакъалъ бахIарлъи цIунун,
ГIанаби багIарай херай йиго гьей.

Жакъаги бицина нилъер рекIелалъ,
Рокьи кьогIаб букIин – гьереси бугин,
Гьев ракIалде щвараб щибаб лахIзаталъ
РекIелъе гьулчулин гьуинаб хинлъи.

Россасе инеги разилъичIила,
Рокьуе хилиплъи цIакъ бакIлъилилан.
ХабатIе инеги хIинкъун йигила,
ХIал хисун, гьенийго гIодой ккелилан.

…Т1агьират, рилълъа нилъ Мокъсоб росулъе,
Шахтамановасул хабатIе щвезе,
Гьесухъ рокьи ккарай Райгьанатица
РитIарал тIугьдузул квацIиги босун.

### МАРГЬУ-КЕЧ1

РукIанила, рукIинчIила,
КIиго гьудул вукIанила.
Лъудбиги гьез рачинчIила,
Лъимал, гьайгьай, рукIинчIила.

Цояв рекъав вукIанила,
Цояв къокъав вукIанила.
Рекъасда цIар Къурбанила,
Къокъасда цIар Къумачила.

Рекъав Къурбан къебедила,
Къумачица къед балила,
КъваригIел гьез тIубачIев чи
Гьеб рахъалда гьечIевила.

Къаси-къаси ракIгьеялъе
Цоцазухъе унелила.
Бертабалъе, кверкьовуде
Цадахъ рачIун рихьулила.

**Рокъоб-бокьоб бугелдаги**
**Баркат лъурал ругелила.**
**Лъалез-хъвалез лъикIалилан,**
**КIалухъ рахъун, рехсолила.**

**РакIалдаго гьечIеб балагь**
**Къумачиде рещтIанила.**
**РагIалдегIан бараб мина**
**ГIоралъ босун арабила.**

**КьучI гъваридаб бухъун гьечIин,**
**Къед щулияб букIун гьечIин,**
**Гьелъул гIайиб къадахъабаз**
**Къумачиде бугъанила.**

**Минаялъул бетIергьанги**
**Къумачихье вачIанила,**
**Мун сабаблъун ккараб зарал**
**БецIичIого гIоларилан.**

**Гьеб рагIидал, гьесухье ун,**
**Къурбаница гьаранила,**
**Досул мина дуе кьелин,**
**Дуца Къумач живго тейин.**

**Ккараб къотIи бицине гьав**
**Къумачихье къокъанила.**
**Къан гъежги ккун, Къурбаница**
**Гъудуласда абунила:**

**Гьаб минаги досие тун,**
**Дида цадахъ вилълъайин мун,**
**Лъудби гьечIин, лъимал гьечIин,**
**Цо минаги гIун рукIинин.**

**Гьедин цадахъ Къурбан, Къумач**
**ХерлъизегIан хутIанила,**
**Къумач, къадаралде щведал,**
**Къурбаница вукъанила.**

**Къумач хведал, Къурбаница**
**Васигатги хъварабила,**
**Цо мадраса рагьейилан**
**Назру гьабун бугин мина.**

**Дица берал къанщун хадуб**
**Къебелъул гьаб тIагIел-алат**
**КъваригIарас босейилан**
**Аманатги гьабунила.**

**Гьеб хасел ун, их бачIиндал,**
**Хабалъе гьев тIовитIидал,**
**ТIинал-кIудал гIадамазулъ**
**ГIандичIев чи вукIинчIила.**

**…Маргъу бугин цIаланиги,**
**Гьересийин тогейила.**
**Нижер колохъ ккараб бугин**
**Бицунила цо росулъез.**

## ЦЕРЕСЕЛ ШАГ1ИРЗАБАЗ ЩВЕЗЕ ТОЛАРО МАКЬУ

**Цересел шагIирзабаз**
**Щвезе толаро макьу,**
**Шуршудула каранда**
**Караматал жугьаби.**

**Щуланиса ИсмагIил**
**Сардилъ цеве вачIуна,**
**«ВагIзаялъул» гIакълаби**
**ГIинзукье гьес шурула.**

**«ЧIагIдаде гьабурабан»**
**ГIадатияб цIар лъураб,**
**ЩIакъаб назму цIализе**
**ЩIикIкIараб гъира ккола.**

**ЧIагIа хIарамаб гьечIин**
**ЧIчIаразда гьес речIчIарал**
**ЧIоразул бегIерлъиялъ**
**ГIажаиблъизавула.**

**ГIемерал ругин абун,**
**ГIайиб гьабун кIалъаге,**
**КIвечIин чIезе, гьал мухъал**
**КочIолъе росичIого:**

«Огь, нуж Бичас рачаял
Чурухъ хIукъдулел хIамул,
ХIабибасул шаргIалде
Щайла  гаргар гьабулеб?

Вай, нуж бацIица чIваял
Балкан кваналел гьаби,
Кинабгоги бакIалда
Щиб бугеб нужер рагIи?

Жагьилазда гьоркьор чIун,
Гьаби гIадин, чIикIардун,
ЧIагIдай гIоло гIассилъун,
Нечоларищ Бичасда?

Жагьилазе нухал къан,
Нухго гьечIеб чIагIа къун,
Къуръан-хIадис хIатIикь ккун,
ХIинкъуларищ хIакъалда?»

ХIикмат… гьел раг1абаца
РекIей гьабулеб асар!

Унго, гьезул пасихIлъи,
Щвалде щвей магIнаялъул!

Машгьурлъана ИсмагIил
Таржамачи гIадинги.
Гьелъулъги загьирлъана
ШагIирлъиялъул гьунар.

ГIараб камилабилан,
ГIажам какулеб мехалъ,
КагIбул «Банат Суг1аду»
ГIажамалде босана.

«ГIадалав Щуланийин»
Гьоркь гьулбас гьабиялъул
Гъваридаб магIна буго,
Гьорлъе лъикIго раккани.

ЛъикIал шагIирзабазулъ
Щуланиясул цIарги,
Рогьалил цIва кинигин,
КунчIун хутIизе ккола.

* * *

Къирун, къварун ина кваридал къоял,
Къасдал къарукъина, къела пашманлъи,
Къела пашманлъи.

Къадарлъи, къабихIлъи, къарумлъи, къунтIлъи
Къабуллъуларила магIаруласе,
МагIаруласе.

## ЧIОБОГОЯБ  МАЖМУГI

ШагIирасул кучIдузулъ
КунчIи поэзиялъул
Батулеб гьечIолъиялъ
ГIазаб къуна рекIее.

Модаялдаса ана
Адабияб критика,

Бадибе абунани,
Тушманлъунги лъугьуна.

Гьанже ракI бухIун буго,
Щай дица цIаларабин,
ЧIалгIаде заманги чIван,
ЧIобогояб гьаб мажмугI.

## ГІАРЦУЛГУН ГАРА-ЧІВАРИ

**– ГIарац, мун щай дихъе щун бугеб жакъа?
Щиб бугеб дур мурад? Щиб бугеб хиял?
– Хиялги мурадги, хирияв инсан,
Ханлъи-лагълъиялда хурхараб буго.
Бокьун буго дутIа ханлъи гьабизе
Яги, мун ханлъун тун, лагълъун букIине.
– Щай дуца гьединал гьерсал рицунел,
Гьел дур рагIабазда дун кин божилев?
Ханлъунги лъугьине, лагълъун букIине –
КIиго батIияб жо кинан бокьулеб?
– БокьичIого дие чара гьечIелъул,
Дуда бараблъидал гьелъул иш бугеб.
Гьедин дагьаб гIарац дие гIоларин:
«Дагьабги… Дагьабги…» – дуца бачани;
Цогидаб сундулго пикру гьечIого:
«ГIарац! ГIарац!» – абун дур ракI кIетIани,
КIола дида дутIа ханлъи гьабизе.
ХвезегIан хутIила гIажизав лагълъун,
ГIазаб гIемерлъила дур гIумруялъулъ,
Дида хадув гьедин хачадулаго.
Холеб мехалъ дуца аниб толеб дун
Эбел-инсудаса хиралъила дуй.
Ва амма, щваралъухъ шукруги гьабун:
«АлхIамдулиллагь!» – ан дуца абуни,
Дун букIина дуе мутIигIаб лагълъун,
Балагь-гIазаб гьечIеб букIина гIумру.
ГIадамазул хьами цIакъ рихун буго,
«На-гIа-а-а-на!» рагIизе бокьулеб гьечIо.**

## ЦЕБЕГО ЦО РОСУЛЪ…

**Цебего цо росулъ, сих1ирай Булък1ур
Иргадал унаан, намус гьечIого,
Нужерго гIорто цIун, ханжу кьейилан,
Нахъе щвезабизе метер ячIинин.**

**ЧIинчIо тIаде бачун, гIортоги бахчун,
ГIодоеги къулун, къокъунаан гьей.
Рокъое щварайго, хъазанги кьолон,
ГIортоги бичIун, цIа бакулаан гьелъ.**

**Бигьаяб магIишат БулъкIурил букIин
Ахирги тIатана тIолго росдае.**

Росулъ гIабдалзаби лъугIанин абун,
Гъанситохъ гIодой чIун, гIодулей йиго.

Гордухъан бихьулеб рещалъараб моцI,
БулъкIурихъ балагьун, белъанхъанила.
ЦIуралъухъ цIун кьолеб гIадат бугеблъи,
Дуе къабуллъичIин, къинкIанила гьеб.

## ДАГЪИСТАН

МугIрул гIемерал руго
ГIатIидаб дунялалда.
МугIрузул гIадамазул
Пачалихъалги руго.

Амма Дагъ-и-стан абун –
МугIрузул Улкайилан
ЦIар лъураб бакI кибниги
Батиларо ракьалда.

Дагъистан, дур гьал МугIрул
Дие – Бищун ГIагарал.
Дагъистан, дур ГIадамал
Дие – Бищун Хириял.

Шамилил, Расулил ва
МахIачил мацIалда дун
КIалъалев вукIин гIадаб
КIудияб ЧIухIи гьечIо.

МагIарул Нич, Намус, ЯхI,
Чилъи чорхолъ бессараб
Наслу гIолеб букIингIан
КIудияб Рохел гьечIо.

## ГЬАНКIЕРО-КIЕСЕРО

Дун гьитIинаб мехалъ, инсуца гьабун,
ГьанкIеро-кIесеро букIана нижер.
КIудияв вацасе – дие цояб рахъ,
ДандвитIухъе кIусун ДавудмухIамад.

Гьедин гIорцIизегIан цоцахъ ралагьун,
ГьанкIеро-кIесеро чIалгIунароан,
ЧIер барсизе ине вахъайин абун,
КIодоца корохъе дун витIизегIан.

Цинги ниж хисана хадусел вацаз –
Нижер лъабабилев СайгидулбатIал.
Гьесие партнерлъи гьабизе гIуна
ГIолохъанго хварав вац МухIамадги.

Ахир МухIамадгун хIазе хутIана
Бищунго гьитIинав ТIалхIатулхайир.
Лъабго сон гурони гьоркьоб гьечIел гьел
Цоцазе хириял рукIун ратила.

ГьанкӀеро-кӀесеро – кӀиябго рахъалъ
Кьололеб букӀараб гьеб «айгъиралтӀа»
КӀи-кӀиккун рекӀана щуялго вацал –
Огь, нижер ракӀазе букӀараб рохел!

Гьанже азбаралда васасул лъимал
ГьанкӀеро-кӀесеро хӀалел рихьидал,
Гьездаса вахчизе бокьула дие,
Дир берал магӀил цӀун рихьилин хӀинкъун.

«ДахӀадада, мун щай гӀодулев?» – абун,
ГьитӀичаз гьикъани, жаваб кин кьелеб?
Цо-цоккун вукъана ункъавгоги вац,
Цо дун хутӀун вуго – хадув гӀодулев.

## ДАВУДМУХӀАМАДИДЕ КӀИАБИЛЕБ КЕЧӀ

*(ТӀоцебесеб дирго тӀехьалда лъун букӀана).*

ДавудмухӀамад, дир мун
КӀудияв гьитӀинав вац,
КӀудадал цӀар лъун букӀун,
Лъугьана ДахӀадада.

КӀудияв гӀезегӀанги,
ГӀолохъанлъудагицин,
Дуде ДахӀададайин
АхӀулаан киназго.

Амма Хунзахъ банкалде
ХӀалтӀизе лъугьун хадуб,
Дуе рекӀее гӀечӀо
ДахӀадада вукӀине.

Хундерица гуребги,
Росулъа гӀадамазги
ДавудмухӀамадилан
Абизе байбихьана.

ДавудмухӀамад, дир мун
КӀудияв гьитӀинав вац,
Нилъеда гьоркьоб лъабго
ЛъагӀелгицин букӀинчӀо.

ГӀелбащадал кинигин,
Цадахъ расандулаан,
Цоцаздехун гьуинлъи
Бессун букӀана рекӀелъ.

РакӀал журарал рукӀун
Гурищ нилъеда кӀвараб
Щуго-анлъго лъагӀелалъ
Цадахъ гӀумру гьабизе.

Цо рокъор ругеб мехалъ,
Ячана дуе лъади,
Цоцаздаса ричӀизе
РакӀалдегицин ккечӀо.

Цо хӀарччинисан кванан,
ГӀарац батӀа гьабичӀо.
Цоцазул хисун ретӀун,
Партал батӀа гьабичӀо.

Аллагьасул талихӀалъ,
Лъудбиги лъикӀал ккана,
Цоцазул ракӀ лъукъулеб
РагӀигицин щуричӀо.

Шагьар гIадинаб росулъ
Нилъ гьедин ругеблъи лъан,
Нилъеда бахиллъичIев
Хунзахъевги хутIичIо.

Амма къисмат бигъана,
Къварилъаби цIикIкIана,
Къо-лъикIилан тана нилъ
Лъабго гьитIинав вацас.

ЦохIо дуде ракIги гъун
Дун хутIун вугеб мехалъ,
Дуца берал къанщидал,
БецIлъана бакъул дунял.

Дица гьаниб тIанкI лъуна,
ТIокIаб хъвазе кIоларо,
КIиябго дир бадиса
БецIцIулеб буго магIу.

МагIил лъалкIал лъугьана
Цебе бугеб кагътитIа,
Кодоб букIараб ручка
Бортана гьелда тIаде…

## ХIИКМАТ!

– Дуца цо къоялъ дун къвалакье къалин,
Къоло щуго соналъ угьдана керен!

– Огь, хIикмат! Вай, хIикмат! Унго, доб мехалъ
Дида гьеб кин лъачIеб, кин дун кантIичIев?

Алло! Алло! Алло! Кьоларо жаваб,
Женя ун ятила макияжалъе.

– СекретарьшагIаги щай, гьудул, дуе?
– Шампанское боссе йитIизе ккола.

– Шампанскоялъищ, ле, къвалакье къалей?
Къо-лъикI! ТIокIай дуда дун йихьиларо!

НуцIихъ дандтункана секретарьшагун:
– Сергей Хункерович хун вугин ккола!

* * *

Дун гьавунин, гIунилан
Пайда щвечIеб ракьалъе,
Дица берал къанщунин,
Мукъсанлъиго ккеладай?

Дидасан дунялалда
Кумек щвечIел гIадамал,
Дун къанабакь лъунилан,
Къварилъизе ругодай?

* * *

ЩагIихъанас хъабида гIоркь
Гъола жиндий бокьаралъуб.
Чахьалда я тIиналда гъун
Батуларо нилъеда гьеб.

ШагIирасги жиндирго кечI
ЛъугIун тола бокьаралъуб,
Амма магIна буцIцIинчIелъуб
Батуларо гьесги тIанкI лъун.

## ЦО ГІОРКЬИЛАСЕ ХЕРАСУЛ ГІАКЪЛУ

Гьоров, бокьов гІурав чиги гурелъул,
Чороклъи щиб, дир вас, дур рагІабазул?
Эбел, яц, яс гьечІев вукІунарелъул,
КІалалтІе бачІараб кьвагьун бегьилищ?

Кьерилазда гьоркьоб дур къимат холеб
Хабар бицине мун кин нечоларев?
Нич-хІая гъорлъ гьечІеб абундач рехсей
Рекъон букІунебищ бихьинчиясда?

Бекерун унеб жо гІумру бугелъул,
ГІодовиччан чІезе заман щун гьечІищ?
ГІаданиб нах бугев гІаданлъидал мун,
ГІантавлъун хІан дуе кколеб хайир щиб?

ГІолохъанго гьедин хьвадун хадуса,
Херлъидал тІубанго гІадаллъиларищ?
ХвечІого анивги хутІуларелъул,
Риги хІиги абун, инарищ дове?

Мункар-Накирасул суалазеги
Абундач бицунищ жаваб гьабилеб?
Дур гІамалал хъвалел малаикзабаз
Кинабдай босилеб гьезда гьоркьоса?

Гьоров, бокьов гІурав чиги гурелъул,
Гьабе, дир вас, дуца гьанжего тавбу.
Тавбу гьабуразда Аллагь гурхІулин,
Гьаве мунго хвасар жужахІалдаса!

* * *

Дунялалда нигІматал
ГІемерал рукІин лъала,
Бищунго ракІ разияб –
РитІухъай лъади йикІин.

Ракьалда рижун руго
ТалихІалъ къвал баралги,
Бищунго цІикІкІун щвана
ЛъикІал лъимал ругезе.

* * *

Ясай, дуца дур кІалдиб
КІиго мацІ хьихьун буго.
Киналдадай божилев?
БичІчІизе захІмалъула!

Цоялъ цо-цо мехалда:
«Вокьула!» – ян абула.
Цо батІияб гъаргъар щун,
Нусабго сан сорола.

Свакан яги барщун гьеб
Бугеб гIадин, цогидалъ,
Цебе кIанцIунги бачIун,
Абула: «Вокьуларо!»

Ургьиб гьинал рекIеда
Гваргъараб цIа рекIуна,
«ЦIилазда кваналеб» гьелъ
Макьу щвезе толаро.

Щакдари – щайтIан буго,
Гукки – иблисалъул иш,
Эзул киналъдай, ясай,
Мун кверде йосун йигей?

## ХЕРАВ МАДУГЬАЛАСЕ ХЪВАРАБ КЕЧI

Исана гIадинаб сонго бихьичIо,
КигIан урхъаниги, их бачIунареб.
Ине хиял гьечIеб хасел букIана,
Херазул рокьуе кьалуе чIараб.

Гьалагал гьуразул гьужумал ругин,
Гьудул кин ахIилей ахикь дандчIвазе.
Дунни «гIолохъанчи, чорхолъ цIа бугев»,
«БахIарай» квачазе кин разилъилев?

Кверал ккун паркалда хьвадулел нилъго
Макьилъ рихьанилан угьдулаан гьей.
Ралъдал рагIалалда салул бусатIа
Рогьунел сардазухъ урхъун рукIана.

Амма мобильникал ургъарасени
Азарго баркала нижер рахъалъан.
РакIал гIорцIизегIан цоцахъе кIалъан,
ГIищкъул телал ана эфиралдасан.

РакIалде кколаан йокьулелдехун
Йокьулилан аби гIоларищилан.
Вай, гьереси буго – гьелда абизе
Азарго батIияб батула рагIи:

«Алжанул хIурулгIин, хIоразул хIанкъва,
ХIеренай, хIайранай, хIасратай бика», –
ТIокIал рехселаро, рахсил гIекI тIуни,
ТIаса лъугьинаро дун дидасаго.

Ахирги бачIана ниж урхъараб их,
«Нокия» гIемерго хIажалъулареб.
Мобильникалдасан азарго рагIул
Багьаяб букIана гьелъул цо хIохьел.

## ХАСЕЛАЛЪ, ХЕРЛЪИЯЛЪ ГЬУКЪУЛЕВ ВУГО …

**(*Гьале довго мадугьаласда бугеб хIалалъул бицараб микьго мухъ).***

**Гьаб хасалил сардил халалъиго щиб?**
**Щолеб гьечIеб макьу, унареб заман!**
**«Зулайхат, хирияй, кьижун йигищ мун?» –**
**Зарядка лъугIана телефоналъул.**

**Токги гьечIо къаси гьаб авалалда,**
**Гьоркьоб къотIуларо гьорол хъудиги.**
**КъватIиве вахъине хиял букIана,**
**Хаселалъ, херлъиялъ гьукъулев вуго.**

## ГЬОТIОЧИЕ – ТIОЦЕБЕСЕБ

**Мадугьалихъ тIохтIасан**
**ТIамур дуе хъвалаан,**
**ТIохил рагIалде вачIун,**
**Ишанал гьарилаан, –**

**ТIадмагIарухъ церего**
**Рижун ратаралани.**
**Лъаларо гьеб талихIищ**
**Яги талихI къосинищ?**

**Къудратав БетIергьанас**
**Хъван букIун буго, гьудул,**
**Хьил тIурал къватIаздасан**
**Къокъине нилъер гIумру.**

**Къисматалъ нилъ рещтIине**
**ТIаса бищун батана**
**Машинабазул кIкIуялъ**
**КIотинарулеб шагьар.**

**ТIохтIе цIад банин абун,**
**ТIири риччел хъваларо,**
**ТIогьол бахчалъун лъугьун**
**Буго нилъее дунял.**

**Вокьулев цадахъ вугеб**
**Хьощнибги алжанилан**
**ГIурусазул кициги**
**Кинго кIочон толаро.**

**«Амма» гьоркьоб гьечIеб кечI**
**Кагътица «хIехьоларо».**
**Кинниги гьаб кочIольги**
**Ккуна гьелъ жиндирго бакI.**

**Гьеб «аммаялъул» магIна**
**Лъазе дуе бокьани,**
**Дуда берчIазе щвечIеб**
**Щуго къо буго, ГьотIоч.**

**Юсса, дир хирияй, мун**
**Хекко сапаралдаса,**
**Сабруялъул кьодул ссак**
**ТIубанго щущалелде.**

## ХЪВАЛА ДУДЕ КЕЧI

**Дица ГьотIочиде гьабуна цо кечI,**
**Цойги гьабейилан гьарана дида.**

**КучIдул гьаризе дун шагIир гурилан**
**Абун борчIун ана, иблисалъ гьусун.**

Аргъан гIадин, гьелъул нодо букIкIана,
Беразул тIелхазде магIил щуб ккана.

Йокьулилан аби - гьересийищин,
Гьаракь сородараб суалги кьуна.

– Йокьулилан аби - гьереси гуро,
ШагIир гурин аби - махсаро буго.

МацIалца бацIцIана бадиса магIу,
БукIкIараб надалда гьабуна убач.

– Мун дир Лейла йиго, дун Мажнун вуго,
Мун дир Муи йиго, дун МахIмуд вуго.

МахIмудил тIехь цIалун, бищун пасихIал
РагIабиги хъирщун, хъвала дуде кечI.

## ГЬОТIОЧИЕ – КIИАБИЛЕБ

Гьей, гьей, гьей, гьудулзаби,
Гьудул йиго дие щун,
Гьурмада бахьи бугей,
Беразулъ гугьар бугей.

Гьей, гьей, гьей, гьал гIадамал,
Гьале дой дир рекIелай,
РекIелъ гIищкъу чапарай,
Чорхолъ рокьи бессарай.

Балагьизе тиричIо,
Талих1 дида дандчIвана.
Гьеб талихIалъул ралъдалъ
Лъедолев вуго гьанже.

Вай, тамаша, тамаша,
ТалихIал сардал-къоял
Къокъал щайдай рукIунел,
Къокъидго роржун унин?

Вай, гIажаиблъи гьечIищ,
ГIолохъанчиги гурин,
ГIорцIулевго щай гьечIев,
Гьалъул каранда квер лъун?

Вай, гIаламат, гIаламат,
ГIемерлъанагIан щайдай
ГIолеб гьечIеб чиясе
Йокьулелдасан лазат.

Вай, гьереси, гьереси
Гьалъул гьал щакдараби:
Щвелин бер цогидалде,
Телин дица жий рехун.

Гьей, гьей, гьей, гьудул ГьотIоч,
Гьарулеб буго дица:
Гьаруге гьел пикраби,
Гьез дирги ракI лъукъулин.

## ГЬОТIОЧ, ДУХЪ ЧIАЛГIУН ВУГО…

Дун духъ чIалгIун вуго, духъ чIалгIун вуго,
ЧIамучIго къокъунел къоялги руго.
ЧIагIдал гIорто гьекъон гIатIххараб гIадин,
ГIадлу биххун буго гIадалнахалъул.

Дуралда релълъараб рилълъин бугилан,
КъотIносан унелъухъ валагьун чIола.
Къасиниги дуца къирилин хьулгун,
НуцIихъ бералги лъун, кьижун ватула.

Кьоге дие гIазаб, ГIунайзат-бика,
Дурго Къайисида къвал базе ячIа.
Къвалакье мунги къан, рогьарал сардал
РакIалде щоларищ, щай мун тIагIарай?

ТIерхьун аралъусан бакъ бакканиги,
ТIеларо, дир гьудул, дудаса рокьи.
Доб ральдал тIиналда тIегь бижаниги,
ТIамиларо дица цогидалъухъ бер.

## АРАБ НАХЪБУССУНАРО…

Араб нахъбуссунаро,
Ссвараб цIа рекIунаро.
Сабрудул айгъиралъул
Квелъ дуца щулаго кkве.

Анищанщинабги щун,
Щивниги накълулъичIо.
Щваралда ракI разилъун,
Шукруялъул рачел къай.

Инсанасул гьаб гIумру
ЧIамучIаб букIинаан,
ЧIегIерабги хъахIабги
Цоцаца хисичIони.

ЧIегIераб рещтIунилан,
РекIее гIазаб кьоге,
ГIемерго кватIичIого,
ХъахIабги хадуб гьолин.

Хвалил пикру гьабураб
Хиялги тIурун ина,
ТIубанго щущалелде
Щаклъиялъ хьатги чIвала.

ХъахIаб кунчIараб мехалъ,
Рохалил жа гьекъоге,
Гьелъул мехтелалдаса
Вигьине захIмалъулин.

Зарраялда хъвараб дур
Къадар тIаде гIунтIидал,
ХъахIабги чIегIерабги
Цадахъ цебе паркъула.

## ДИРИЩ, ДУРИЩ?

Нилъер гьоркьоблъиялъулъ
КьватIел цIикIкIунеб буго.
Дирищ, дурищ?
ГIайиб лъил?

ГIайибги дитIего цIан,
ВуцIцIун чIейго лъикI дие.
Цоцаздехун гьуинлъи
Гьанже мигьлъулеб буго.
Дирищ, дурищ?
ГIайиб лъил?

ГIайиб лъил букIаниги,
ГIумру кьогIлъулеб буго.

## КЪАСИГИ ЯЧIИНЧIО ЧIУХIАРАЙ ГЪУДУЛ

**Къасиги ячIинчIо чIухIарай гъудул.**
**БачIинчIеб анищан ккела гьаб сордо.**
**Сардил канаб моцIлъун лъугьун йикIараб**
**Заман ракIалде щун, щвеларо макьу.**

**Щакдарулев вуго гьелъул кIутIбулъан**
**ГъоцIолъун рецIцIулел рокьул жугьаби**
**Рохъдолъ корокарал конфетал ругин,**
**Кодоре росизе ракI къалел гIадал.**

**Абулеб рагIана, гьай дир йокьулей**
**Рокьул ролал хIалей актриса йигин.**
**Унго, дунищ вугев, ролал хIалаго,**
**Гьелъ гуккаразда гъорлъ гьаримав партнер?**

**Амма гIищкъул унтуй дару гьечIелъул,**
**Дида кIолеб гьечIо: «Долой!» – абизе.**
**Огь, гьей дир рекIелъе лъугьун йигелъул,**
**КъватIие къотIизе къуват кин гIелеб?**

**ГIищкъуялъул гIурул карачалабаз**
**Кидадай рехила дун рагIаллъуде?**
**Къисмат бигъаразул къапилаялъулъ**
**КъачIанцин бугебдай дие хасаб бакI?**

**Къаси ячIунгеги чIухIарай гъудул,**
**ЧIалгIун буго дида гьелъухъ инагьди.**
**Гьанже, ахираб хьул хабалъги тIупун,**
**ТIад къоно чIван чIезе хиял буго дир.**

## АММА…

**«Амма», – ялъ цинтIаго, гурхIел гьечIого,**
**КъулчIула чиясул чанги хиялал…**
**КъотIноб горда гъоркьа хIатIил сас буго,**
**ЯчIуней йигодай чIухIарай гъудул.**

**ХIатIил сас гордохъа рикIкIалъуларо,**
**Дир нуцIихъеги гьеб гIагарлъуларо…**
**Гьале «амма» дида гьикъизе къачIан,**
**ЯчIун лъикIищ яги квешищин абун.**

**БетIер тIирун чIана: ячIун лъикI гурин,**
**ЧIужу лъугьунарин чIухIарай бикал.**

РекIеца абуна, дудехун рокьул
Цо хIенехI бугони, гьебги гIолилан.

Рокьи, Божи ва Хьул… Хьул ахиралда
Холилан абураб кициги буго.
Божиги холаро, Хьулги холаро,
Рокьул кьочIол чIимих хутIун бугони…

## ДУН БОЖУЛАРО

Бакъалдаги бегун, къватIул ракьанда,
КвачI чIикIулеб буго берцинаб кету.
Цо ишалъе унев вукIинги кIочон,
Валагьун хутIана лъикIалан мехалъ.

Нуж жиндир гурилан, рохьдолъ корокун,
Куц, кьер хисизабун, тIанчIи чIвалилан
Цо лъицаялиго бицун букIараб
РакIалде щун, рахIат хвана дир чорхол.

Дир рахIат хвей гьелда бичIчIараб гIадин,
БетIер борхун, чIухIун дихъ балагьараб
Катил бераз дида гьарулеб буго:
Гьеб гьересиялда мун божугеян.

## РАЧIА…

– РачIа рокьул бицине,
Берцинлъиялъул Къирал.

– Рокьуда кьаву чIвана –
ЧIегIерлъана дуниял!

– РачIа хIалтIул бицине,
Алжаналъул ХIурулгIин.

– ХIакимасе хIеличIо –
ХIалтIудаса гетана!

– РачIа гIарцул бицине,
ГIуммаханасул бика.

– ГIарцулъ тIерхьун йикIана –
РекIел мурад тIубачIо!

– РачIа… сундул бицине?
– Сундулниги бицунге.

Цо дур гьими гIун бугин,
ГIагардегIан къай диде!

## МОЦI ПАШМАНГО БУГО

МоцI пашманго буго, щибдай лъугьана?
Унго, гьелда макьилъ цебе тIамундай,
Ихдал бараб гIазул тIеренаб гъаталъ
Гъаримлъизабураб тIогьолаб бахча?

*** * ***

**ДутIа цо лъиениги**
**Налъи бугеб батани,**
**Гьеб бецIилелде дуца**
**Дурго напсалъе налъи**
**ЛъугIизабун лъикI гурищ!**

*** * ***

**Мун лъикIав, камилав шагIир ватани,**
**Калам къокъ гьабизе хIаракат бахъе,**
**КучIдузул къадарги дагьлъизе гьабе.**

*** * ***

**Гьакълилги кванилги гIорхъи бахани,**
**Расги букIинарин ракIчIун вугони,**
**БетIерги унтула, чехьги унтула.**

*** * ***

**Ццин бахъун, вихъулев вугеб мехалда:**
**«Цо, кIиго, лъабго…» – ян рикIкIине лъугьа,**
**АнцIиде щвелелде ццин гIодобцуна.**

*** * ***

**Дур кIалдиса гьоцIо кида бецIцIулеб,**
**Каранда цIа лъурай еэдулаго!**
**ГьоцIо цIамудаса кида кьогIлъулеб,**
**ЛъачIого цогидай рехсон ятидал!**

*** * ***

**ГIадамасде гIажал гIагарлъизаби –**
**Огь, гIаркъил «баракат» бугин абула.**
**ГIантлъи-гьаглъиялде гьев вачунеб жо –**
**Огь, гьалагаб рокьи бугин рикIкIуна.**

*** * ***

**Дурго гьел пикрабазул**
**Камиллъи лъазе гьабе –**
**Гьез малъунин лъугьунеб**
**Дур лъикIабги квешабги.**

*** * ***

**Меседил тIагIелалда**
**Кьаву чIван батуларо,**
**Ралъдал тIинда хIарулъ къан,**
**Къарнабаз хутIаниги.**

ХIарамзадаязул бо
Бохулареблъи лъала,
ЛъикIаб гIамал бугесда
Рогьобалъул тIанкIги лъун.

## ЦIАР ГIАХЬАЛАБ ЦIВА

Зодихъ цIвабзазда гьоркьоб
ЦIар гIахьалаб цIва буго,
Диргун вацлъи лъазабун,
ЛъикIлъи чанги гьабуна,
Чара къосиналдаса
Чанги ворчIизавуна.

Гьаб рокьул айгъир кьолон,
Духъе вачIунев вуго,
Духъ ккараб гIищкъуялъ дун
Мажнунлъун лъугьун вуго.
Мекъи ккун, нух къосани,
Гьелъ щвезавилародай?

## БОКЬУЛА… БОКЬУЛАРО…

Бокьула рогьалилъ роцIун букIине,
Бакъул чIораз кьолеб хинлъи цIикIкIине.
Хасалоги хинал къоял рокьула,
Ракьалде хIулулеб гIазу бокьула.

Магъилъ мокъокъазул къва-къвай бокьула,
Хуриб чIоролазул чIир-чIир бокьула.
Рохьоб бугьудулеб рузил гьаркьихъе
Макьу щун кьижарал сардал рукIуна.

Росда цебе бачIун, чехь унтараб цер
ГIодулеб рагIани, хIал хисула дир.
ХIатIазда цебесан шурулеб борхьил
Хьир-хьири рагIани, гIунун хутIула.

Бокьула хириял вацазул сипат
Макьилъ цебе тIамун, тIуркIун ворчIизе.
ТIаде юргъан бачун, бецIлъукьги вахчун,
Гьезулгун харбида хивалаз ккевезе.

«ДахIадада», – абун васасул тIанчIи
АскIоре рачIине бокьула дие.
Гьезул рагIул хинлъи херлъараб чорхолъ
Халатккун хутIизе бокьулеб куц щиб!

Телефоналдасан тохлъукье васас
ХIалтIуде ахIизе бокьуларо дий,
Росолъ чи хванилан хабар батилин,
Зигараялъ ине къачIан ватилин.

…Дие бокьулебги бокьуларебги
Чанги жо батила, бицун пайда щиб,
КIиялдаго гьоркьоб кьотIасан хьвадун
ТIамулеб бугелъул тIолабго гIумру!

## ДИЕ НАСИБЛЪАНА ДОЛ РАКЪУЛ СОНАЛ

Рагъдаса хадусел дол ракъул сонал
Насиблъана дие лъимерлъудаго,
Нусго гъурущалде цо къали гIатIал
Бириб базаралда босизе кколел.

Киназего гьедин гIахьалаб хъагIи
ХъатIиларищ нижер хъизамалдаги.
Дида гьеб гьанжеги ракIалде щола,
Чадил къимат гьечIеб заман бачIиндал.

ЧIобогояб гIорто кодоб ккун, эбел
ГIодулей йикIана инсуда аскIой,
Рущи гIатIал гьечIин цогърол тIивуниб,
ГIункIкIал расандулел ругин тIиналда.

Нижер тIаса рокъой гьеб заманалда
Квартирант йикIана ПатIимат-эбел –
ГьоцIалъа гьайбатай гIолохъанчIужу,
ТIагьада школалъул учительница.

Росолъ специалист йигин гьелъие
Пуд ролъул кьолаан щибаб моцIалъе.
Щибаб шамат къоялъ ПатIимат-эбел
Рокъое унаан эбел-инсухъе.

Гьайгьай, нуцIаги элъ рахалароан,
Эбелалъ букъараб безил таргьиниб
ХутIараб ролъ букIин лъалев инсуца
ГIорто цIезе айин абуна гьелда.

Эбелалъе кинго гьеб къабуллъичIо,
ГIумруялъ щибниги бикъичIин абун.
Мунагьал чураяв эмен гьебмехалъ
Живго ине ккана гьеб «цIогь» гьабизе.

Дванкан эбелалда цебе гIорто лъун,
Ццин бахъун къватIиве унев вукIаго,

Кавудухъе щведал лъазабуна гьес
Кванaзе ахIизе вас витIугеян.

Каву къан къватIиве эмен аравго,
ГIек-гIекун гIодана мунагьал чурад.
Щай гIодулейилан дица гьикъидал,
Гьеб бичIчIизе мун гIун гьечIин абуна.

## РОСУЛЪЕ КАГЪАТ

*(ЦIарал хисизарун руго)*

РакI-ракIалъулаб салам
Дир мадугьалзабазде:
МустIапал Гьашимиде,
Гьесул лъади Залмуде.

Дун нужехъ урхъун вуго,
ГIагаразухъ гIадинан.
Нуж ракIалде щвечIеб къо
КъанагIатаблъун ккола.

Гьашим, гьанже дие мун
ГьитIинав вацлъун вуго.
Залму дие цеего
Яц гIадин йикIин лъала.

ГIадамазда гъорлъ гIамал
Рекъаралги нуж руго.
ГIаданлъиялъул байрахъ
Борхаралги нуж руго.

Нужер ккурал кIалалги
Къабулаллъун ратаги,
Гьабураб садакъадухъ
Кири цIикIкIинабеги.

Дир вацазул хабатIе,
Гьоркьо-гьоркьов а, Гьашим.
Цояв дуда бащадав
ВукIаравлъи кIочонге.

Гьаб нагIана батаяб
Тушманалъ – давлениялъ
МагIарухъе вахине
Нухал къан руго дие.

ДугIадулъ нуж рехсола,
Аллагьасда гьардола,
Нужер цохIо лъикIлъиги
НуситIе бахагиян.

«ЛъикIав мадугьаласе»
Медаль биун тIунани,
ТIоцере гьелъие нуж
МустахIикъал рукIина.

## ЦИХIИНКIУТI

Бачал кванaзаризе
Сагаялде ритIулеб
ГIужде рахараб цо тIел
БукIана лъимерлъуда.

Лъаларо лъихъа ва кин
Щолеб букIарабали,
Танхьил хъалиян цIазе
Ругьунлъарал рукIана.

Росдал къубдуз гьабураб
ЦIагIел къватIибе бахъун,
РекIине гьабулаан
Гьез хъалияналда цIа.

**Жидер цIагIел цихIинкIутI**
**Бугин чIухIун кIалъалел**
**Васал камулароан**
**Гьеб агьлуялда гьоркьор.**

**Гьелъул магIна букIана,**
**Цо нухалъ мачIуялда**
**КIутIидал, цIа пирхулеб**
**ЛъикIаб цIагIел бугеблъи.**

**ЦихIин гIинда кIутIидал**
**РекIелъе лъугьун унеб**
**Асар лъезе анищ дир**
**КочIол щибаб жугьадулъ.**

## ЧIИРЧIИР-ЧIОРОЛО

**ЧIирчIири, чIирчIири – чIирчIир-чIороло,**
**ЧIалгIунарищ дуда гьеб цого бакъан.**
**Дур чIирчIир рагIидал, ракIалде щола,**
**«ЦIарги, цIваги, цIаги» – цого рагIаби**
**КучIдузулъ херхунев халкъияв шагIир.**
**Сардилъ бугьудулеб рузил гьаркьилъги,**
**ЛъикIго балагьани, батула магIна.**
**Гьесул асаразул магIна босизе**
**Сирру-ррабан лъалев чи къваригIуна.**

* * *

**Дун духъ урхъун вуго, духъ чIалгIун вуго,**
**ЧIалгIаде къокъунел къоялги руго.**
**Къункърабазул тIелал тIасан унаго,**
**ТIоцебесеб дандчIвай бачIуна цебе.**

**БукIинчIищ, хирияй, хасалихълъи доб,**
**Доба рикIкIалъуда гьанже хутIараб?**
**РакIалде щоларищ, ахикь гъутIбузул**
**ТIогьилаб меседил къирщи хIатIазукь?**

**Меседилкьераб дур ботIрол каралда**
**Кверал тIад хIеренго рахъулеб гьури.**
**Гьайбатаб гьурмаде кунчIи рехизе**
**Мех-мехалъ накIкIукьан баккун шагьримоцI.**

**РакIалде кколаан, талихIалъ къвал бан,**
**Къокъинин гIумрудул гIемерал сонал.**
**Къаникье инегIан къотIизе гьечIин**
**Къаси нилъ мехтараб гIищкъудул гьулчи.**

**Къисматалъ нилъеe къор гъун батана,**
**Къадар букIун буго нилъ ратIалъизе.**
**Къана нилъер талихI, рикьана нухал,**
**Ралъдал кIиго рагIал – огь, насиблъана!**

Лъаларо дур гІумру кин арабали,
Россасдасан талихІ щварабищали.
Амма дир гІумрудулъ гІазаблъун ккана
Дур гьимиялдаса махІрумлъун хутІи.

ГІурусазул кици: «Мир тесен!» – абун,
Ралъдал гьаб рагІалде тІадюссарай дур
ХІохьел чІвалеб буго, гьанивго хутІун,
Херлъи гІагарлъарав гІажизав дида.

ЯчІа, дир хирияй, дунгун дандчІвазе,
Доб гъотІокь букІараб ракІалдеги щун.
Щиб лъалеб цІидасан щурщудилеблъи
Нилъер ракІазулъ доб рокьул карачел!

## НУХЪАГИ ГЬУРИГИ

Гьуригун багъулеб бихьулищ нухъа?
Балагье гьелъ куркьбал кьабезарулел!
Балагьаб гьороде данде къабукъун,
Къуркьи гьечІеб кьалде лъугьун буго хІинчІ.

ХІалихъе зодихъе бахъула гьелъ нух,
Гьороца цІал кьабун, цІала гьеб нахъе.
Нахъойги кьабг1ола чІегІерал куркьбал,
ЧІегІераб гуллалъун уна гьеб боржун.

Амма гьорол къуват хІалкІояб буго,
ХІанчІил рухІ дагьлъана, куркьбал свакана.
Кьурулъа бортараб гьорчо кинигин,
Бортун ана нухъа бецІаб кІкІалахъе.

Набил азбаралъуб Аргъутил рахас
Зигардулеб буго, звargъолеб буго.
Аргъутги, къваридаб рукІнибе кІанцІун,
КІохІалго, хІинкъадго гъанцІдолеб буго.

Гъабуда даларал цІолбол хьопалги
ХьвагІолел рихьула, тІанхазда гьорлъан.
ГъотІодаса гъарал гъаримал гІечал
ГъунчІван гирун ана, рахънир рахчана.

Горду къирун къватІив валагьарав дир
Нахъойги кІутІана нухъаялда бер.
БецІаб кІкІалахъахун боржунги бачІун,
Бурангун багъулеб буго гьанжеги.

**Гьаб нухальни нухъа, нахъе къачIого,**
**Гьорол сангар гIанлъун ана эхеде.**
**Дир къисмат бихьулищ, бихьинчийилан,**
**Диде куркьбал хьвагIун, ана гьеб тIерхьун.**

## ХЕРЛЪИ – ТОХЛЪИ

**Херлъи – гьвелъийин абун,**
**Кици бугонаниги,**
**Гьеб пикру дир рекIее,**
**Гьайгьай, къабуллъуларо.**

**Гьве хIапдола, хIанчIола,**
**Гьвеца балкан кванала.**
**Инсанасулъ гьечIелъул**
**Гьединал хасиятал.**

**Херлъи – тохлъи бугилан**
**Аби битIун букIина,**
**Гьединаб кицигицин**
**Ургъаниги бегьила.**

**Байбихьуда тохлъиялъ**
**ГIемер гIазаб кьоларо,**
**ГIагаразеги гьелъул**
**ЗахIмалъи цIикIкIунаро.**

**Тохлъи кьаралъун ани,**
**Кьалбалги гъварилъани,**
**ГIантлъиялде сверула:**
**ГIазан Аллагь! ЦIунаги!**

## САБРУЯЛЪУЛ ГЬУЛЧИЯЛЪ ССВИНАБУЛА ЦЦИДАЛ ЦIА

**Араб нахъбуссинаро,**
**Ссвараб цIа рекIинаро,**
**Сабруялъул гьулчиялъ**
**Ссвинабула ццидал цIа.**

**Цо дир «лъикIай» гьудулалъ**
**Гьабураб «гьунаралъул»**
**ХIакъалъулъ кечI хъвазе дун**
**КагътитIе къулун вуго.**

**Елъа-йохун йикIана,**
**КIутIбузулъ гьими буго,**
**Гьадинаб сордо дие**
**Сундухъилан дун вуго.**

**Дербенталъулаб чогърол**
**Бокалал цIезаруна,**
**ЦIияб сон талихIаблъун**
**Лъугьагиян гьекъана.**

**Огь, гьеб букIун бугоха**
**Гьоркьоблъиялъе къор гьей, –**
**Гьаб нилъер ахирисеб**
**ДандчIвай бугин абуна.**

**Гьелъул гьурмал кьер тIечIо,**
**«ТIаса лъугьа», – абичIо,**
**Беразул тIелхазда тIад**
**ТIанкI риччелалъул гьечIо.**

**Жиризабун кIалгун гьей**
**КIалъалей йиго дида:**
**Жий анкьго къоялдасан**
**Россасе ине йигин;**

**АнцIила микьабилеб**
**Соналъул январалъул**
**Анлъабилеб сордоялъ**
**Дуе жий хилиплъулин.**

ГIаданиб нах гьалдана,
БотIрол рас бахъун чIчIана,
Нусабгоги дир лага
Сородизе лъугьана.

Цебеги цо гIаданалъ
Дун гуккулев вукIин лъан,
Гьелъул бицараб кочIолъ
РукIана гьал рагIаби:

«Гьайбатаб роза тIогьол
Хъархъида гъоркь бахчараб
Борхьица хIетIе хIанчIун,
ХIалбихьи щун буго дий».

Гьеб хIалбихьиги дарслъун
ЛъугьинчIеблъи лъан дица,
Дербенталъулаб чогърол
Бокалал цIезаруна.

ЦIорояб дир кIалалда
КIвечIо буцIцIухIун чIезе:
– Кинаб кIкIараялъ дуда
ХIанчIараб? – ан гьикъана.

– Дида хIанчIараб кIкIара
Гьаб дур мискинлъи буго.
Дуца гIайиб гьабуге,
Гьеб дий дандекколаро.

Дуда цадахъ дир гIумру
ГIадада унеблъи лъан,
Дудаса ятIалъизе
ТIамулеб гали буго.

Духъе ячIунеб мехалъ
Такси ахIизе ккола,
Дун ячуней чиясул
«Бентри» машина буго.

МоцIица хIалтIун дуе
Щолеб харжалъул гIарац,
ЦохIо нухалъ гIодов чIун,
Рестораналда тола.

Нижеца гьацIулаб моцI
Богемазда тIамила,
ТIадруссун дорасанго
Доб Франциялде ина.

Парижалда гIагарлъухъ
КIудияб кIалгIа буго,
Сенаялда лъедезе
ЛъикIаб яхтаги буго.

– КIудияб дармидаса
Мун йохун хутIаги, – ян,
ТIаде вахъун, гьелъие
НуцIа рагьана дица.

ТIадвуссун гIодовги чIун,
Чогъролгун хурхен гьабун,
Ахирги рогьана гьеб
Дир рокьи чIвараб сордо.

Араб нахъ буссинаро,
Ссвараб цIа рекIинаро,
РекIелъ чIор речIчIарасде
ЧIегIераб къо бачIуна.

ЧIахъаги гьаб интернет,
ЦIехела, хал гьабила,
Анищазул «айгъиралъ»
Мерхьун хун йигищали.

## ГЪУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ ЦIА

Хундерил тIалъиялда,
Кинаб росулъ лъаларо,
КIиго гьудул вукIарав,
Цоцазе цIакъ хириял.

Ханасда цебе хатIа
Ккола гьезул цоясул,
Саба меседуй гIадаб
КъотIула гьесий хIукму.

**Хасалил сардилъ вачун,
ГІакаро магІарда тІад
ХІобода вухьун тола,
Гьенив гІунун хвезе гьев.**

**Гьеб тамихІ лъараб мехалъ
Гьудуласда букІараб
ХІал баянлъулеб хабар
ХутІун гьечІин бицуна.**

**Амма чара къосарас
Ургъаралъул хІакъалъулъ
Халкъалда гьоркьоб бицен
ГІасрабаца хутІула.**

**ГІакарода дандбитІухъ,
ТІанусдерил балалъ гьес
ЩІа рекІунебщинаб жо
Данде бакІарун буго.**

**ЩІагІел цадахъ букІуна,
ЩІа рорине гьабула,
Умумуз абухъего,
ГІари гІадаб лъугьуна.**

**ГІакаротІа хІобода
Вухьарав гьудуласул
Гьомер ТІанусибехун
Буссун букІарабила.**

**Гьеб цІа бакарав чиги
Гьудул вукІин лъанила.
РикІкІадасан бихьулеб
ЩІадул хинлъи чІванила.**

**ЩІороялъ лъугьун ругел
ЩІункІулукІал риуна,
ГІунун хвеялъул хІинкъи
ТІаса ун, хвасарлъула.**

**Радалго нуцалица
Нукарзаби ритІула:
ХатІа ккарасул ахІвал
Жинда лъазе гьабеян.**

**ГІакаротІе рахуна,
ГІажаиблъун хутІула,
Расги ккечІого, чІаго
Ватидалха гьазда гьев.**

**Ханасда лъазабизе
Цояв нуха регІула,
Расги зарал ккечІого,
ЧІаго вугин бицуна.**

**Гьев цІакъ гІажаиблъула,
ГІилла лъазе бокьула, –
ГІемерав чи гІунараб
ГІакаро бугелъул доб.**

**Довго нукар витІула
ТІадвуссун гьес магІарде,
ХІободасаги вичун,
Вачун гьевгун рачІаян.**

**Вачун щола хатІачи
Ханасул кІалгІаялде,
Ханас жиндаго цеве
ГІодов чІезе гьавула.**

**ГІунун хвечІолъиялъе
ГІилла щибин гьикъула,
Гьереси бицунгеян
Щцидалаб бер рехула.**

**Гьес битІухъе бицуна
Гьудулас ТІанусдерил
Балалъ бакараб цІадул
Хинлъи чІван, хвасарлъанин.**

**Гьеб хІакъаб букІин лъазе,
Гьудул ахІун вачІуна,
Гьел кІиялго цоцазда
АскІор чІезе гьарула.**

**Гьудуласги бицуна,
Гьереси гьоркьоб гьечІин,
Гьасда хинлъи чІвалин ккун,
Бакун букІанин доб цІа.**

Цо биценалъулъ буго
Ханас сайигъат кьунин,
Цогидалъулъ рехсола,
Ццин бахъун, нахъе гъунин.

Амма аслияб магIна –
Гъудуллъиялъул цIаялъ
Инсан хIакъаб хвалдаса
Хвасар гьавулев вукIин.

## РАЧIА, РОКЬИ ККАРАЛ, ХЪВАЗИН ЦО ГIАРЗА

Къасиги доб гордухъ вахъун чIун вуго,
Кибниги сас гьечIеб сордоги буго,
Килщазукь кковухъе чIимихги буго, –
РечIчIизе бокьичIо, кьижун ятилин.

Тату хун вукIаго, ракIалде щварал
РагIаби ахIана МахIмудил кочIол:
«КагIбарукъ къачIалей къурайшиялъул
Шалил чохтIоялъухъ чара хун вуго».

Къиркъири бахъана къирулеб гордал,
КъватIие яккун, долъ абулеб буго:
«КечI ахIизе цIакъав вукIун вуго мун,
Кавудухъе вачIа, ричIизе инин».

МахIмудил кочIоца лъураб кьотIасан
Нух рагьана дие йокьулелъухъе.
Нижали щиб гурин, къиралзабазе
Рокьул кьо лъурасе лъечIо памятник.

РачIа, рокьи ккарал, хъвазин нилъеца
Аза-азар гъулбас гъоркь бугеб гIарза.
Лъихъе гьеб битIилеб? Лъаларо дида,
Къаси къурайшиялъ бицинародай?

## АНИЩ

ГIемерисеб мехалъ дир гIумруялъулъ
Къварилъи букIуна къайицадахълъун.
«Унти тIагIанилан тIаде вахъани,
Нахъа чIун батула цойгиги гIузру».

Анищалъ жиндирго айгъиралдаса
Гъоркье рещтIинеги виччалев гьечIо:
БецIаб сардилъги гьеб цIвалъун кунчIула,
ЩIадакье ккканани, дугълъун лъугьуна.

Дур бетIер чIахъаяб чIухIараб Анищ,
Дур цIвайил кунчIиги, цIадакь дур дугъги
Дие квербакъизе кватIана чанги,
ЧучичIо дир керен, ккечIо бигьалъи.

Доб дур айгъиралъул кьолониса дун
Гъоркье кIанцIаралги къоял рукIана.
Къисас босизе къасд гьабураб гIадин,
Гьелъ малакьги мерхьун, хьулал чIинтIана.

Дуда ккун батани дур шапакъаталъ
Щвелин мурадалде дунялалда чи.
Дидани ракIалде кколеб бугебха,
Дудасан хвасарлъи насиблъуларин.

Дур бетIер чIахъаяб чIухIараб Анищ,
ЧIалгIунарищ дуда гIадамал гукки?!
Дун гьедулев вуго: дур айгъиралъул
Озденгалъуб хIетIе тIокIаб чIеларин!

## ХIУРУЛГIИН

Гьаб ракьалда хIурулгIин
Мун гурей гьечIин чIани,
ЧIвазегIан ццин бахъина
Цогидал руччабазул.

Гьезул гIайиб-гъвел дие -
ТIохтIе балеб цIад буго,
ЦIорораб дур рагIуца
РекIеда ругъун лъола.

КъватIул харбазда божун,
Хвезабуге гьоркьоблъи.
Гьел дур щакдарабиги
Щущазе гьаре, гьудул.

Гьеб дур берцинлъиялхIа,
Гьеб дур хIеренлъиялхIа,
ХIужа гьечIо, хирияй,
Мун щакдаризе кколеб.

Щибаб дур хIухьелалъул,
ХIайранаб гьимиялъул
Гьуинлъи лъан бугев дун
Довехун кин вуссунев?

Дур цIар дие - цIва буго,
Дур гьумерги - моцI буго,
ЦIуяб жо дир рекIелъе
Лъугьине ресги гьечIо.

Гьаб хIасратаб рокьулъ кьал -
Кьурул рагIал буго дий:
Бокьани – гъоркье тунке,
Бокьани – рекъел гьабе.

Гъоркьан чвахулеб гIурул
Карачелазда къвал бан,
Унеб мехалъ ахIила:
«ХIурулгIин! ХIурулгIин!» – ан.

## ТIУБАН ТIАГIУН УНАРО

**Къадруяб рииялъ къо-лъикI гьабуна,**
**Сардал халалъана, къоял къокълъана.**
**Хасалихълъи щвана, салам кьун, тIаде,**
**Гьале жиб гьоболлъухъ бачIанин абун.**

**Хулжал цIун босараб цIорой ракьалде**
**БитIизе байбихьун буго гьелъ гьанже.**
**ЦIороялда цадахъ гьуралги руго,**
**Гьез гъутIби гIицIлъизе гьарулел руго.**

**Сентябрь моцI ана, октябрь бачIана,**
**Сородулеб буго гъотIотIа тIамах,**
**Жиндие гIагараб гIаркьелалдаса**
**БатIа тIун букIине бокьун гьечIилан.**

**Гьелда лъалеб буго, гIодобе бортун,**
**ТIубан тIагIунеблъи дунялалдаса.**
**Амма инсан тIубан тIагIун унаро,**
**Черх гуребги, рухIги кьун буго гьесий.**

*   *   *

**Янгъизлъиялъ лъилниги**
**РекIее рохел кьечIо.**
**Гьеб гIузруялъе дару**
**ГIалимзабаз ургъичIо.**
**Гьединлъидал гуребищ,**
**ТIупан тIураб мехалда,**
**НухIил гамида жаниб**
**Бихьинабги цIуябги**
**Цоцалъ рекъон букIараб?!**

*   *   *

**Бакъул гордуялъул мицIир чIинкъула,**
**Щобде нахъе щинкIун унеб мехалда.**
**Гьедин мукъсанлъула нилъер къадруги,**
**КъабихIал къасдазул къурбанлъун ккедал.**

*   *   *

**ЧIужугIаданалъул гьайбатлъи сундулъ?**
**Гьелъул илагьияб хIеренлъиялъулъ!**
**Бихьинчиясул яхI сунца борцунеб?**
**Бараб ахIулъ гьесул бахIарчилъиялъ!**

ХIеренлъизе лъалей лъади насиблъи –
Рос лъикIав вукIиналъ щолеб шапакъат.
БахIарчилъи гьечIев чIужумахIие
ЧIегIераб ракьулъе инго маслихIат.

* * *

Замана! Замана! Дур гIажаиблъи!
ГIадан хадув гъолеб гIамал гьечIо дур.
Щивго вокьуларо ракьалда дуе,
Рокьукълъиги гьечIо лъидехунго дулъ.

Гьаб дуниялалда вижанщинав чи
Дуца тIовитIула ахираталде.
Цоял накълулъула лъалкIцин течIого,
ТалихI бугелазул цIар-рецц хутIула.

## БИЩУНГО…

Цо гIакъилав херасе
АнцIго суал кьун бугин,
ГIенекке нуж гьесдасан
РагIарал жавабазухъ:

– Бищунго лъикIаб гIамал?
– ГIумру ритIухъго тIами.
– Бищунго квешаб кинаб?
– Гьерсилгун гьудуллъи кквей.
– Бищунго гьуинаб щиб?
– РекIелъе лъугьараб хьул.
– Бищунго захIматаб щиб?
– Чияр бальголъи цIуни.
– Бищунго талихIав щив?
– Щваралде шукру бугев.
– Бищунго талихIай щий?
– Россас ецщулей лъади.
– Бищунго пакъирав щив?
– Пикру гьодорав шагIир.
– Бищунго инжитав щив?
– Иман рекIелъ гьечIев чи.
– Бищунго сундаса нилъ
Рохун рукIине кколел?
– Херлъараб мехалъ чорхолъ
Сахлъи хутIиялдаса.
– Бищунго гIумруялъулъ
Пашманлъизе кколеб жо?
– ГIибадат загIиплъулеб
ГIузру чорхолъе лъугьин.

## ЧИЛЪИГИ ЧУЛЪИГИ

«Чилъи» буго чиясул
КIалдиб ругьунаб рагIи.
«Чулъи» абураб рагIи
Хъвараб бакIцин батичIо.

Чорхолъа чилъи арав
Чи чанги вуго гьанже.
Амма чулъи чуялъулъ
Гьеб хвезегIан хутIула.

Чиясе бокьуларо
Чияс малъун хьвадизе,
Амма чуялъе гIола
РекIарасул рагIадцин.

* * *

**РагІул гІадлу гІечІесе**
**ТІилил гІадлу гьабуге.**
**ТІом биццалъун бугелъул,**
**Унти лъаларо гьесда.**

* * *

**Рокъоб бецІго буго, къваридго вуго,**
**Къаси рогьинегІан кин гьеб хІехьелеб?**
**КанахІехьалдаса цо гІучІги къотІун,**
**Гьелда цІа бакизе кантІулев гьечІо.**

* * *

**ГІелму-лъай цІикІкІанагІан**
**ГІакълу дур камиллъула.**
**ХІалтІул хІасилаздалъун**
**ХІурматги насиблъула.**

**Дуе щолеб шапакъат –**
**Къисматалъул сайигъат.**
**Дур ишазулъ икъбал ккей –**
**Аллагьасул баракат.**

* * *

**Росдал годекІанив дун вугеб мехалъ,**
**Дида аскІов гІодов чІарав чиясе**
**ВачІун цояс руго гІакълаби кьолел,**
**Гьедин бегьуларин, гьадин хьвадейин.**

**Гьас гьикъулеб буго гьесдехун вуссун:**
**«Гьединал гІакълаби гІадахъги росун,**
**Дунялалъул рокъов дунги хьвадизе,**
**Дур гІакълу щай дуца дие кьолареб?»**

**Дун хагазавуна гьасул суалалъ,**
**ХутІана дир рекІелъ тІолго гІумруялъ.**
**Гьав росуцоясул гІакъиллъиялъул**
**Къуваталъе дица къулана бетІер.**

## ГІУРУЛ КАРАЧЕЛАЗ…

**ГІурул карачелаз, гьулчунги рачІун,**
**РицІцІигъотІол гъалал чурулел руго.**
**ЖахІда ккун, жагадул гъветІалъ абуна,**
**Жиб дудаса гІемер берцинаб бугин.**

Жаваб кьун, кIалъана гьелда рицIцIигъветI:
«Берцинлъи-сурукълъи дида лъаларо,
Бищун хIеренаб гъветI бугин дунилан,
Дие рецц гьабула гьаниб гIадамаз,
Гьанисан чвахулеб гIурул лъадада
Лъурлъудизе лъалин гьал дир гъалазда».

* * *

«Радал баккулеб бакъ дир къвалакь буго,
КъватIул рагIабазухъ гIенеккуларо…»
Гьедин ахIулаан кечI магIарулалъ
Лъабкъого-ункъого лъагIелалъ цебе.

Радал баккулеб бакъ къвалакь букIине
КъваригIунеб гьечIо цо-цо ясазе.
Бечелъиялъ къадру борхун бугезул
Къвалакье лъугьине къабуллъун руго.

КъватIул рагIабазухъ гIенеккуларин
Абизе ихтияр букIана долъул.
Чияда хадуй ун, «гъунар» гьабуни,
Гьанже лъолеб гьечIо рогьобалъул тIанкI.









Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - ПМ962

# Гьудуллъи

